гIайгIа хила يحزن ، يغتم

хьан хьолан гlайгlа хилла lаш ву со أنا قلق بسبب حالك

цуьнан даг чу гlайгlа йоьлла انتابه غمّ

дуьненан гlайгlанаш дукха ю هموم الدنيا كثيرة

гlайгlайоцуш ваха يعيش بلا هموم

гlайгlайоцург парглат веха الخالي من الهموم يعيش براحة

гlайгlанӏе {ghaighanę} حزين ، مهموم ، مغتم



гlайгlане ву со أنا مهموم

гlайгlане вожа يغتم

гlайгlане хаам خبر أو نبأ محزن

гlайкх (ду) -аш ду {ghaikx}[-ан, -ана, -о] (оьр. лодка) قارب гlайкх

гlаймакх (ду) -аш ду {ghaimakx}[-ан, -на, -о] قِشدة غير جامدة (كالتي تكون فوق الحليب المغلي)

шури тlера гlаймакх схьаэца ينزع القشدة من على الحليب

гlайна (ду) {ghaina} (тоьгуна)

гlайракх (ю) -аш ю {ghairakx}[-ан, -на, -о] (диг ирден гlирс) حجر السنّ الرملي (الخشن)

гlайре (ю) -наш ю {ghairę}[-нан, -нна, -но, -га] (оьр. остров) جزيرة

гlайси (ю) гlайсеш ю {ghaisi}[-н, -на, -но, -га] (якъийна туьркаш ю) مشمش مجفّف

гlакх (ду) гlаькхнаш ду {ghakx} (оьр. мишень) الدَّريئة (حلقة أو دائرة يتعلم عليها رمي السهام ونحوه)

гlаккхар {ghakkxar} (гlаккхарг)

гlаккхарг (ю) -аш ю {ghakkxarg}[-ан, -ана, -о] (агlор хьуьйсуш бlаьргаш берг) أحول

гlала (бу) гlелий ду {ghala}[гlелан, гlелана, гlело] (стен сай) (оьр. ланка) أنثى الأيل

гlа̲ла (ю) -наш ю {gha̲la}[гlа̲лин, гlа̲лина, -но] مدينة ، قلعة ، قصر



гlалин йист ضاحية المدينة

гlала йилла مدينة (ينشئ) يبني


паччахьан гlала قصر الملك

со гlалахь (гlалитlехь) вехаш ву أنا أعيش في غروزني гlакх

гlа̲лагlа̲зкхи (ву,ю) -й бу {gha̲laghaz̲kxi} أحد أفراد القوزاق الذين بنوا القلعة وسكنوها

гlа̲лакх (ду) -аш ду {gha̲lakx}[-ан,-на,-о,-е] أداة معدنية لتحريك الخبز ونحوه أو إخراجه من الفرن

гlа̲ларт (ду) -аш ду {gha̲lart}[-ан, -ана, -о] شبح ، خيال ، طيف



адаман гlаларт خيال إنسان

геннахь гlаларташ хаалора أشباح كانت تتراءى من بعيد

гlа̲лат (ду) -аш ду {gha̲lat}[-ан, -на, -о] خطأ ، بالخطأ ، من الخطأ

гlалат ва̲ла يخطئ

цу тlехь гlалат велира со أخطأت في ذلك гlала

гlалат да̲ла خطأ (يحصل) يحدث

гlалат ву хьо أنت مخطئ

гlалаташ нисдан يصحّح الأخطاء

доккха гlалат делира соьгара صدر مني خطأ كبير

гlа̲латдо̲цуш {gha̲latdo̲cush} بدون أخطاء

гlалатдоцуш яздан يكتب بدون أخطاء

гlалатло (ю) -наш ю {ghalatlo}[-нан, -нна, -но] (оьр. ошибочность) غلطة ، سهوة ، هفوة

гlалатло елира соьгара صدرت مني غلطة

гlалахо (ву,ю) гlалахой бу {ghalaxo}[-чун, -чунна, -чо] ساكن المدينة

гlалгlо (ву,ю) гlалгlой бу {ghalgho}[-чун, -чунна, -чо] أنجوشي (أحد أفراد الشعب الشعب الأنجوشي ويعيشون في منطقة أنجوشيا ولغتهم قريبة جداً من اللغة الشيشانية)

гlалгlойн (гlалгlайн) мотт اللغة الأنجوشية

гlалида (ву) гlалидай бу {ghalida} رئيس البلدية

гlалмакхо (ву,ю) {ghalmakxo}[-чун, -чунна, -чо] أحد أفراد شعب الغلمق وهم يعيشون في السهول الشمالية على حدود الداغستان وديانتهم بوذية

гlалмакх-чай شاي الغلمق (نوع شاي دارج في الشيشان يؤتى به من بلاد الغلمق)

гlалх (ду) {ghalx} صوت الكلب عند القتال

гlам (ду) гlемаш ду {gham}[гlоман, гlомана, гlомо] ساحرة (في الحكايات)

гlама (ю) -наш ю {ghama}[-нан, -нна, -но] سيف مستقيم ذو حدين وله واق دائري للمقبض

(оьр. прямой меч , обоюдоострый с круглым щитом)

гlамара пхьагал (ю) {ghamara pxhagal} (оьр. тушканчик) (лаьттан пхьагал) يَربوع : من الفصيلة اليربوعية ، صغير على هيئة جرذ وله ذنب طويل ينتهي بخصلة من الشعر وهو قصير اليدين طويل الرجلين.

гlамаран сахьт (ду) {ghamaran saxht} ساعة رملية

гlамарш (ю) {ghamarsh} رمال جمع لكلمة гlум

гlам-гlим (ду) {gham-ghim} غمغمة ، تمتمة

гlам-гlим дан يغمغم ، يتمتم

гlаммагlа (ю) -ш ю {ghammagha} (оьр. персик) (шаптал) درّاق أو شجره

[гlаммагlин, гlаммагlина, гlаммагlо]

гlан (ду) гlенаш ду {ghan}[гlенан, гlанна, гlено] حلم ، منام



гlамаран сахьт

хаза гlан حلم جميل

гlан ган يحلم حلماً، يرى مناماً

гlенаш ган يحلم أحلاماً

гlан тида يفسّر الحلم

гlан туьду жайна كتاب تفسير الأحلام

гlан-набарш أضغاث أحلام

суна цхьа гlан гира رأيت حلماً ما

диканна хила / хуьлда! عساه خيراً (عبارة تقال رداً على الجملة السابقة)

гlант (ду) -аш ду {ghant}[-ан, -ана, -о] كرسي ، مقعد

кlеда гlант كرسي وثير

гlантан гlовла (букъ) مسند الكرسي


гlанта-баl (бу) {ghanta-baj} (бецан цle) نوع نبات من فصيلة نبات راعي الحمام

гlап (ю) гlепаш ю {ghap}[гlопан, гlопана, гlопо] 1- حصن خارج المدينة لحمايتها من هجوم مفاجئ

2- حزام عريض من قماش أو معدن ذو جيوب يوضع فيه الرصاص

(оьр. 1- застава 2- патронташ)

гlап-аьлла охьакхета يسقط محدثاً دوياً



гlара (ю) гlарош ю {ghara} ضجة ، ضجيج ، غوغاء ، دوي

гlара ян يثير ضجة ، يصخب ، يدوي гlап

гlара ма е! لا تصخب

гlарадаккха {gharadakkxa} يجعله شهيراً (فعل للمفرد)

гlарадала {gharadala} يشتهر ، يذيع صيته (فعل للمفرد)

вайн мохк нефтаца гlарабаьлла бу بلدنا مشهورٌ بالنفط

гlарадалар (ду) {gharadalar} شهرة (مصدر)

гlарадаьлла {gharada'lla} مشهور ، شهير

гlараваьлла яздархо كاتب مشهور

гlарадовла {gharadawla} гlарадала فعل للجمع من

гlарбаш (ю) -аш бу {gharbash}[-ан, -на, -о] (оьр. рабыня) أمة ، جارية

гlарбу (ду) {gharbu}[-н,-на,-но,-га] (вертанан lаьржа басар) صبغة سوداء لتلوين الورت

гlаргlа (ду) гlаргlеш ду {ghargha}[-нан, -нна, -но] شجر الحَوْر الهرمي

(акхтарган тайпанара дитт) (оьр. тополь пирамидальный)


гlар-гlир дан {ghar-ghir dan} يهدر ، يدوي (لمحرك أو ماكنة ما)

гlаргlули (ю) гlаргlулеш ю {gharghuli}[-н,-на,-но,-га](оьр. журавль) غُرنوق (غرانيق) : طائر مائي أبيض طويل السّاق جميل المنظر له قنزعة ذهبية اللون ، وهو من الطيور المهاجرة وتطير مجموعته بشكل رقم 7

гlарлу (ду) гlарлуш ду {gharlu} أداة لتنظيف سكة المحراث عند فلاحة الأرض الرطبة

[-н, -на, -но, -га] (хьонхал цlандеш лелош йолу хlума ю)

гlарол (ду) -аш ду {gharol}[-ан, -ана, -о] (оьр. сторожевой пост) مخفر 2- خفر ، حراسة 1-



гlарол дан (ха дан) يحرس ، يخفر

гlарол хlотта يقف للخفر أو للحراسة

хlордан гlарол خفر السواحل

гlаролхо (ву) {gharolxo}[-чун, -чунна, -чо] خفير ، حارس

гlарт (ду) гlаьрташ ду {ghart}[гlаьртан, гlаьртана, гlаьрто] ورك

гlарт-аьлла {ghart-a'lla} بهمّة عالية

гlарта {gharta }[гlаьрта, гlаьртира, гlаьртина] ينفتح ، ينفرج على مصراعيه гlаргlули

гlар-тата (ду) {ghar-tata} جلبة ، صوت

гlар-тата доцуш гучувелира со دخلت دون جلبة

гlарто {gharto}[гlартадо, гlартийра, гlартийна] يفتح على مصراعيه

гlартхоттe (ю) {ghartxotte} (оьр. крестец – анат.) العظم العجزي (تشريح)

гlарчl {gharch'} اصطكاك

цергашка гlарчl дайта يجعل الأسنان تصطك

* гlарчl-аьлла стаг ву иза هو رجل بمعنى شديد

гlатта {ghatta}[гlотту, гlаьттира, гlаьттина] ينهض ، يقوم ، يهب ، يُقلع ، يثور على (فعل للمفرد)

хьалххе гlатта! ينهض مبكراً

гlаттам (бу) {ghattam}[-ан, -на, -о] (оьр. революци) ثورة ، انتفاضة ، تمرد

гlаттамхо (ву) {ghattamxo}[-чун, -чунна, -чо] ثائر ، متمرد

гlаттар (ду) {ghattar} نهوض ، قيام ، تمرد (مصدر للمفرد)

гIаттийна {ghatteena} مفتوح على مصراعيه

нel гIаттийна ю الباب مفتوح على مصراعيه

бага а гIаттийна فاغراً فاه

гIатто {ghatto}[гIаттадо, гIаттийна] يُنهض ، يقوّم ، يثير ، يفغر ، يفزّع ، يجعله يثور (فعل للمفرد)

меттара гIатто ينهضه من فراشه

бага гIатто يفغر فاه

орца гIатто يفزّع (أحداً ما) للنجدة

чан гIатто يثير الغبار

дуьне гIатто يقيم الدنيا



гIашлойн некъ

гIаш 1(ю) {ghash} (оьр. шаг в сторону) السّاقان في وضع جانبي (تفحيج)

гIаш гIатто يباعد بين ساقيه

гIаш юккъе сара а боьллина беречух тарвеллера وضع عوداً بين ساقيه متشبّهاً بالفارس

гIаш 2 {ghash} مشياً ، على الأقدام

гIаш ваха يذهب مشياً

гIашдерг {ghashderg} ورقي ، ذو أوراق

гIашло (ву,ю) {ghashlo}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. ходок) 1- ماشٍ ، راجل (رجالة)

2- مشّاء (كثير المشي) (شخص كان الفلاحون يختارونه ليرسلوه من أجل أمرٍ ما لقدرته على المشي)

гIашло дошлочунна накъост вац لا يمكن أن يترافق الراكب والراجل

гIашлойн {ghashloin} للمشاة

гIашлойн тIай جسر للمشاة

гIашлойн некъ طريق للمشاة

гIашлойн эскар جيش مشاة



гIаьт

гIаш-некъ (бу) {ghash-neq} طريق مشاة

гIашсалт (бу) {ghashsalt} سلاح المشاة

гIашсалти (ву) -й бу {ghashsalti} جندي مشاة

гIаькхнаш (ду) {gha'kxnash} гIакх جمع لكلمة

гIаьрташ (ду) {gha'rtash} гIарт جمع لكلمة

гIаьт (ду) -анаш ду {gha't} (оьр. этаж) طابق . طبقة

диъгIаьт бIов برج من أربع طوابق

гIебарто (ву,ю) {ghebarto} (оьр. кабардинец) أحد أفراد شعب القَبرطاي وعاصمتهم نالتشيك

гIезало (ву,ю) {ghezalo}[-чун, -чунна, -чо] أحد أفراد شعب التتر الذين يعيشون ما بين البحر الأسود وأستراخان وآسيا الوسطى

Гlезалойн мохк (оьр. Татария) تترستان

гIезаш (ю) {ghezash} гIаз جمع لكلمة وزّ

гIезаш-гIезаш (гIезашка кхайкхар) عبارة تقال عند نداء الإوز

гIела (ю) {ghela} (оьр. марал) نوع من انواع الأيائل

гIелдала {gheldala} يضعف ، يهن ، يُنهك ، يفقد قواه ، يتعب ، يكلّ

гIелдалар (ду) {gheldalar} ضعف ، وهن ، تعب ، كلل (مصدر)

гIелдан {gheldan} يُضعف ، يوهن ، يُنهك ، يُتعب ، يخفّف (صوت مثلاً)



гIела

гIелдар (ду) {gheldar} إضعاف ، إنهاك ، تخفيف (صمت) (مصدر)

гIели 1 (ду) {gheli}[-н, -на, -но, -га] (оьр. олово, полуда) قِصدير

гIели дилла يطلي بالقصدير

гIелин кехатна юккъе хьарчо يلف بورق القصدير

гIели 2 (ю) гIелеш ю {gheli}[-н, -на, -но, -га] (оьр. папироса) سيجارة لفيفة

гIелалла (ю) {ghelalla} (гIело)

гIелий (ду) {ghelee} جمع لكلمة гIала

гIело (ю) -наш ю {ghelo}[-нан, -нна, -но] (ницкъ бар ду) ظُلم ، جور ، اضطهاد

гIело ян يظلم

гIем (бу) -наш ду {ghem} (оьр. шлем) خوذة

гIемаш (ду) {ghemash} جمع لكلمة гIам

гIеметтахlотта {ghemetta hotta} يبلغ سن الرشد (للإنسان) . يكون بالغاً في حجمه (للحيوان)

гIеметтахlоьттича عند البلوغ

гIеметтахlоттар (ду) {ghemetta hottar} بلوغ (مصدر)

гIенах {ghenax} في الحلم



гIем

гIенах гира суна хьо حلمت بك ، رايتك في الحلم

гIенахчул башха ولا حتى في الأحلام

гIенах санна дара иза كان كما في الأحلام

гIенах я самах في الحلم أو في اليقظة

гIенах ледар (ду) {ghenax ledar} (оьр. поллюция) إحتلام

гIенаш (ду) {ghenash} أحلام جمع لكلمة гIан

гIениг (ду) -аш ду {ghenig}[-ан, -на, -о] (оьр. маленькая вошь) قَمْلة صغيرة

гIепаш (ю) {ghepash} جمع لكلمة гIап

гIера (ю) -наш ю {ghera}[-нан, -нна, -но] (адамийн тоба ю) عصابة ، جماعة ، مجموعة

къуйн гIера عصابة لصوص

гIергIа {ghergha}[гIергIа, гIиргIира, гIиргIина] يهدر ، يجأر

гIергIаш догIу Терк يجري نهر الترك هادراً

гIерта {gherta}[гIерта, гIиртира, гIиртина] يسعى ، يطمح ، يحاول ، يجرب

хьо хIун ала гIерта? ماذا تعني بكلامك ؟ ماذا تحاول القول .

гIерто {gherto}[гIертадо, гIертийра, гIертийна] يسند ، يدعم

гIетакх (ду){ghetakx}[-ан, -на, -о] (хIуманан кхоам бар) إقتصاد ، حسن الانفاق

гIетакх дан يقتصد ب ، يحسن الانفاق

гIехьа {ghexha} مطابق ، ملائم ، مناسب ، معتدل ، باعتدال ، باتزان

яахIума гIехьа яа еза يجب تناول الطعام باعتدال

гIехьа хила يكون مطابقاً بالقياس أو بالحجم ، يطابق ، يلائم ، يناسب

хIара коч хьуна гIехьа ю هذا القميص على قياسك

со гIехьа кIадвелла أنا تعبان قليلاً

* и гIехьа йоцуш ю (иза берах ю) هي حامل

гIехьа мехаш أسعار معتدلة

тахана гIеххьа ю вайна الجو اليوم معتدل

гIеххьа шийла мох هواء معتدل البرودة

гIеххьа хан яра вай вовшахкхетаза لم نلتق منذ فترة لا بأس بها

гIеххьа бIагор беара суна شعرت بدوار نوعاً ما

гIеххьачул оьгIазвахнера и غضب نوعاً ما

гIибаваккха {ghiba wakkxa} (уппадаккха, чIогIа етта) يضرب ضرباً مبرحاً

гIибаваккхалц йиттира цунна ضُرب ضرباً مبرحاً

гIигI дан {ghigh dan} يزمجر

гIий (бу) -ш бу {ghee}[-н, -на, -но, -га] روث البهائم الجافّ (يستخدم كوقود)

(бажний пхьаьжах яго еш йолу кескаш ю)

гIийбат* (ду) -аш ду {gheebat}[-ан, -на, -о] (эладита, цадогIург дийцар) غيبة ، نميمة

гIийбат дан يسعى بالنميمة ، يغتاب

гIийла {gheela} ضعيف ، واهن ، خافت ، معتل الصحة ، حزين ، بضعف، بصوت حزين

гIийла аз صوت حزين

гIийла бер طفل ضعيف ، معتل الصحة

гIийла мехкаш بلدان ضعيفة

тахана гIийла гуш ма ву суна хьо مالي أراك اليوم حزيناً

гIийлачу цIер тIехь (هادئة) على نار خفيفة

гIийла чиркх ضوء (مصباح) خافت

* гIийла дуьне даа يحيا حياة البؤس

гIикдаккха {ghik dakkxa} (херадаккха, дIакъахко) يصدّه ، ينفّر (فعل للمفرد)

хьайна гIикдоккху-кх ахь и бер أنت تنفّر الطفل منك

гIиллакх (ду) -аш ду {ghillakx}[-ан, -на, -о] أدب ، خُلُق

нохчийн гIиллакхаш الآداب الشيشانية

леларан гIиллакхаш آداب السّلوك

гIиллакхера ма вала! لا تسيء الأدب

гIиллакх лело يتأدّب

нахаца гIиллакх лело деза يجب التأدّب مع الناس

гIиллакхехь بلباقة ، بتأدّب ، بأدب

гIиллакхехь вистхила يتكلم بأدب

гIиллакхехь лела يتصرف بأدب ، يحافظ على الأدب

гIиллакх долуш ву иза هو مؤدّب أو مهذّب أو خلوق

гIиллакх доцуш ву иза هو بذيء ، قليل الأدب

гIиллакхехь дацара ахь динарг لم يكن من قبيل الأدب ما فعلته

дикачу гIиллакхо лех эла вина, вочу амало элах лай вина الخُلق الحسن جعل من العبد سيداً والطبع السيء جعل السّيد عبداً (مثل)



гIиргIа

гIина (ду) {ghina}[-н, гIинна, гIино] (месийн басар) حنّاء

гIина дилла يضع حناء ، يحني

месашна гIина дилла يصبغ الشعر بالحناء

гIир (ю) -аш ю {ghir}[-ан, -ана, -о] إفراز من مجرى التنفّس (عند المدخنين مثلاً)
(цигаьрка оьзча, цунах схьайолу могушаллина зене йолу хIума ю)

гIиргIа (ду) -наш ду {ghirgha} باز : ذو القدم الذهبية من فصيلة الصّقور ذو جناحان كبيران
[-нан, -нна, -но] (оьр. кобчик)

гIиргIизо (ву,ю) {ghirghizo}[-чун, -чунна, -чо] كرغيزي (شعب الكرغيز)

гIире {ghire} (кIоршаме) فظّ ، جلف

гIирмахо (ву,ю) {ghirmaxo} أحد سكان جزيرة القرم وهم جزء من شعب التتار
[-чун, -чунна, -чо] (оьр. житель Крыма)

гIирс (бу) -аш бу {ghirs}[-ан, -ана, -о] (коьчал, ортхал) أداة (أدوات) ، وسيلة ، آلة
аьчкан пхьеран гIирсаш أدوات الحدّاد
дIасалеларан гIирсаш (оьр. средства передвижения) وسائل التنقّل
юьртабахаман гIирсаш أدوات زراعية
чIерийн лецаран гIирсаш أدوات (معدّات) صيد السمك


гIирт (ю) -аш ю {ghirt}[-ан, -ана, -о] 1- قشارة الثمار غير الصالحة للأكل 2- بقعة طين على الملابس
(1- стоьмийн даа ца мега чкъор ; 2- бедар бехъеш цунна тIелеттарг)
картолийн гIирт قشارة البطاطس

гIиттарш (ю) {ghittarsh} اضطرابات ، مشاغبات

гIиттo {ghitto}[гIиттадо, гIиттийра, гIиттийна] يحرض ، يهيج ، يُنهض من مكانه

гIишлo (ю) -ш ю {ghishlo}[-н, -на, -но, -га] بناية ، عمارة
гIишло ян يبني بناية
гIишлойн коьчалш مواد البناء
гIишлоярхо بنّاء
кхузза тIекIел йина гIишло بناية من ثلاثة طوابق

гIо 1(ду) гIоьнаш ду {gho} مساعدة ، إعانة ، معونة ، مؤازرة ، دعم
[-ьнан, -ьнна, -ьно, -ьне]
гIо дан يساعد ، يمد يد المساعدة
гIо лаца يُعين
Дала гIо дойла хьуна أعانك الله
Делан гIоьнца بعون الله
лоьраллин гIо مساعدة طبية
гIо даккха يؤازر ، يدافع عن
соьгахьа гIо даьккхира цо آزرني ، دافع عني
гIоьнна веана иза أتى للمساعدة أو للمؤازرة


гIо 2

гIо 2 (ду) -ьнаш ду {gho}[-ьнан, -ьнна, -ьно, -ьне] (оьр. полоз) مزْلقَة ، سكة المزْلجة (إحدى القطعتين الطويلتين اللتين تنزلق عليهما مزلجة الجليد) (أنظر لصورة المزلجة)
салазан гIоьнаш سكتا المزلاج
гIо дай сан عندما يقع أحد المتزلجين من على المزلجة يقول هذه الجملة وتعني أنه خرج ويأتي الدور بعدها على الذ يليه في التزلج (أثناء تزلج الأولاد)

Гlобан-хи {Ghoban-xi} (оьр. Кубань река) نهر كوبان (موجود في القوقاز)

гlобанхо (ву,ю) {ghobanxo}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. кубанец) أحد أفراد قومية تعيش في الدّاغستان

гlов (ю) {ghaw}[-нан, -нна, -но] الثلج الذي يمسك على الشجر أو السقف

(дитташ тlе я тхевнна тlе лоцуш долу ло ду)

гlовгla (ю) -наш ю {ghawgha}[-нан, -нна, -но] إزعاج ، ضجيج ، ضجة

гlовгla ян يزعج ، يصخب

гlовгla яла يحدث ضجيج ، يدوي صوت شيء ما

гlовгla яккха يثير ضجة

йоккха гlовгla ضجة كبيرة

гlовгla ма е! لا تصخبوا ، حافظ على الهدوء

гlовла (ю) -наш ю {ghawla}[-нан, -нна, -но] راسية (طرف السرير من ناحية الرأس)

маьнгин гlовла راسية السرير

гlовланга гlайба билла يضع وسادة تحت رأسه

* гlовла хила يكون سنداً ل

гlовтал (ю) -ш ю {ghawtal} يشبه العباءة يلبسه كبار رجال السن فوق الملابس

[-ан, -на, -о] (воккхачу стеган куча тlехула юху бедар ю)

гlовтта {ghawtta}[гlовтту, гlевттира, гlевттина] فعل للجمع من гlатта

гlовтто {ghawtto}[гlовттадо, гlовттийра, гlовттийна] فعل للجمع من гlатто

нах гlовтто يثير الناس

гlогl (ду) гlогlаш ду {ghogh}[гlогlан, гlогlана, гlогlо] فخذ

гlогl-аьлла бийлабала تتعالى أصواتهم بالضحك (قهقهة)

гlодам (ду) -аш ду {ghodam}[-ан, -на, -о] (оьр. стебель кукурузы) جذع أو ساق نبات الذرة

гlодамийн цlов حزمة من جذوع الذرة

гlодамийн чlегlаг جذع الذرة منزوع عنه الأوراق

гlодаюкъ (ю) гlодаяккъаш ю {ghodayuq}[-ан, -на, -о] خصر

гlодаюккъера من الخصر

гlоддах {ghoddax} (чlогlа) بكل قوّة ، بكلّ عزم

гlоддах тоха يضرب بكل قوّة



гlодаюкъ

гlожмаш (ю) {ghozhmash} جمع لكلمة гlаж

гlоза {ghoza} تقال للتهنئة أو لتمني الخير (تقال للطعام أو للأشياء)

гlоза лелайойла ахь бедар! لتهنأ بالبدلة ، مباركة البدلة

гlоза яийла ахь! هنيئاً مريئاً (عند تناول الطعام)

гlозу {ghozu} (оьр. тяжелый лук для метания дротиков) قوس كبير لرمي المزراق (سلاح قديم)

гlока (ю) -наш (ю) {ghoka} طرف (أطراف الجسم مثل اليد)

гlокказ (ву) {ghokkaz} (хьакхарчийлелорхо) مربّي الخنازير

гlола (ю) -наш ю {ghola}[-нан, -нна, -но] (йол хьокхучу мангалан гlаж ю) عصا المحَشّ

гlолди-болди царна, кай-бож вайна عبارة تقال عند نهاية الحكاية للأطفال (مثل توتة توتة)

гlоли (ю) {gholi} تَحسّن

гlоли хета 1 يشعر بتحسّن

гlоли хетий хьуна хIинца? ؟ هل تشعر بتحسن الآن

гIоли хета 2 يفضّل ، يؤثر

гIалал юрт гIоли хета суна أُفضّل البلدة على المدينة

гIаш вахар гIоли хета суна أُفضل الذهاب مشياً

гIоли хила يتحسّن

цомгушчунна гIоли хилла تحسّن المريض

гIоли ян يحسّن ، يخفّف ، يواسي

ша шена гIоли ян يواسي نفسه

кху дарбано гIоли йийр ю хьуна هذا الدواء سيجعلك تتحسن

гIомалла (ду) {ghomalla} التأثير على طبيعة الأشياء (مثل ما يقوم به الساحر في القصص الخرافية من تغيير أشكالهم أو أشكال غيرهم)

(Iаламан законашна Iаткъам бан ницкъ кхачар ду, гIомо я ешапо шен гIиллакхаш гучудахар ду)

гIомат (ю) -аш ю {ghomat}[-ан, -на, -о] 1- طوْق لعنق الحيوان 2- نير ، عبودية (مجازاً)

(ворданна йоьжначу говран вортанах тосуш болу дечган гIирс бу)

гIоматан бIаьрг أحد السّيرين أو الحبلين اللذين يجر بهما الحيوان مركبة أو عربة

гIоматан марш الجزء الدائري الناعم من الطوق

* коча гIомат йолла يستعبد (شخصاً مجازاً)

гIонжагIа (ду) -ш ду {ghonzhagha} (оьр. торока) رباط يستعمل لربط شيءٍ ما على السرج

(охьа ца йожийта, нуьйра тIе хIума дIайоьхку доьхка, нуьйран доьхка)

[гIонжагIин, гIонжагIина, гIонжагIо]

гIонжагIе дехка يربطه برباط السرج

нуьйран гIонжагIе а ца кхочу لا يكاد يصل حتى إلى رباط السرج (أي أنه قصير جداً

гIопаста (ю) -ш ю{ghopasta} منضدة الدكان : كاونتر المتجر أو البوفيه

[-нан, -нна, -но] (оьр. прилавок)

гIора (ду) -наш ду {ghora}[-нан, -нна, -но] قوّة بدنية

гIора дайа ينهك ، يستنزف قوته

гIора дан يفقد قوّته ، يخور ، يكلّ

куьйгашкара гIора дайна сан خارت يداي

гIора дар إعياء ، إنهاك

гIорадерг {ghoraderg} قوي

гIорадоцу {ghoradocu} ضعيف ، عاجز

гIорадоцуш виса يبقى بلا قوة ، يعجز

гIоразалла {ghorazalla} (гIора ца хилар) ضعف ، عجز

гIораш (ду) {ghorash} гIуй جمع لكلمة

гIоргIа {ghorgha} خشن



гIабали

гIоргIа аз صوت خشن

гIоргIа кхоьш حمص

гIоргIалла (ю) {ghorghalla} خُشونة

гIоргIадала {ghorgha dala} يصبح خشناً

цуьнан аз гlоргlаделла خشن صوته

гlоргlадан {ghorgha dan} خشَّن ، جعله خشناً

гlордаз (бу) -аш ду {ghordaz}[-ан, -на, -о] (яккхий киртигаш йолу ков) مبرد خشب

гlореш ду) {ghoresh} (вертанна деш долу басар) صبغة لتلوين الورت верта

гlорза (ю) -наш ю {ghorza}[-нан, -нна, -но] (оьр. ком) كُتلة

поппаран гlорза كتلة طين

дешин гlорза سبيكة ذهب

гlорзолг (ю) -аш ю {ghorzolg} كرة صغيرة من الطين على شكل بليَة يلعب بها الأطفال

(поппарх йина жима овголаш)

гlорий-гlоддаха {ghoree-ghoddaxa} (ницкъ ма кхоччу) بكل ما أوتي من قوّة

гlорий-гlоддаха дlататта يدفع بكل ما أوتي من قوّة

гlорийна {ghoreena} متجمّد

гlорийна жижиг لحم مجمد

гlоркхма (бу) {ghorkxma} (оьр. акула) سمك القرش гlоркхма

гlоро {ghoro}[гlорадо, гlорийра, гlорийна] يجمّد

пlелгаш гlорийна сан تجمدت أصابعي

гlороран доза درجة التجمد

гlорош (ю) {ghorosh} (оьр. съедобная трава) نوع من الأعشاب التي تؤكل

гlорта {ghorta }[гlурту, гlоьртира, гlоьртина] يحاول ، يسعى ، يجتهد

гlортар (ду) {ghortar} محاولة ، سعي (مصدر)

гlортар зенехь дац المحاولة لا تضر

гlорто 1(ю) -наш ю {ghorto}[-нан, -нна, -но] (гlоргор)

гlорто 2 {ghorto}[гlортадо, гlортийра, гlортийна] يسند ، يدعم

гlортор (ю) -аш ю {ghortor}[-ан, -на, -о] دعامة ، سند ، ركيزة гlоьмаш

кертан гlоргор دعامة السياج

доьзалан гlоргор яра воккхаха волу кlант كان الابن الأكبر السّند للعائلة

гlос {ghos} (цинц , дакъа)

гlота (ю) -наш ю{ghota}[-нан, -нна, -но] (жоьла) حظيرة الأغنام

(уьстагlий чохь кхобу меттиг ю)

гlоьмаш (ду) {ghoemash} (куьйгехъюхкурш) (оьр. ручные кандалы) أصفاد (قيد لليدين)

гlоьналла (ду) {ghoenalla} بر ، إحسان

гlоьналлин юкъаралла جمعية خيرية

гlоьналлин гlуллакхаш أعمال خيرية

гlоьналлин хандош {ghoenallin xandosh}(оьр. вспомогательный глагол) فعل مساعد (نحو)

гlоьнан ламеш (ду) {ghoenan lamesh} (оьр. леса - на стройке) سقالة ، إسقالة (في البناء)

гlоьнаш (ду) {ghoenash} гlо 1, 2 جمع لكلمة

гlоьнча (ву,ю) гlоьнчий бу {ghoencha}[гlоьнчин,гlоьнчина,гlоьнчо] مساعد ، معاون

хьалхара гlоьнча مساعد أوّل

гlоьртина хила {ghoertina xila} يتوقفّ على ، يتعلّق ب





стенах гIоьртина ду гIуллакх? ؟ على ماذا الأمر متوقف أو متعلّق

сох гIоьртина хIумма а дуьсур дац إذا تعلّق الأمر بي فلن أتوانى جهداً

гIоьртина юкъаметтигаш (оьр. напряжённые отношения) علاقات متوترة

гIу (ю) -наш ю {ghu}[-нан, -нна, -но] (оьр. колодец) بئر

гIу яккха يحفر بئراً

гIунан хи ماء البئر

гIугI (ду) {ghugh}[-ан, -ана, -о] هدير ، دوي ، قعقعة

аьзнийн гIугI دوي الأصوات

гIуда (ду) -наш ду {ghuda}[-нан, -нна, -но] غرامة ، مخالفة

гIуда тоха يغرم ، يخالف

гIуда тохар تغريم

гIуда даккха يأخذ غرامة

гIуда хьарча يُعاقب على ذنب ما

хIун гIуда дара-те сох хьаьрчинарг?! ما هو الذنب الذي اقترفته والذي أُعاقب عليه يا ترى

гIудалкх (ю) -аш ю {ghudalkx}[-ан, -ана, -о] عربة خيل (كارو)

гIуй (бу) гIораш ду {ghui}[гIоран, гIорана, гIоро] (оьр. запор)ترباس

кевнна гIуй болла يتربس البوّابة ، يغلق البوّابة بالترباس

гIуй баккха يفتح الترباس

гIулг (ду) -аш ду {ghulg}[-ан, -ана, -о] عظم كعب الكبش (يستعمل في اللعب)

гIулгех ловзар (оьр. игра в бабки) يلعب لعبة الكعاب (يلقي الطفل عظم الكعب ، فإذا كان أحد أوجه عظم الكعب إلى الأعلى يكون رابحاً)

гIулг аьлча хIотта يربح في لعبة الكعاب

гIуллакх 1(ду) -аш ду {ghullakx}[-ан, -на, -о] شغل ، عمل ، وظيفة ، منصب

гIуллакх дан يعمل ، يشتغل ، يخدم

гIуллакхе хIотта يتوظف

гIуллакхе вилла يوظّف

гIуллакхе эца يقبل في الوظيفة

гIуллакх лело يمارس عملاً ما

доккхачу гIуллакхехь ву иза هو في منصب كبير

гIуллакхехь вуй иза? ؟ هل هو يعمل (في وظيفة مثلا)

гIуллакх дIакхехьа (في وظيفو مثلاً) يؤدي واجبه 2- يواصل أداء عمل أو أمر ما 1-

гIуллакх 2 (ду) -аш ду {ghullakx} أمر ، شأن ، قضية ، مسألة

и ша тайпа гIуллакх ду هذا أمر آخر ، هذه قضيه أخرى

дуьненан гIуллакхаш شؤون الدنيا

динан гIуллакхаш أمور الدين

хьан гIуллакхаш муха ду? ؟ كيف أحوالك

иза хьан гIуллакх дац! هذا ليس شأنك ، هذا لا يعنيك

иштачу гIуллакхо зен дийр ду тIейогIучу тIаьхьенашна مثل هذا الأمر سوف يضر الأجيال القادمة

цхьа гIуллакх долуш веанера со أتيت لحاجة ما

* вайгахьа ду-кх гIуллакх الحظ حليفنا ، الأمر إلى جانبنا

* гIуллакх тишдала يَضعف مركزه أو شأنه . لا يكون الأمر على ما يرام

* гIуллакх новкъа дала يوفّق في . يُنجز الأمر

* гIуллакх хьеда يستوضح الأمر . يثير الأمر

гIуллакх дерг а, доцург а веара حضر صاحب الشأن وغيره

гIуллакх 3 (ду) -аш ду {ghullakx}[-ан, -на, -о] نتيجة ، فائدة ، مفعول

гIуллакх хила يخرج بنتيجة أو فائدة ، تحصل نتيجة ، يتمّ الأمر ، يوفّق في

цуьнга кхайкхарх гIуллакх хир дац لا فائدة من مناداته

цунах гIуллакх хир дац لا نتيجة من ذلك

* цхьа гIуллакх хилла веана со حضرت لحاجة ما

гIуллакх дан يعطي نتيجة أو مفعول

молхано (дарбано) дика гIуллакх дира الدواء أعطى نتيجة(مفعول) جيد

гIуллакх 4 (ду) {ghullakx}[-ан, -на, -о] داعٍ ، لزوم ، حاجة

гIуллакх дацара хьан цига ваха ما كان يجب أن تذهب إلى هناك

гIуллакх дац (ца оьшу) لا داعٍ

эхь хета гIуллакх дац لا داعٍ للخجل

гIуллакх доцург ма дийца! لا تتكلم فيما ليس له داعٍ

гIуллакх 5 (ду) -аш ду {ghullakx}[-ан, -на, -о] (оьр. услуга) خِدمة ، معروف

гIуллакх дан يخدم ، يسدي خدمة

доккха гIуллакх дира ас цунна أسديت له خدمه كبيرة

гIуллакх 6 (ду) -аш ду {ghullakx}[-ан, -на, -о] (оьр. деятельность) نشاط ، عمل

юкъараллин гIуллакхаш نشاطات اجتماعية

Iилманан гIуллакх نشاط علميّ

* хьаькамашца гIуллакх догIуш ву иза له حظوة عند المسؤولين

гIуллакх аххка {ghullakx axka} (оьр. разузнавать) يتحرّى عن

гIулч 1(ю) -аш ю {ghulch}[-ан, -ана, -о] خُطوة



гIумгIа

гIулч яккха يخطو خطوة

ши гIулч хьалхавала! اخط خطوتين إلى الأمام

гIулч 2 (ю) -аш ю {ghulch} كمية الحطب المصفوفة على شكل مكعّب (متر مكعّب تقريباً)

[-ан, -ана, -о] (оьр. кубическая сажень дров)

гIулч йотта يرتب الحطب في المقياس المعروف

гIум (ю) гIамарш ю {ghum}[гIамаран, гIамарна, гIамаро] رمل

кIайн гIум رمل أبيض

кIеда (гIорга) гIум رمل (خشن) ناعم

гIум йотта يطرح الرمل

гIамара тIехь على الرمل

гIамарла ваха يغوص في الرمل

гIамарлахь في الرمل



гIура 2

* гIамаран гIаланаш ян يبني قصوراً في الهواء

гӏумгӏа (ю) -наш ю {ghumgha}[-нан, -нна, -но] إبريق للماء (يستعمل للاغتسال)
(хи дуттуш, юьхь-куьг дуьлуш лело хӏума)

гӏумки (ву,ю) -й бу {ghumki}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. кумык) أحد أفراد شعب القُمق ويعيشون في منطقة السهول في داغستان ولهجتهم تركية

гӏумлатта (ду) {ghumlatta} أرض (تربة) رملية

гӏундалгӏи 1(ю) гӏундалгӏеш ю {ghundalghi}[-н, -на, -но, -га] (къийзорг,цӏиймерг) بقَّة

гӏундалгӏи 2 (ю) гӏундалгӏеш ю {ghundalghi} شجيرة قصيرة تنمو بشكل كثيف وزاحف
(ӏаьржа я цӏен стоьмаш тӏехь хуьлу коьллаш ю) (оьр. чёрная бузина)

гӏӯра 1(ю) -наш ю {ghūra}[-нан, -нна, -но] تجمد

гӏӯра 2 (ю) -наш ю {ghūra}[-нан, -нна, -но] (оьр. пороховница) وعاء للبارود (عادة كان يستعمل قرن)

гӏӯра-да̄да (ву) {ghūra-dada} رجل الثلج

гӏура-даьтта (ду) {ghūra-da'tta} سَمْن جامد (لا يسيح)

гӏурба (ду) -наш ду {ghurba}[-нан, -нна, -но] أُضحية
гӏурбанан де عيد الأضحى
гӏурба-ламаз صلاة عيد الأضحى
гӏурба ден يضحّي ، يذبح أضحية



гӏургӏаз

гӏургӏа̄з (ю) гӏургӏезаш ю {ghurghāz}(оьр. лебедь) الإوز العراقي ، تمّ : طائر مائي كبير ناصع البياض
[гӏургӏезан, гӏургӏезана, гӏургӏезо]

гӏуркх (бу) -аш ду {ghurkx}[-ан, -ана, -о] عمود خشب ، صارٍ ، عريش مركبة
кеманан гӏуркх صار السفينة
гӏуркханца эккха (оьр. прыжок с шестом) (رياضة) يقفز بالزانة

гӏурма (ду) -наш ду {ghurma}[гӏурмин, гӏурмина, -но] طعام بلحم مقلي
(кхаьрзинчу жижиган юуург ю)

гӏурт (бу) -аш бу {ghurt}[-ан, -ана, -о] (оьр. хаос) فوضى

гӏурчо (ду) -ш ду {ghurcho}[-н, -на, -но, -га] (черманан хӏоз) طوق البرميل

гӏурчӏа (бу) {ghurch'a}[гӏурчӏин, гӏурчӏина, -но] تشوّش ، اختلال ، بلبلة
(гӏурт бу, къепе йоцу хӏума ду)
гӏурчӏа бан يشوّش ، يعمل بلبلة ، يعمل خربشة

гӏутакх (ду) -аш ду {ghutakx}[-ан, -на, -о] (оьр. коробка) علبة ، صفيحة


гӏучӏа (бу) -наш бу {ghuch'a}[гӏучӏин, гӏучӏина, -но] (гӏурчӏа)

гӏушлакхе (ю) {ghushlakxe} وقت الضُحى : موقع الشمس من الساعة العاشرة ولغاية الحادية عشر صباحاً
малх гӏушлакхе баьлла (оьр. 10-11 часов утра) أضحت الشمس
гӏушлакхен ламаз صلاة الضُحى

гӏуьнжара {ghuenzhara} أحول
(ший а бӏаьрг чучча хьоьжург) (бӏагӏарг, гӏаккхарг)

гӏуьнжаралла {ghuenzharalla} حَوَل

Д (D)



Даймохк (Daimoxk)

да (ву) дай бу {да}[ден, дена, дас, дега] أب ، والد . صاحب ، مالك

хьан да мичахь ву? أين والدك ؟

хьан ден цIе хIун ю? ما اسم أبيك ؟

доьзалан да ربّ العائلة

бер доладина да أب بالتبني

сан ворхIе да جدّي السابع

дайшкара дуьйна схьадеана Iедалш عادات موروثة من الآباء

* да воцуш بلا صاحب ، بلا مالك ، سائب بلا رقيب

* да воцу даьхни مال سائب

жIаьла шен дена тешаме хуьлу الكلب وفي لصاحبه

* вала да يجد من يهبّ لمساعدته أو يقف لجانبه

цуьнан вала да ву, хьан вала да вац هو سيجد من يقف إلى جانبه ، أما أنت فلا

* вина ваьккхина (ваьккхина ватIа) шен да ву يشبه والده جداً ، وكأنه نسخة من والده

* да валлал шорта كثير جداً ، فائض عن الحاجة ، بوفرة

* да (вала, валийла) (عندما يتأسف على أمنيه لا يمكن تحقيقها) وأسفاه

* да-м ватIарг (عندما يتأسف على أمنيه لا يمكن تحقيقها) وأسفاه

да вала хьан, дуьне وأسفاه عليك يا دنيا

* да велла йиса хьо تباً له ، اللعنة عليه

* да виса (вуьсийла) يا ليت ، يا ريت

* цхьа а да гучу ца велира لم يظهر أحد ، لم يظهر أي شخص

* цхьана дас сацор вац хьо لن يوقفك أحد ، لن يوقفك أي شخص

* да велла шорта كثير جداً ، بكميات وافرة

даа {daa}[дуу, диира, диъна, дуур ду] يأكل ، يفترس . ينخُر (لجميع الأسماء التي تأخذ الجنس الرابع (ду)

бепиг даа (бепиг ду) يأكل خبزاً

барзо уьстагI биъна افترس الذئب الشاة

нIаьно дитт дуу الدودة تنخُر الشجرة

даадала {daadala}[даало, дааделира, дааделла] يستطيع الأكل ، يؤكل . يتآكل

цомгушниг яахIума яалуш вуй? ؟ هل المريض يستطيع الأكل

кIеда бепиг атта даало الخبز الطري يؤكل بسهولة

эчиг дааделла تآكل الحديد

даар (ду) {daar} أكلة ، أكْل



галанаш мерза даар ду القلنش أكلة لذيذة

бепиг даар أكْلُ الخبز

даар-малар (ду) {daar-malar} المأكل والمشرب

дабагIа (ду) {dabagha}[дабагIин, дабагIина, -но] (силу) دباغة

дага 1 عصا البلطة أو الفأس

дабагIа дан يدبغ

дага 1(ю) **-**наш ю {daga}[-нан, -нна, -но] (дагаран гIаж)

дага 2 {daga}[догу, дегира, дегна] (оьр. выышить) يطرز ، يوشّي

коч гIодаюккъера егна ю الفستان مطرز عند الخصر

куз бага يطرز السجادة

егна коч ثوب مطرز

дага {daga}[догу, дегира, даьгна] يحترق ، يشتعل . يلتفح (من الشمس) . يتحرق

дечиг догу يحترق الحطب

хьо ган вогуш ву со أتحرق (شوقاً ، رغبةً) لرؤيتكِ

дагадаийта {dagadaeeta} يذكر ، يعيد إلى الذاكرة إلى ذهنه . يوقع في نفسه أو خاطره

дагадаийта хьайна! تذكّر

хьайна дага а ма даийталахь ولا يخطر على بالك

дагадала {dagadala} يستشير ، يشاور . يراجع (فعل للمفرد)

лоьрах дагавала يستشير الطبيب

со сайх дагавелира со راجعت نفسي

дагадан {dagadan} يتذكر . يخطر على باله ، يتبادر إلى الذهن

дагадогIий хьуна? ؟ هلْ تَذكرُ

цхьа хIума дагадеана суна خطر على بالي شيء . خطرت لي فكرة

дагадеанчуьра بالمناسبة ، لحظة تذكر

дагадеанчуьра ала ас хьоьга بالمناسبة ، دعني أقول لك

дага деъ-деанарг ала يتكلم بكل ما يخطر في ذهنه

дагадар (ду) {dagadar} تذكر . وقوع شيء في النفس (مصدر)

дагадоха {dagadoxa} يعشق ، يولع ب . يشتهي

дагалаца {dagalaca}[дагалоцу, дагалецира, дагалаьцна] يستذكِر ، يسترجع . يضمر

шен къоналла дагалецира цо يستذكر شبابه

ахь дагалаьцнарг цкъа а хир дац لن يحصل أبداً ما نويت عليه

дагалаца муьлхха а номер اضْمر في نفسك أي رقم

дагалаца, хIуъу лаций а ضع في ذهنك أي شيء

дагалацам (бу) дагалецамаш бу {dagalacam}[-ан, -на, -о] ذكرى

дагалецамашка велира بدأ يستعيد ذكرياته

дагалацам боцуш عفوياً ، بلا شعور . بلا تروٍ

дагалеца {dagaleca}[дагалеца, дагалийцира, дагалецна] يستذكر . يضمر (بشكل متكرر)

дагар (ду) {dagar} (оьр. вишивание) تطريز

дагар 1(ду) {dagar} احتراق ، اشتعال (مصدر)

дагар 2 (ду) {dagar}[-ан, -на, -о] حرارة ، سخونة (ارتفاع حرارة الجسم)

берана дагар ду الطفل عنده حمى

суна дагар деана أصابتني حمى

дагарадаккха {dagara dakkха} يمحو / يزيل من ذهنه أو قلبه (فعل للمفرد)

дагарадала {dagara dala} يغيب عن ذهنه

дагарадийца {dagara deeca} يحدِّث بما في قلبه ، يفتح قلبه

дагарадийцар (ду) {dagara deecar} إفصاح عما في القلب (مصدр)

дагарахаа {dagara хаа} يعرف ما في قلبه

нехан дагарахаа يعرف ما في قلوب الناس

дагарахаийта {dagara хаеeta} يفصح عما في قلبه ، يفتح قلبه

дагардан {dagardan}[дагардо, дагардира, дагардина] يحصي ، يعدّ

итт тIе кхаччалц дагарде! عد حتى العشرة

бахархой багарбан يحصي السكان

* денош дагардечу даьлла цуьнан قربت منيته

дагардар (ду) {dagardar} إحصاء ، عدّ (مصدр)

дагардустург (ю) {dagar dusturg} (оьр. термометр)

дагарш (ду)

дагатаса {dagatasa}[дагатосу, дагатесира, дагатесна] يخطر في نفسه . يوحي ، يلهم

дагатесира суна خطر في نفسي

дагахь {dagaxh} ما في القلب ، خاطر ، غيباً

хьан дагахь хIун ду? ؟ ماذا في نيتك ، ماذا تنوي

хIун дан дагахь ву хьо? ؟ ماذا تنوي أن تفعل

цIахь лан дагахь ву со أنوي البقاء في البيت

хьо гур ву аьлла дагахь а дацара суна حتى لم يخطر في بالي أني سأراك

дагахь дерг نية ، ما في القلب

нехан дагахь дерг хIун ду хьанна хаьа من يعرف ماذا يجول في صدور الناس

дагахь дагарда يعدّ في ذهنه

дагахь хила (حسبانه، فكره) يكون في نيته ، يكون في

* дагахь хIума доцуш بنية صافية



дагар дустург

ميزان حرارة

فؤوس جمع لكلمة диг

* дагахь хIума доцуш ву иза لا يكن في صدره شيء ، هو صافي النيةأو السريرة
* дагахь валла (للمذكر) يكون مستحوذاً على فكره

дагахь далла {dagaxh dalla} يتأسف على ، يتحسر على

дIаяхна къоналла дагахь йоллу суна أتأسف على أيام الشباب الماضي

дагахь дешa {dagaxh desha} يقرأ في قلبه . يقرأ غيباً

дагахь диса {dagaxh disa} يبقى في نفسه

дагахь латта {dagaxh latta} يُحفظ في قلبه أو ذاكرته

дагахь латто {dagaxh latto} يحفظ في ذاكرته . يكتم في صدره

дагахь Iама {dagaxh jama} يحفظ غيباً

дагахьбаллам (бу) {dagaxh ballam}[-ан, -на, -о] شعور بالذنب

дагахьбаллам бисна суна بقيت في نفسي حسرة

ма дагахьбаллам бу и يا للحسرة ، يا للأسى

дагахьдоцу {dagaxhdocu} غير متوقع

дагахьдоцург хили حصل ما لم يكن متوقعاً

дагахьдоцуш {dagaxhdocush} بدون توقع ، بشكل مفاجئ . بدون قصد

дагахьдоцуш динчу хаттаро вохийра со السؤال المفاجئ اربكني

дагаэха {dagaeха}[дагаоьху, дагаихира, дагаихна] يجول في خاطره

хилларш суна дагаоьхура الأحداث كانت تجول في خاطري

даггара {daggara} (доггах) من صميم القلب ، من كل قلبه

даггара къамел حديث ودّي

даггара доттагI صديق حميم

даггара тIеийцира цара со استقبلوني بحفاوة

даггара аьлла дош дагах летта (مثل) الكلمة التي تخرج من القلب تلصق بالقلب

дагe лазар эккхар (ду) (оьр. сердечный приступ) نوبة قلبية

даге лазар эккха يصاب بنوبة قلبية

дагийна {dageena} محروق . ملفوح (من أشعة الشمس)

дагo 1{dago}[дагадо, дагийра, дагийна] يحرق . يلفح

кехат дагийра цо أحرق الورقة

малхо юьхь ягайо الشمس تلفح الوجه

бурчо мотт багабо الفلفل يحرق اللسان

вагош йолу муьсталла (حارق) حمض كاوي

дагo 2 {dago}[дагадо, дагийра, дагийна] (лело) يحرق ، يستخدم للإحراق

дечиг даго (مثلاً للتدفئة) يستخدم الحطب للإحراق

мехкадаьтта даго يستخدم الكيروسين للإحراق

маше дукха бензин дагош ю السيارة تصرف بنزين

дагI (ду) даьгIнаш ду {dagh}[-ан,-ана,-о,-е] (оьр. вяз шершавый) شجرة الدّردار الخشن أو الجبلي

дада {dada}[доду, дедира, дедда] يركض . يهرب ، يفر (فعل للمفرد)

вада меттиг яц хьан لا مكان لك للهرب

хих ведда хьеракIел иккхина (مثل) هرب من الماء وقفز تحت الطاحونة بمعنى هرب من الدلف وقع تحت المزراب

дада (ву) {дada}[дадин, дадина, -с, дадеда] اسم الأب أو الجد عند مناداته

дададала {дададала}[дадало,дадададелира, дададелла] يستطيع (الركض ، الهرب) (فعل للمفرد)

дадала {дадала}[дадало, дадделира, дадделла, далур ду] يستطيع القيام ب

хlун далур ду вайга? ؟ ماذا بوسعنا أن نعمل

соьга далур ду хlара гlуллакх أستطيع القيام بهذا العمل

дади (бу) {дadi} (доди) رجل ، قدم (في لغة الأطفال)

дади баккха! (تقال للطفل لحثه على المشي) هيا ، أخطو

дадийта {дадеета} يجعله يركض . يجعله يهرب (فعل للمفرد)

дадо {дадо}[дададо, дадийра, дадийна] يخطف

цомгушниг вадийна лоьра тlе вигира أسرعوا بالمريض إلى الطبيب

дадолаг (ю) -аш ю {дадолаг}[-ан, -на, -о] دُعسوقَه (خنفساء صغيرة مرقّطة الجناحين)

(дедо, делан котам) (оьр. божья коровка)

дадор (ду) {дадор} خطْفٌ (مصدر)

дажа {дажа}[дежа, дежира, даьжна] يرتع



дадолаг

жа дежийлахь дежа الغنم ترتع (ترعى) في المرعى

дажо {дажо}[дажадо, дажийра, дажийна] يرعى ، يسرح بالماشية

lуьно жа дажадо الراعي يرعى الغنم

дажор (ду) {дажор} رعي (مصدر)

даза {даза}[дозу, дезира, даьзна] يتعلق ب ، يتوقف على

бер шен дех-ненах дозуш хуьлу الطفل يكون متعلقاً بوالديه

и сох дозуш дац هذا لا يتعلق بي

гlуллакх хьох доьзна ду الأمر متوقف عليك

Американ йозуш йолу пачхьалкхаш دول تابعه لأمريكا

йозуш йоцу пачхьалкх دوله مستقلة

дазар (ду) {дазар} توقفٌ على ، تعلقٌ ب ، ارتباط (مصدر)

даздала {даздала}[дазло, дазделира, дазделла] يرتفع (سعره ، قيمته) . يثقلُ

мехаш аьхка базло الأسعار ترتفع في الصيف

мохь базбелира ثَقل الحمل

ваз ма ло! لا تتثاقل

даздалар (ду) {даздалар} ارتفاع (الأسعار ، القيمة) (مصدر)

мехаш базбалар ارتفاع الأسعار

даздан {даздан}[даздо, даздира, даздина] يرفع (سعره ، قيمته) . يرفع وزنه . يحتفل ب ، يحي ذكرى . يبجّل ، يمجّد ، يعظّم

Элча вина де даздан يحتفل بالمولد النبوي الشريف

мехаш базбан رفع الأسعار

мохь базбан يجعل الحمل ثقيلاً

даздар (ду) {даздар} رفع (السعر، القيمة) . تثقيل . احتفال ب . تبجيل ، تعظيم (مصدر)

дазо {дазо}[дазадо, дази йра, дазийна] يجعله معلقاً ، يماطل ، يسوّف

дазораш (ду) {дазораш} (язораш , таьжгенаш) مماطلة ، تَسويف

дазораш лело يماطل ، يسوف

дазораш цалелош дай чекхдаккха гIуллакх انهي العمل بدون مماطلة

шена тIехь долу декхар дIацалуш дазораш леладо цо هو يماطل في سداد دينه

даийта 1 {daeeta}[доуьйту, даийтира, даийтина] يرسل ، يبعث . يجعله يُحضِر

суна кехат даийта! أرسل إلي رسالة

Дала тIе ма даийтойла! لا قدّر الله

даийта 2 {daeeta}[доуьйту, даийтира, даийтина] يجعله يأكل

соьга пархIат яахIума яийта دعني أتناول طعامي براحة

даийта 3 {daeeta}[доуьйту, даийтира, даийтина] يجعله أو يدعه يأتي أو يحضُر (فعل للمفرد)

со волчу ваийта и دعه يأتي عندي

даим {daim} (гуттар) دائم

даим веха меттиг مكان الإقامة الدائم

даимлера хьаша ضيف دائم

даимлера адрес عنوان دائم

даима {daima} دائماً

сан даг чохь хир ву хьо даима ستبقى في قلبي دائماً

даимлера {daimlera} (гуттарлера)

даиманна а {daimanna a} (гуттаренна а) إلى الأبد ، على طول

дай 1(бу) {dai}[-н, -шна, -ша, -шка] آباء ، أجداد جمع لكلمة да

вайн дай баьхна ярташ البلدات التي عاش فيها أجدادنا

дайх дисна وراثي ، موروث

дайх йисна амалш طباع موروثة

дай 2 {dai} (вай, бай, яй) إنه ، إنها ، إنهم ، إنكم

хIара-м дика кIант вай إنه ولد طيب

вон некъ бай хIара-м إنها طريق سيئة

дайа {daia}[дойу, дайъира, дайъина] يُضيع . يذبح ، يقتل ، يبيد (للجمع) . يبدّد ، يستهلك . يطفئ ، يخمد

хан яйа يضيع الوقت

уьстагIий дайа يذبح الشياه

нах байа يقتل الناس

ахча дайа يبدد المال

цIе яйа (الحريق) يخمد النار

дайар (ду) {daiar} (مصدر) إضاعة . ذبحٌ . قَتل . إبادة . تبديد . استهلاك . إخماد

дайдала {daidala}[дайло, дайделира, дайделла] يخفّ وزناً

дайдан {daidan}[дайдо, дайдира, дайдина] يجعله خفيفاً

мохь байбан خفّف الحمل

даймехкалла (ю) {daimexkalla} (оьр. патриотизм) وطنيّة ، حبّ الوطن

даймехкаллин {daimexkallin} (оьр. патриотический) وطنيّ

даймехкаллин декхар واجب وطني

даймехкалхо (ву,ю) {daimexkalxo} (оьр. патриот) وطنيّ ، محبّ للوطن

даймехкахдаккха {daimexkaxdakkxa} يبعده أو يقصيه عن الوطن (فعل للمفرد)

даймехкахдала {daimexkax dala} يهجر وطنه ، يُحرم من وطنه (فعل للمفرд)

даймехкахо (ву,ю) {daimexkaxo}[-чун, -чунна, -чо] مواطن ، مواطنة

иза сан даймехкахо ву هو من نفس وطني

даймохк (бу) {daimoxk}[даймехкан,даймахкана,даймахко] وطن ، موطن الآباء

даймохк ларбан يدافع عن الوطن

даймехкахьа болу безам حب الوطن

дайн {dain} خفيف . بخفة

байн мохь حمل خفيف

яйн цигаьрканаш سجائر خفيفة

дайн дегара гаьннаш الأغصان كانت تهتز بخفة

дайна {daina} مفقود . ضائع

дайна ахча مال مفقود

яйна хан وقت ضائع

вайна ваьлла иза هو ضاع نهائياً

дайта {daita}[дойту, дайтина] 1- يجعله يقوم ب (فعل حثي) 2- يجبر أو يكره على القيام ب

соьга хlара гlуллакх дайта! دعني أقوم بهذا العمل

тхоьга гlишло яйтира цара سمحوا لنا ببناء بناية

дак (ду) декнаш ду {dak}[докан, докана, доко, доке] (оьр. верба) شجر الصفصاف

даккх (ю) {dakkx}[-ан, -ана, -о] (оьр. минот) دقيقة (تستعمل في الأردن)

даккха {dakkxa}[доккху, даьккхира, даьккхина] (فعل للمفرد) أنظر للأمثلة الواردة

бер ненах даккха يحرم الطفل من الأم

бахамах ваккха يجرده من أملاكه

хазчу дашо lуьргара лаьхьа боккху (مثل) الكلمة الحلوة تخرج الأفعى من جحرها

са даккха يزهق روحه

шаьлта яккха يستل الخنجر

церг яккха يخلع السن

зезаг даккха يقطف وردةً

мел доккху цунах ? ؟ كم ثمنه

илли даккха يؤلف أغنية

корта баккха يقطع رأسه

шегахьа ваккха يستميله إلى جانبه

ахча даккха يكسب أو يحصّل مالاً

толам баккха يحرز نصراً

буьйса яккха يبيت ، يقيم ليلة

сурт даккха يلتقط صورة

нохчийн матта даккха يترجم (ينقل إلى) إلى اللغة الشيشانية

وهناك معانٍ أخرى لا مجال لحصرها تجدها بين طيات القاموس

даккхадала {dakkxadala}[даккхало, даккхаделла] فعل احتمالي من даккха

ийманца - Iилмаца толам баккхалур бу بالإيمان والعلم يمكن إحراز النصر

хьуьнхахь буьйса яккхаелира тхоьга استطعنا المبيت في الغابة

хIокху камераца сурт дика даккхало بهذه الكاميرا تلتقط الصورة بشكل جيد

даккхий {dakkxee} كبير (صفة ، تستعمل للجمع)

даккхий цIенош بيوت كبيرة

баккхий нах كِبار السن

даккхийдеН {dakkxeedeN}[даккхийдоь, даккхийдийна] يفتخر ، يبتهج (فعل للجمع)

нах сох баккхийбийра افتخر الناس بي

даккхийра {dakkxeera} (даккхий)

даккхийра ахча نقود من الفئات الكبيرة

даккхийта {dakkxeeta}[доккхуьйту, даккхийтина] فعل حثي من даккха

соьга зезаг даккхийтира цо سمح لي بقطف وردة

даккъаш (ду) {daqqash} جمع لكلمة дукъ

дакх (ду) декхнаш ду {dakx}[докхан,докхана, докхо] (оьр. берёза) شجرة البتولا

(гIода тIехь кIайН чкъор а, даккхий гIаш а долу дитт)

дакха {dakxa}[декха, декхира, декхна] يرضع

бер шеН ненах декха يرضع الطفل من أمه

бер декхачуьра даккха يفطم الطفل

дакхар (ду) {dakxar} رضاعة (مصدر)

дакхийта {dakxeeta}[доккхуьйту, дакхийтира, дакхийтина] يجعله يرضع

дакхо {dakxo}[дакхадо, дакхийра, дакхийна] تُرضع

нанас шеН бер дакхадо ترضِع الأم طفلها

вакхийна ваша أخ بالرضاعةِ

дакхо бер رضيع

дакхор (ду) {dakxor} إرضاع (مصدر)

дакъа (ду) декъий ду {daqa}[докъан, докъана, докъо, докъе] جثة ، جثمان

сан докъана тIехула беН إلا من فوق جثتي

докъан баса ваха يصبح لونه مثل لون الأموات

докъаН ламаз صلاة الجنازةِ

дакъа (ду) дакъош ду {daqa} حصّة ، نصيب ، جُزء ، مقطع ، فصل ، وحدة

[декъан, декъана, декъо, декъе]

лоьмаН дакъа حصة الأسد

доккхаха долу дакъа الجزء الأكبر

жимаха долу дакъа الجزء الأصغر

дакъа даН يقسّم

дакъош даН يقسّم إلى أجزاء ، يعمل حصص

кхо дакъа даН يقسم إلى ثلاث حصص

кхаа декъехь комеди كوميديا من ثلاثة فصولٍ

дакъа кхача يحصل على حصة . يشارك

дакъа лаца يساهم ، يشترك ، يشارك ، يأخذ دوراً

дакъа лацар مساهمة ، مشاركة

вон-диканан дакъа лаца يشارك في السراء و الضراء

дешан хьалхара дакъа (نحو) المقطع الأول للكلمة

бахархойн дукхаха долу дакъош أغلب فئات السكان

цхьадолчу декъана نوعاً ما ، لدرجة ما ، بعض الشيء

дукхах долчу декъана في أغلب الأحيان

хьалхарчу декъехь بالدرجة الأول

цу декъехь بهذا الخصوص ، بهذا الشأن

дакъадала {daqadala}[дакъало, дакъаделира, дакъаделла] يجفّ ، ييبس ، يهزل ، عجف

йиттина хlуманаш мохехь дика якъало يجفّ الغسيل في الهواء بشكل جيد

дакъадаллалц حتى يجف

дакъадалза غير ناشف

легаш дакъаделла ду сан أشعر بجفاف في حلقي

дакъадалар (ду) {daqadalar} جفاف (مصدر)

дакъадалийта {daqadaleeta} يجعله (يجف ، ينشف ، يعجف)

дакъазалла {daqazalla} بؤس ، شقاء ، تعاسة

* сан дакъазаллина хих цIе ер яра لشدة تعاستي (لقلة حظي) حتّى الماء قد تشتعل فيه النار

дакъаздаккха {daqazdakkxa} يتعس ، يشقي (فعل للمفرد)

маларо дакъазваькккхина иза أتعسه (دمره) المشروب

дакъаздала {daqazdala} يشقى ، يصبح تعيساً . يدمر (فعل للمفرد)

дакъаз ма вала хьо (دعاء بالخير عند العتاب) لا شقيت

дакъаздаха {daqazdaxa} فعل للجمع من дакъаздаккха

дакъаздовла {daqazdawla} فعل للجمع من дакъаздала

дакъалацархо {daqalacarxo} مشارك ، مساهم

дакъалг (ду) -аш ду {daqalg}[-ан, -ана, -о] جزيء ، جزء صغير . حرف ، أداة (نحو)

дацараллин дакъалг حرف نفي

дакъалла (ду) {daqalla} (оьр. дробь – мат.) كسر (رياضيات)

дакъаллин терахь عدد كسري

иттаний дакъаллаш (оьр. десятичные дроби) كسور عشرية

нийса дакъалла (оьр. правильная дробь) كسر صحيح

нийса доцу дакъалла (оьр. неправильная дробь) كسر غير صحيح

дакъийна {daqeena} مجفّف

дакъийна жижиг لحم مجفف

бакъийна чlара سمكه مجففه

дакъо {daqo}[дакъадо, дакъийра, дакъийна] يجفف . ينشّف . يقدّد

жижиг дакъо يجفف اللحم

дакъор (ду) {daqor} تجفيف . تنشيف (مصدر)

дала 1{dala}[ле, делла, лийр ду] يموت ، يتوفى ، يقضي نحبه . يفنى

велла дIаваллалц حتى الموت

даймехкан дуьхьа вала кийча ву со أنا مستعدّ للتضحية من أجل الوطن

валлалц مدى الحياة

вала воллуш ву иза هو مشرف على الموت

лечу хенахь عند الموت

лечу тIеваллалц йиттира цунна ضُرب حتى شارف على الموت

дала 2{dala}[ло, делира, делла, лур ду] يعطي ، يمنح ، يهب ، يدفع ، يسلّم ، يفسح (طريق)، يقدّم

ахча дала يدفع الحساب . يعطي مالاً

хьайна делла ахча Iалашде! حافظ على المال الذي أعطي لك

хаттам бала يقدم امتحان

паргIато яла يهب الحرية

некъ бала يفسح الطريق

да̲ла {da̲la}[до̲лу, де̲лира, даьлла, де̲р ду] (فعل للمفرد) أنظر للأمثلة الواردة

болх бина вала ينتهي من العمل

яздина вала ينتهي من الكتابةِ

буц яла ينمو العشب

дукха буц елира نما عشب كثير

топ елира انطلقت بندقية

къамеле вала ينتقل إلى الحديث

хи мичхьара долуш ду من أين يتسرب الماء

доккха хи даьлла царна نبعت لهم عين ماء غزيرة

кема долуш ду (أي يتسرب الماء إليها) السفينة مثقوبة

биргIа йолуш ю الماسورة ترشح

хих вала يعبر أو يجتاز النهر

пхийттара валла иза (من عمره) تجاوز الخامسة عشره

ши де делира مر يومان

мичхьара даьлла хьуна и ахча? ؟ من أين لك هذا المال

иза соьгахьа велира (أيدني) هو وقف إلى جانبي

цIенош деш дукха ахча делира суна بناء البيت كلفه مال كثير

ша во̲луш пуьташ ботта ца беза يجب على المرء ألا يكذب أبداً

хьоьга ца аьлча ца волу со أنا مضطر إلى إخبارك

ца хуьлчу далахь إذا كان لا بدّ

ца хуьлчу даьлчий (далахь)бен гIур вац со لن أذهب إلا إذا كان لا بد من الذهاب

ваханза ца валахь бен гIур вац со لن أذهب إلاّ إذا اضطررت

ца ваьлла боьттира аса биташ كذبت مكرهاً

ца ваьлла велавала يضحك مكرهاً

وهناك معانٍ أخرى لا حصر لها تجدها في طيات القاموس

дала̲лай / яла̲лай (ду) {dala̲lai / yala̲lai} هناء ، رغد ، عزّ

и ялалай кхин хир дац шуна لن يكون لكم هذا الهناء بعد الآن

далар 1(ду) {dalar} موت ، فناء (مصدر من فعل дала 1)

валар массарна а тlехь ду الموت حقٌ على الجميع

далар 2 (ду) {dalar} إعطاء ، دفعْ ، تسليم ، تقديم ، منح (مصدر من فعل дала 2)

даларш (ду) {dalarsh} جمع لكلمة дол

далийта 1{daleeta}[долуьйту, далийтина] يجعله يموت أو يفنى

далийта 2{daleeta}[долуьйту, далийтина] يجعله(يعطي ، يقدم ، يدفع)

далийта {daleeta}[долуьйту, далийтина] فعل حثي من дала

кехат яздина валийта со دعني أنتهي من كتابة الرسالة

гучу ца волуш ши де далийтира цо قضى يومين دون أن يظهر

хих валийта со دعني أعبر النهر

далла 1(ю) -наш ю {dalla}[даллин, даллина, -но] فطيرة

(оьр. лепёшка с начинкой из ливера или жира)

далла 2 {dalla}[доллу, даьллира, даьллина] يكون في ، يحوي ، يعيش (ضمن ظروف) (فعل للمفرد)

хала воллуш ву со أعيش ظروفاً صعبة

цуьнан дагчохь хьагl йоллуш ю في قلبه حسد

далла 3 {dalla}[воллу] يريد أو ينوي على فعل شيء (فعل للمفرد)

хlун дан воллу хьо? ماذا تريد أن تعمل ؟

болх бан йоллу иза تريد أن تعمل

даллалц {dallalc} حتى الموت ، حتى الفناء

валлалц летар ву со سوف أقاتل حتى الموت

даллалц {dallalc} حتى ، لحين

сахьт кхоъ даллалц حتى الساعة الثالثة

хьо цlа валлалц إلى حين حضورك للبيت

аьхке яллалц إلى حين حلول الصيف

далло {dallo}[далладо, даллийра, даллийна] يحفظ ، يبقي ، يجعل (فعل للمفرد)

говр божли чохь ялло يبقي (يحبس) الحصان في الإسطبل

дало {dalo} هيا ، هلم (للنداء ، تستعمل للمفرد)

вало цlа! هيا إلى البيت (مفرد مذكر)

йило цlа! هيا إلى البيت (مفرد مؤنث)

далo {dalo}[даладо, далийра, далийна] يُحضر (للإنسان ، للحيوان) . يورد . يتزوج

бераш цlа дало يحضر الأولاد إلى البيت

масал дало يورد مثلاً

зуда ялo يتزوج

далор (ду) {dalor} إحضار . زواج (مصدر)

зуда ялор атта дац الزواج ليس سهلاً

далхо {dalxo}[далхадо, далхийра, далхийна] يُبكي . يتظلم من ، يشكو

шен хьал далхийра цо شكا وضعه

бер далхо يُبكي الطفل

дама (ду) -наш ду {dama}[деман, демана, демо, деме] طحين ، دقيق

демаН гали كيس طحين

кlен дама طحين أسود

дама лаца ينحّل الطحين

дамар-дарц даН {damar-darc dan} يسحقه سحقاً

даН {daN}[до, дира, дина, дийр ду] يعمل ، يفعل ، يقوم ب ، يصنع ، يشكل

хьо хlуН деш ву? ماذا تعمل ؟

гlуллакх даН يقوم بعمل ، يشتغل

деш-дуьтуш а доцуш لا شغلة ولا عملة ، عطلان بطلان

саН даН хlума дац хьуна ليس في مقدوري أن أساعدك

хlара гlуллакх ца дича ца волу со أنا مضطر لإنجاز هذا العمل (الأمر)

хlуН даН деза вай? ماذا يجب علينا أن نعمل ؟

хlуН даН деза? ما العمل ؟

даН хIума дац ما باليد حيلة

даН хlума доцуш виса يبقى بدون حيلة (لعمل شيء)

зудчо бер дина أنجبت المرأة طفلاً

гlишло ян يبني بناية

дa̲Н 1{da̲n}[до̲гlу, деара, деана, до̲гIур ду] يحضر ، يأتي ، يزور (فعل للمفرد)

суна шуьга ван лаьара أريد زيارتكم

хьо маца вогIур ву? متى ستأتي ؟

тхоьга хьаша веана حضر عندنا ضيف

хьайН веанчуьра вуьжуш ле! ما دمت قد حضرت ، بت عندنا

хьайН веъанчуьра юха дlarlo! ارجع من حيث أتيت

мел догlу хьуна соьгара? كم أنا مدين لك ؟

баттахь мел ахча догlу шуна? كم دخلكم بالشهر ؟

догIа догlу ينزل المطر

цуьнга вон деана حلت به مصيبة

цуьнга ян резахилира иза وافقت على الزواج منه

ца догlург ма леладе! لا تقم بشيء منتقد

цуьнан дешнаш догlуш дац цо лелочуьнца كلامه لا يتفق مع تصرفه

дa̲Н 2 {da̲n}[дохьу, деара, деана, дохьур ду] يُحضر ، يجلب (للأشياء)

дукха ахча деара цо шеца أحضر معه مال كثير

уггара хаза хlума я аьлча, къийго шеН клорни еана عندما قيل للغراب

أحضري أجمل شيء ، أحضرت صغيرها (مثل) ، القرد في عين أمه غزال (المثل العربي)

дa̲Н 3 {da̲n}[дов, дайра, дайна, довр ду] يضيع ، يفقد ، ينطفئ ، يخمد

мичахь дайра хьаН ахча? أين ضاعت نقودك ؟

ларлолахь, ахча довр ду хьаН! حذار ، سوف تفقد مالك

цle яйна انطفأت النار

дa̲Н 4 {da̲n}[дайра, дайна] يرى ، يشاهد

селхана вайра суна иза رأيته البارحة

да-нана (ду) {да-нана} (оьр. родители) الوالدان

хьан да-нана муха Iаш ду? ؟ كيف صحة والديك

да-нана кийча дуй хьан ? ؟ هل والداك على قيد الحياة

дай-наной гулам اجتماع الآباء والأمهات

* дена-нанна ала يسبّ الوالدين

данне а {данне а} مطلقاً ، قط ، على الإطلاق ، نهائياً

данне а дацара и иштта لم يكن الأمر هكذا مطلقاً

иза ванне а бакъ вац هو ليس محقاً على الإطلاق

дао {дао}[даадо, даийра, даийна] يطعم ، يحتّ ، يهرئ

нанас шен берашна яахIума яийра أطعمت الأم أطفالها

хино (хе) тIулг баабо الماء يحت الصخر

дапп-аьлла охьакхета {дапп-а'lla охьакхета} يسقط محدثاً دوياً

дар (ду) {дар} عمل ، صُنع ، قيام ب (مصدر من فعل дан)

дар 1(ду) {дар} حضور ، قدوم (مصدر من فعل дан 1)

дар 2 (ду) {дар} فقدان ، ضياع (مصدр)

эс дар فقدان الذاكرة

дара {дара}[дору, дерира, дерина] يقطّع ، يفصّل ، يقصّ (للملابس)

жижиг дара يقطع اللحم إلى قطع صغيرة

коч яра يفصّل فستاناً

дара-дацар {дара-дацар} جدال ، خِصام

дара-дацара хила يحدث جدال أو خصام

дара-дацар къуьйсуш бара уьш كانوا يتجادلون

дарар (ду) {дарар} تقطيع ، تفصيل (للملابس) (مصدр)

коч ярар تفصيل الفستان

дарба (ду) -наш ду {дарба}[-нан, -нна, -но] دواء ، علاج

дарба доцуш цамгар яц لا داءَ بلا دواء

корта лазаран уггара дика дарба أفضل علاج لألم الرأس

дарба мала يشرب الدواء ، يأخذ العلاج

дарба дан يعالج ، يداوي

дарба лело يستخدم الأدوية

дарба хила يشفى ، يبرأ بتعاطي الدواء

дарбанаш лелор (ду) تعاطي الأدوية

дарбане {дарбане} دوائي ، شفائي ، طبّي

дарбане бецаш أعشاب طبية



дарбаний яшка

дарбаний тыка (ю) {дарбанеен тыка} (оьр. аптека) صيدلية

дарбаний яшка (ю) {дарбанеен ya'shka} (оьр. аптечка) خِزانة أدوية

дарбаний Iилма (ду) (оьр. фармакология) علم الصيدلة ، علم العقاقير

дарбанхо (ву,ю) {дарбанхо}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. аптекарь) صيدلي

дарбанча (ву,ю) -ш бу {дарбанча} (оьр. исцлитель) معالج ، حكيم ، طبيب

дардала {dardala}[дарло, дарделира, дарделла] يهيج ، يغتاظ ، يحنق

забар йича дарвелира иза هاج عندما مازحه

хьо дарвелла хlунда ву? لماذا أنت مغتاظ ؟

дарда<u>н</u> {darda<u>n</u>}[дардо, дардира, дардина] يُهيج ، يُغيظ

даре (ду) **-**наш ду {dare}[-нан, -нна, -н<u>о</u>] (оьр. признание) (мукlарло) إقرار ، اعتراف

даре да<u>н</u> يعترف ، يقر

даре дайта يجعله يعترف

дарехь {darexh} **(даррехь)** بالترتيب ، بالدور

ас дарехь дуьйцура وأنا كنت أتكلم بدوري

дарж (ю) **-**аш ю {darzh}[-ан, -ана, -<u>о</u>] درجة ، رتبة ، منصب ، صيغة (نحو)

лекхарчу даржехь ву иза رتبته عالية

lилма<u>н</u>ан дарж درجة علمية

гlали<u>н</u>-де<u>н</u> дарже хаьржина иза أُنتخِب لمنصب رئيس البلدية

дустаран даржаш صيغ التفضيل (نحو)

даржа {darzha}[даьржа, даьржира, даьржина] ينتشر ، يشيع ، يتفشى ، يتبعثر ، يتعكر ، يتشتت



хабар даржа ينتشر الخبر

цамгар яржа يتفشّى المرض

хи даржа يتعكر الماء

ойланаш яржа تتشتت الأفكار

даржар (ду) {darzhar} (مصدر) انتشار ، تفشي ، تبعثر . تعكر ، تشتت دарж

даржийта {darzheeta}[даржуьйту, даржийтира, даржийтина] يجعله (ينتشر ، يتبعثر)

даржо {darzh<u>о</u>}[даржадо, даржийра, даржийна] يبعثر ، يفرش ، ينشر ، يذيع ، يعكر ، يشتت

туьтеш даржо يبعثر الخرز

куз баржо يفرش السجادة

цамгар яржо ينشر المرض

эладита даржо ينشر الإشاعة

хи даржо يعكر الماء



етта {yetta}[етта, йиттира, йиттина] (يضرب ، يقرع ، يطرُق) بشكل متكرر

вала воллалц йиттира цунна ضُرب ضرباً مميتاً

еттар (ду) {yettar} ضَرب (مصدر)

еттарца lамалур дац бер لا يمكن تأديب الطفل بالضرب

еттийта {yetteeta}[йоьттуьйту, еттийтира, еттийтина] يجعلهم يضربوه

ас-м йоьттуьйтур яц цхьаьнгге а хьуна لن أدع أحداً يضربك

етшура (ю) {yetshura} لبن رائب

еха 1 {уеха}[йоьху, йийхира, ехна] يخطب ، يطلب يد فتاة للزواج (للجنس الثاني ю)

цуьнан йоl еха баьххира уьш حضروا لخطبة ابنته

еха 2 {уеха} طويلة (للجنس الثاني ю)

еха месаш شعر طويل

ехк 1 (ю) ахкарш ю {уехк}[ахкаран, кхкарна, ахкаро] مشط

ехк хьакха يمشِّط ، يسرح شعره

ахкаран цергаш أسنان المشط

юькъа ехк مشط أسنانه متراصّة

ехк 2 (ю) ахкарш ю {уехк} (оьр. грабли) (кагтухa) المدمَّة (أداة ذات أسنان لجمع العشب أو الحجارة الصغيرة أو لتسوية التربة) (كلمة محلية)

ехка {уехка}[йоьхку, йихкира, йихкина] يربط ، يضمد ، يعقِد (للجنس الثاني ю)

чов ехка يربط أو يضمد الجرح

юкъ ехка يشد وسطه بحزام أو يتحزّم بسلاح على وسطه

ешап (ду) -аш ду {уешар}[-ан, -на, -о] عجوز ساحرة (في الحكايات)

Ж (Zh)



Жа (Zha)

жа (ду) -ш ду {zha}[же̲н, же̲на, жано̲, же̲га] (оьр. отара) قطيع من الغنم

жагIа (бу) -наш бу {zhagha}[-нан, -нна, -но̲] (оьр. гравий) حصىً ، حصباء (نادراً تسمى тIо)

жагIжагIа (ю){zhaghzhagha} (оьр. галка, черный ворон) (أنظر хьаргIа) (كلمة نادرة الاستعمال)

жагIнакх (ю) -аш ю {zhaghnakx} (куллан цIе) شجيرة ذات ثمر أحمر شبيه بثمار عنب الثعلب

жайна 1(ду) -ш ду {zhaina}[жайнин, жайнина, жайно̲] (оьр. книга) كِتاب

жайна деша يقرأ كتاباً ، يطالع كتاباً

жайна яздан يؤلف كتاباً

дукха жайнаш яздина цо ألف كتباً كثيرة

уггара муьтIахь доттагI – жайна ду الكتاب خير صديق

жайна 2 (ду) -ш ду {zhaina}[жайнин, жайнина, жайно̲] (хIайкал) تميمة



жамбалт

жайна даккха يعمل تميمة

жайна даьккхина ду цунна (هو مسحور) معمول له تميمة

жайнийн тыка (ю) {zhaineen tueka} مكتبة (لبيع الكتب)

жакъжакъ-буц (ю) {zhaqzhaq-buc } (асаран буц ю) نوع من النباتات الطفيلية

жалекъорг (ду) -аш ду {zhaleqorg} نوع طائر مغرد

(оьр. щур) (хаза эшарш локху олхазаран цIе)

жалелор (ду) {zhalelor} (жа кхабар) تربية الغنم

жаматта (ю) {zhamatta} (жа латто меттиг) مكان وقوف الغنم

жамбалт (ду) -аш ду {zhambalt} (доккха диг) فأس (بلطة) كبير (يعتبر أيضاً من أسلحة الحرب)

жамI (ду) -аш ду {zhamj}[-ан, -ана, -о̲] نتيجة ، ناتج ، مجموع ، حاصل الجمع

талламан жамlаш (оьр. итоги проверки) نتائج البحث

жамl хlотто (дан) (оьр. суммировать) يلخّص ، يجمل

жамlаша шаьш дуьйцу النتائج تتحدّث بنفسها

жамlат-ламаз (ду) {zhamjat-lamaz} صلاة الجماعة

жамlат-ламаз дан يصلي صلاة الجماعة

жана (ю) -ш ю { zhana} (жанин, жанина, жано] 1- المحور الدائري للمغزل 2- كُرسي حجر الطاحونة

(оьр. 1- вращающаяся ось вретена 2- подшипник мельничного жёрнова)

жаннаш (ду) {zhannash} كِلى ، الكليتين جمع لكلمة жим

жансу (ду) {zhansu}[жансун,жансуна,жансуно,жансуга] (оьр. селитра) نترات البوتاسيوم

жантати (ю) жантатеш ю {zhantati}[-н, -на, -но, -га] (оьр. ширица) نوع من الأعشاب

жаргlа (ю) -наш ю {zhargha}[жаргlин, жаргlина, -но] (стен хьакха) خِنزيرة : أنثى الخِنزير

жарж (бу) -аш бу {zharzh}[-ан, -ана, -о] (оьр. кукурузная сечка) جريش الذُرة يستعمل لإطعام الماشية

жарж баккха يحضّر مسحوق الذرة

жатташ (ю) {zhattash} أسراب الطيور جمع لكلمة жут

жахар (бу) -ш бу {zhaxar}[-ан, -на, -о] جذور نبات (الحونك) مسلوقة أو مقلية

(кхехкийна я кхерзина хьонкин орамаш)

жалар (ду) -ш ду {zhajar}[-ан, -на, -о] (оьр. кресть) (жlара) صليب



жалар

жалар дан (يقوم به النصارى عند الصلاة) يعمل على صدره إشارة الصليب

жалар олла يتقلد الصليب

цlен жалар الصليب الأحمر

жалар некъ (оьр. перекрёсток) تقاطع طرق

жаларан тlемаш (оьр. крестовые походы) الحروب الصليبية

жалар дола {zhajar dola} (галморзахдала) يتقاطع

жалар дуьйлуш дуккха а некъаш дара كان هناك الكثير من الطرق المتقاطعة

жаларш (ду) {zhajarsh} (оьр. жабры) خياشيم (السمك)

жалу (ву) -й бу { zhaju}[-ьнан, -ьнна, -ьно, -ьне] راع الغنم

же { zhe} هيا (للنداء)

же, ма lелахь هيا عجّل

же ваха {zhe waxa} (жа дажо ваха) يذهب لرعي الغنم

желтий {zheltee} (оьр. Грекаш бу) الإغريق

жен { zhen} (жа бохучу дашах даьлла ду) خاصّ بالغنم

жен нехча جبن الغنم

жен морзгал (مرض) جدري الدجاج

жен мотт (жаматта)


жерахь {zheraxh} (суьйранна хьалхха) باكِراً في المساء

жерахь веара со حضرت باكراً في المساء


жерахьо (مساءاً) باكراً نوعاً ما

жеро (ю) {zhero}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. вдова) مطلقة

жеро яла تُطلّق



жалаш



жалар некъ

жеролла (ду) {zherolla} (жеро хилар) تَطلُّق ، طلاق (يخص المرأة فقط)

жерчий (ду) {zherchee} نعاج جمع لكلمة жий

жигара {zhigara} (мало йоцуш, каде) نشيط ، فعّال . بنشاط ، بفاعلية

балхахь жигара ву иза هو فعّال في العمل

жигара дакъа лаца деза аша يجب أن تشاركوا بفاعلية

жигарадаккха {zhigara dakkxa} ينشِّط ، يفعِّل (فعل للمفرد)

жигарадала {zhigara dala} ينشط (فعل للمفرد)

жигаралла (ю) {zhigaralla} (мало йоцуш, каде хилар) (оьр. активность) نشاط ، فاعلية

маьлхан жигараллин бохь (фллк) ذروة النشاط الشمسي

жигархо (ву,ю) {zhigarxo} (каде, хьуьнаре къинхьегамхо) عامل أو فرد نشيط

жижиг (ду) -аш ду {zhizhig}[-ан, -на, -о] لحم



жижиг охьург

жижиг кхехко يسلق اللحم

жижиган чорпа مرق اللحم

жижиг датта يشوي اللحم

жижиг даттар شواء

жижиг ахьа يفرم اللحم

аьхьна жижиг لحم مفروم

жижиган зовт (ю) {zhizhigan zawt} (оьр. мясокомбинат) مصنع تصنيع اللحوم

жижиг духку туька (ю) دكان اللحم ، ملحمة

жижиг охьург (ю) {zhizhig oxhurg} آلة لفرم اللحم

жий (бу) жерчий ду {zhee}[-н, -на, -но, -га] (оьр. овца) نعجة

жий бехкина ولدت النعجة

жилlалам (ду) {zhiljalam} (lаламехь, садолу а, садоцу а хIума дерриге а) كل العالم (كلمة قديمة)

жим (бу) жаннаш ду {zhim}[-ан, -ана, -о] (оьр. почка) كِلية (كِلى)

жим дlабаккха يستأصل الكلية

жимчуьра тlулг дlабаккха يستأصل الحصى من الكلية

жима {zhima} (зима) صغير سناً أو حجماً (للمفرد)

жима стаг شابّ

жима а, воккха а ца лоруш بدون اعتبار للسن

жима хета (حجماً) ، يراه صغيراً يبدو صغيراً

хьайн хенал жима хета хьо تبدو أصغر من سنك

хlокху духархо жима хоьтуьйту хьо هذا الزي يجعلك تبدو صغيراً

жима элп حرف صغير

жима а, воккха а صغيرهم وكبيرهم

ЖимаАзи (ю) {Zhima Azi} آسيا الصغرى

жималла (ю) {zhimalla} حداثة ، صغر (سناً) . صغر ، ضآلة

жималлин кеп (ю) {zhimallin kep} (оьр. уменьшительная форма) تَصغير (نحو)

жимаха {zhimaxa} أصغر ، الصغرى

жимаха волу ваша الأخ الأصغر

жимаха долу дакъа الحصّة الأصغر ، الجزء الأصغر

жимдала {zhimdala} يصغرُ ، يصبح صغيراً

жимдан {zhimdan} صغَّر ، جعله صغيراً

жимлург (ду) {zhimlurg} (оьр. уменьшпемое - мат.) مطروح منه (رياضيات)

жимма {zhimma} (кlеззиг) قليلاً ، ضئيلاً

сол жимма воккха вара иза كان أكبر مني قليلاً

суна жимма оьрсийн мотт хаьа أعرف اللغة الروسية قليلاً

жим-жимма شيئاً فشيئاً

жимо {zhimo} صغير نوعاً ما (سناً أو حجماً)

жимхалла лело {zhimxalla lelo} أصول تعامل الشخص مع الذي يكبره سناً حسب العادات الشيشانية

шел воккхачуьнца жимхалла лело деза يجب على الشخص أن يراعي أُصول التعامل مع الذي يكبره سناً

жимчохь {zhimchoxh} في الصغر ، أيام الطفولة

жимчохь дуьйна منذ الصغر

жимчохь lемина хlума тlулга тlе аьгна йоза ду (مثل) التعلم في الصغر كالنقش في الحجر

жин* (ду) -аш ду {zhin}[-ан, -на, -о] جنيّ

жинашца тайна ву иза هو يتعامل مع الجن

* хьан жинаша хIун боху? ها ، ماذا تقول لك تخيلاتك؟

жир (ю) -аш ю {zhir}[-ан, -ана, -о] (оьр. опилки) النُّشارة : ما يسقط عند نشر الخشب

дечиган жир نشارة الخشب



жирга {zhirga} (оьр. противный) مقرف ، بشكل مقرف

хирга хета (боьха хета) يشمئز ، يقرف

жиргlа (ю) -наш ю{zhirgha}[-ан, -нна, -но] (оьр. бубен) دفّ

жиргlа етта يضرب على الدف بشكلٍ متكرر

жовхlар (ду) -рш ду {zhawhar}[-ан, -на, -о] (оьр. жемчуг) جوهرة ، درّ жиргlа

жоммагlа (ду) -ш ду {zhommagha} (жима диг) فأس (بلطة) صغير (أُستعمل أيضاً في الحرب)

жоп 1(ду) жоьпаш ду {zhop}[жоьпан, жоьпана, жоьпо] إجابة ، جواب ، ردّ ، استجابة

дуьззина жоп إجابة وافية

жоп дала يجيب ، يرد

хаттарна жоп делира цо أجاب على السؤال

жоп 2 (ду) жоьпаш ду {zhop}[жоьпан, жоьпана, жоьпо] مسؤولية

жоп дала يتحمل المسؤولية

ас массо а хlуманна жоп лур ду سوف أتحمل مسؤولية كل شيء

ас жоп лур ду цунах أنا سوف أتحمل مسؤولية



жоп хатта (жоп деха) يسائل

жоп хаттар (жоп дехар) مساءلة

соьга жоп доьхур ду цара سوف يسائلوني

жоьжхати (ю) {zhoezhxati}[-н, -на, -но, -га] جهنم

жоьжахатехь في جهنم ، في الجحيم жут

жоьла (ю) -наш ю { zhoela}[жоьлин, жоьлина, -но] (гlота) حظيرة الخراف (كلمة محلية)

(жа lалашден керт)

жоьпалла (ду) -ш ду {zhoepalla} مسؤولية

жоьпалла тledожо يحمله المسؤولية

жоьпалла хьуна тledужу المسؤولية تقع عليك

жоьпаллах кlелхьарвала ينجو من المساءلة

массо а хlуманна жоьпаллахь ву со أنا مسؤول عن كل شيء

жоьра-баба (ю) {zhoera-baba} (оьр. баба-яга) امرأة عجوز شريرة (في الحكايات الخرافية)

жугlар-бlаьргаш (бу) {zhughar-bja'rgash} (оьр. карие глаза) عينان بندقيتا اللون (بني فاتح)

жуккар (ю) -ш ю {zhukkar}[-ан,-на,-о,-е] (оьр. трутень) 1- ذكر النحل 2- مكسال ، طفيلي

жулар (ю) -ш ю {zhular} (оьр. недоуздок) الرسن : ما كان من الأزمة على الأنف

[-ан, -на, -о] (говрана бага юхку гаьллаш йоцу дуьрста)

жут (ю) жатташ ю {zhut}[жуьтан,жуьтана,жуьто,жуьте](олхазарийн тоба) سرب (للطيور)

жухарг (ву) -аш бу {zhuxarg}[-ан, -ана, -о] (оьр. клоун) مهرّج

жуьгти (ву,ю) -й бу {zhuegti}[-чун, -чунна, -чо] يهوديّ



жухарг

жуьгтийн мотт اللغة العبرية

жуьгтийн молла حاخام

жуьжап (ду) -аш ду {zhuezhap} كَشْكَش (الثوب)

[-ан, -ана, о] (оьр. оборка)

жуьжап лаца يخيط له كشكش ، يهدِّب

жуьйраш (ю) {zhierash} نخالة : ما يتبقّى من غربلة الذرة



(оьр. высевки – после просеивания кукурузной муки)

жуьрг (ю) -аш ю {zhuerg}[-ан, -ана, -о] (оьр. вощина) خلية نحل

жlавний (ю) {zhjawnee} (оьр. дикая морковь) جزر بري (نوع نبات)

жlай-гlант {zhjai-ghant} (оьр. табуретка) كرسي دائري بلا مسند وبثلاث أرجل . كرسي بلا مسند

жlайрахо (ву,ю) {zhjairaxo} أحد أفراد سكان قرية (Джерах)

жlайхо (ву,ю) {zhjaixo} (оьр. аварец) أحد أفراد قومية تعيش في الداغستان

жlакки (ю) жlаккеш ю {zhjakki}[-н, -на, -но, -га] (оьр. шашки) لعبة السيجا أو الدّاما

жlаккех-ловзар يلعب بالسيجا


жlамар (ю) -ш ю {zhjamar}[-ан, -на, -о] الأشكال الزخرفية التي تتشكل على الزجاج نتيجة البخار المتجمد عليه في أيام الشتاء القارصة

(lаьнан шелонна коран бlаьрга тlехь хlоьттина, хаза тlамар)

жlара (ду) {zhjara}[жlарин, жlарина, жlаро, жlаре] (жалар) صليب

жlаьвнаш (ю) {zhja'wnash} жlов جمع لكلمة شواكيش ، مطارق

жlаьла (ду) жlаьлеш ду {zhja'la}[жlаьлин, жlаьлина, жlаьло] كلب



жlакки

таллархойн жlаьла كلب صيد

лар толлу жlаьла كلب أثر

lамийна жlаьла كلب مدرب

жlаьла лета ينبح الكلب

луьра жlаьла كلب شرس

хьерадаьлла жIаьла كلب مسعور

жIаьлин кIеза جرو الكلب

* деллачу жIаьлел башха نهائياً ، أدنى من مقدار بعوضة أو كلب ميت

* жIаьлеша яарг (لتأكله الكلاب) تباً له

* жIаьлийн даар (يقصد به طعام أعدّ بطريقة سيئة) خبيصة

жIаьлийн къур (ду) {zhja'leen qur} (оьр. птица-пчелоед) طائر آكل النحل (نوع من الطيور)

жIаьлийн нитт (бу) {zhja'leen nitt} (оьр. яснотка) نبات من فصيلة القُراص لا يؤكل وغير قارص

жIаьлийн нускал (ду) {zhja'leen nuskal} (орь. гриб) فطر

жIаьлийн ун (ду) {zhja'leen un} (оьр. насморк) (шелвалар) زكام

жIаьлийн чIара (бу) {zhja'leen ch'ara} (оьр. вьюн) اللّش (سمك نهري من فصيلة الشبابيط)

жIов (ю) жIаьвнаш ю {zhjaw}[жIаьвнан, жIаьвнна, жIаьвно] شاكوش ، مطرقة

жIов тоха (بالشاكوش) يطرق

дечиган жIов شاكوش خشبي

* жIов дIаяккха يقضي عليه



жIов

жIов-морзах (ду) {zhjaw-morzax} عدّة ، شاكوش وكماشة

жIовни (ю) жIовнеш ю {zhjawni} (натарш , хьаьрмакаш) جذر دريّ (زراعة)

жIож (ю) жIоьжнаш ю {zhjozh}[-ан, -ана, -о] (мохь 3) الدّهن أو الشحم الدّاخلي

жIолам (ю) -аш ю {zhjolam} (оьр. валежник) الأغصان المتدلية والمتيبّسة من الشجرة أو الشجيرة

[-ан, -на, -о] (лаьтта охьаяхана якъаелла ситтина коьллаш, дечигаш)

жIонка (ду) -ш ду {zhjonka}[жIонкин, жIонкина, жIонко, жIонке] جزر

жIонкин мутт عصير الجزر

жIормак (ю) -аш ю {zhjormak} قطعة من الجلد يوضع فيه الحجر المراد رميه بواسطةالمرجام أو المقلاع

[-ан, -на, -о] (оьр. кусок кожи, в который закладывают камень /составная часть пращи)

жIуга (ю) -наш ю {zhjuga}[-нан, -нна, -но] 1- سرب (طيور ، حشرات ، أسماك)


(1- дуккха а олхазарш, чиркаш, чIерий 2- адамийн жима тоба) 2- جماعة غير كبيرة من الناس

чуьркийн жIуга سرب من الناموس




жIаьлийн нускал

Дегlан даьlахкаш



1- туьта
2- йоlзарш
3- динбухка
4- пханар
5- пlендарш
6- белшкорта
7- некхан у
8- белшан даьlахк
9- пхьаьрсан гола
10- чlу даьlахк
11- чlу-пхьарс
12- хьакхолг
13- хьакхолган даьlахкаш
14- куьйган даьlахкаш
15- куьйган пlелгаш
16- нана-пlелг
17- пхьарс
18- куьг
19- хоттарш
20- хенан даьlахк
21- гlартхотте
22- хенан маьlиг
23- цlоганан даьlахк
24- буноста
25- голан хьокхам
26- чlуноста
27- гоноста
28- хьорка
29- коган даьlахкаш
30- коган пlелгаш
31- ког
32- кlажа





1- даьlахк
2- чохчам
3- хоттарган ботт



Туьтанан даьlахкаш


1- хьаьжан даьlахк 2- хьен даьlахк 3- тlуьска 4- лергъюххера даьlахк
5- чlишталган даьlахк 6- лакхара мочхал 7- лахара мочхал 8- бlаьрхин даьlахк 9- меран даьlахк 10- цецан даьlахк 11- зайлан даьlахк





Кхача ахьаран меженаш

1- тlеда къамкъарг 2- зорх (хьер)
3- коча йоьхьаш 4- стомма йоьхьаш
5- сов йоьхь 6- нийса йоьхь
7- гоьта 8- доlах 9- къаьхьаниг (стим)
10- зорхан екхоъ 11- lонжар




Садеlаран меженаш

1- меран хара 2- тlилдиг 3- къамкъарг 4-екъа къамкъарг

5- пах (пехаш) 6- оьз

З (Z)



Зу (zu)

забар (ю) -ш ю {zабar}[-ан, -на, -о] (бегаш) مزاح ، هزل . دعابة ، نكتة ، فكاهة . نادرة

хаза забар مزاح لطيف

вон забар مزاح ثقيل

цуьнан забарш вон ю مزاحه ثقيل

забар ян يمزح

забар ма е соьца! لا تمزح معي

забарш ян يمازح

и забар яц ليست هذه بدعابة أو مزاح

забарш еш элира цо قال مازحاً

забарина على سبيل المزاح

забарина ала قال على سبيل المزاح أو النكتة

шен къамел забаре дерзийра цо حول حديثه إلى مزاح

забаре доцу къамел حديث جدي

забар йоцуш بجدّ

забарна а доцуш بشكل جدي

тlом забар яц الحرب ليست بمزاح

забар ечохь вац со لست في موقف مزاح

забарш ян дог ца догlу сан لا مزاج عندي للمزاح

хlара забар ечохь дац ليس هذا مقام هزل

дукха забарш ю церан لهم نوادر كثيرة

забарш а йитий соьга ладогlа! دع المزاح جانباً واستمع لي

забаре {zабare} مزاحي ، هزلي ، دعَّاب

забаре стаг رجل دعاب

забаре дийцар قصة هزلية

забарча (ву,ю) {zабarcha}[забарчин, забарчина, забарчо] مزَّاح ، هزَّال

заббари (ву,ю) {zabbаri}[-н, -на, -но, -га] (гуттар кечвелларг) غندور (متأنق في ملبسه)

завод* (ю) {zavod} (зовт ю) مصنع

загIа (ду) -наш ду {zagha}[-нан, -нна, -но] هدية من أهل الزوج إلى أهل العروس في ليلة زفافها وهي عبارة عن فخذ الذبيحة التي تم ذبحها لإعداد وليمة العرس

заза (ду) -наш ду {zaza}[-нан, -нна, -но] زهر ، نوّارة ، برعم ثمري (بداية الثمرة ، يكون على شكل زهرة)

заза датIа يتفتّح البرعم الثمري

заза даккха يُنوّر ، يُزهر بالبراعم . يزدهر

заза даьккхина مزهر بالبراعم الثمرية . مزدهر

заза охьадожа يسقط الزهر



зазадаккхар (ду) {zazadakkxar} (مصدر) إزهار . ازدهار

зазакочар (ду) {zazakochar} (оьр. петуния) بَطُّونة (نوع نبات)


зайл 1(бу) -аш ду {zail}[-ан, -ана, -о] سقَّاطة الباب ، مزلاج

зайл болла يغلق المزلاج

неларна зайл болла يغلق الباب بالمزلاج

зайл баккха يفتح المزلاج

неларан зайл баккха يفتح مزلاج الباب



зайл 1

зайл 3

зайл 2 (бу) -аш ду {zail}[-ан, -ана, -о] (оьр. клин) إسفين ، خابور

зайл тоха يدق إسفيناً

зайл 3 (бу) -аш ду {zail} (дечикан пхьеро лелош гIирс бу, борз-морзах санна ши у чIоггIа тIеттIа къовлуш лелабо иза) مربط نجارين

зайла (ю) -наш ю {zaila}[зайлин, зайлина, -но] مقلاة (بدون مقبض) ، صاج

(шена чохь бепиг дотту а, сискал йотту а чуьйнан тIам боцу экъа ю)

зайлан даьIахк (ю) (оьр. клиновидная кость) العظم الإسفيني (يقع في منتصف الجمجمة)

зайт* (ду) -аш ду {zait}[-ан, -ана, -о] (оьр. растительное масло) زيت

хьаьжкIин зайт زيت الذرة

чуьйнавохуьйту зайт (оьр. касторовое масло) زيت الخروع

зайт даккха يستخرج الزيت

зайт хьакха يدهن بالزيت

зайт тоха يُزيّت ، يُشحِّم

зайт дотта يصُب الزيت



зайттухург

зайт-дитт (ду) -аш ду {zait-ditt} (оьр. олива) شجرة زيتون

зайт-диттан {zait-dittan} (оьр. оливковый) زيتي ، زيتوني (لون)

зайтдаьтта {zaitda'tta} (оьр. оливковое масло) زيت الزيتون

зайтдоккхург (ю) {zaitdokkxurg} معصرة زيتون

зайттухург (ю) {zait tuxurg} (оьр. маслёнка) مزيتة

закат* (ду) -аш ду {zakat}[-ан, -на, -о] إلزكاة

закат даккха يخرج الزكاة

закат даккхар إخراج الزكاة ، دفْع الزكاة

закон* (ду) -аш ду {zakon} (Iедал , Iедалш) قانون

законехь дан يعمل وفقاً للقانون

законаш арахеца يسن أو يشرّع القوانين

законехь долу قانوني

законехь доцу غير قانوني

законехь мах бар زواج قانوني

законе хьаьжжина حسب القانون

lаламан законаш قوانين الطبيعة

закъ-аьлла {zaq-a'lla} (цIаьххьана) فجأة ، بشكل مفاجئ جداً

закъ-аьлла саца يتوقف فجأة

закъалт (ду) {zaqalt}[-ан, -ана, -о] (тешамна каралург) عربون ، تأمين (على سبيل الضمان)

закъалт дала يدفع عربوناً

закъалт эца يأخذ عربوناً

закъалтана كعربون ، على سبيل العربون

залк (ю) -аш ю {zalk}[-ан, -ана, -о] (цолк) طريق أو منطقة ذات حفر ونحوه

зама (ю) -наш ю {zama}[-нан, -нна, -но] زمن ، وقت ، موسم . زمان ، عصر ، عهد

шира заманчохь في الزمن القديم

шеран йиъ зама فصول السنة الأربعة

зама яккха (хан яккха) يقضي وقتاً أو زمناً

хала зама ю хlара هذا زمن عصيب

шен заманчохь في زمانه

вайн заманахь (заманчохь) في زمننا ، في عصرنا

заманан латтам (хенан латтам) ظرف زمان

паччахь заманчохь الملك (عصر) في عهد



зарзар

заманан {zamanan} عصريّ

заманан дахар (оьр. современная жизнь) حياة عصرية

заманхо (ву,ю) {zamanxo}[-чун, -чунна, -чо] معاصر

замо (ву) замой бу {zamo}[-чун, -чунна, -чо] واحد من مجموعة تذهب لإحضار العروس حسب العادات الشيشانية

замолах ваха يذهب لإحضار العروس مع المجموعة الآنفة الذكر

зарг (ю) -аш ю {zarg}[-ан, -ана, -о] (коьртан цIока ю) فروة الرأس

зарг яккха يسلخ فروة الرأس

зарзар (ю) -ш ю {zarzar}[-ан, -на, -о] (оьр. соловей) بلبل ، عندليب (طائر مغرد)

(хаза эшарш локху, боьмаша-сира бос болу хаза олхазар)

зарздала {zarzdala}[зарзло, зарзделира, зарзделла] (тишдала) يهترئ ، يبلى بالاستعمال

кехат зарзло تهترئ الورقة

зарздан {zarzdan} (тишдан) يُبلي بالاستعمال

зарздола {zarzdola} (зарздала) يَبلى بالاستعمال



заррат

жайнин мужалт зарзйоьлла بلي غلاف الكتاب

зарзйоьлла мужалт غلاف بال

заррат* (ю) -аш ю {zarrat} (оьр. атом) ذرّة

зарратан бомба قنبلة ذريّة

захал (ву,ю) -ш бу {zaxal}[-ан, -на, -о] القريب (من جهة الزوجه) ، نسيب

захалш قريبات (وصديقات) العروس اللواتي يحضرن حفلة زفافها

захало (ду) -наш ду {zaxalo}[-ан, -нна, -но] نсб 2- مشروع زواج 1-

захало дийца يتكلم في مشروع زواج

захало доьхна церан فشل مشروع زواجهم



юкъахь цхьа захало долуш бу уьш تربطهم أو بينهم صلة نسب ما

заьлгla

заlпар (ду) {zajpar}[-ан, -на, -о] (шех шекъа доккху бецан цle) نبتة الزعفران (يستخرج منه الحبر)

заьзга (ю) -наш ю {za'zga}[-ан, -нна, -но] (зайла, экъа) مقلاة (بدون مقبض) ، صاج

заьлгla (ю) -наш ю {za'lgha}[-ан,-нна,-но,-не] (заьзга, экъа) مقلاة (بدون مقبض) ، صاج

заьнгал дан {za'ngal dan} (оьр. полировать) يصقل ، يُلمّع

заьнгал дар {za'ngal dar} (оьр. полировка) صَقْل ، تلميع

заьнгала {za'ngala} (оьр. полированный) مصقول ، ذو لمعة

заьlабуц (ю) {za'jabuc} (тlехьерчаш хьала йолу, цle заза долу бецан цle) نبات متسلق زهر أحمر

заьla (ю) -наш ю {za'ja}[-ан, -нна, -но] (зlе 1) سلسلة ، جنزير

заьlап {za'jap} مقعد ، معاق (جسمياً) ، مشلول

заьlап стаг شخص مقعد



заьlапалла (ю) {za'japalla} (оьр. увечье) إعاقة ، شلل

заьlапдан {za'japdan} يُعوّق ، يصيب بعاعة أو شلل

тlамо нах заьlапбо الحرب تصيب الناس بإعاقات

заьlапдола {za'japdola} يصاب بإعاقة أو شلل

заьlап хила {za'jap xila} يكون معاق أو مشلول заьlап

заьlапхо (ву,ю) -й бу {za'japxo}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. калека) معاق جسمياً ، مشلول

зебар (ю) -ш ю {zebar}[-ан, -на, -о] (хитухург) رشاشة ماء على شكل دلو ولها قمع به ثقوب

зевнаш (ду) {zewnash} جمع لكلمة зов

зевне {zewne} (декаш долу) رنّان ، طنّان

зевне аз صوت رنّان



зевне мукъаза аьзнаш (علم اللغة) أصوات صامتة مجهورة

къора мукъаза аьзнаш (علم اللغة) أصوات صامتة مهموسة

зеделла {zedella} محنّك ، متمرس ، خبير

зевелла лор (ذو خبرة) طبيب متمرس

зеъелла хьехархо معلمة واسعة الخبرة أو محنكة

зьla

зеделларг (ду) зеделларш ду {zedellarg} (оьр. опыт) خبرة ، تجربة

дахарехь зеделларг خبرة أو تجربة في الحياة

белхан говзаллин теш-кехат شهادة خبرة من العمل

зез (ду) -наш ду {zez} (оьр. лиственница) شجر العَرعَر أو الشّربين (من الفصيلة الصنوبرية)

[-ан, -ана, -о] (готта гla долу дитт)

зезаг (ду) -аш ду {zezag}[-ан, -на, -о] وردة ، زهرة

цlен зезаг زهرة أو وردة حمراء

бес-бесара зезагаш أزهار مختلفة الألوان

безамна зезаг дала يقدم وردة رمزاً للمحبّة

зезаг даккха يقطف وردة

зезагаш даха يقطف الأزهار أو الورود

зезаган хьожа яккха يشم الوردة

зезагаш лехьо يجمع الأزهار

аренан зезагаш أزهار برية

зезагийн курс باقة أزهار

шайн кертахь зезагаш дийна цара زرعوا أزهاراً في باحة بيتهم

зезагийн беш حديقة زهور

чохь кхуьу зезагаш أزهار منزلية

зезагаш мархалделла ذبلت الأزهار



зебар

зезагаш дер (ду) {zezagash der} زراعة الزهور (مصدر)

зезагаш кхиор (ду) {zezagash kxior} تربية الزهور (مصدر)

зезагийн туька (ю) {zezageen tueka} محل لبيع الأزهار

зен 1{zen}[зоь, зийра, зийна, зуьйр ду] يرصد . يفحص ، يختبر ، يجرب

седарчий зен (тергалдан) يرصد النجوم

моторан ницкъ зуьйш ву со أنا أفحص قوة المحرك

шен ницкъ зийра цо اختبر قوته

керла белхало зен يختبر العامل الجديد

зен 2 (ду) зенаш ду {zen}[-нан, -нна, -но] أذى ، ضرر ، ضير ، خسارة

зен дан يؤذي ، يضر

аса хьуна цхьа а зен дийр дац لن أسبب لك أي أذى أو ضرر

тонка озаро зен до могушаллина التدخين يضر بالصحة

хьа хьайна зен ма де! لا تضر نفسك بنفسك

зен дар إيذاء ، إضرار

нахана зен дар хьарам ду من المحرم إيذاء الناس

зен дан يضيع ، يذهب هدراً

ахьа дина дика зен довр дац لن يضيع معروفك

зен хила يخسر ، يصاب بضرر

зен доцуш доххка يبيع بدون خسارة

дукха зенаш хилла цунна تكبد خسائر كثيرة

зен доцуш بلا ضرر ، بلا خسارة

зен дац لا ضير

ларваларх зен дац لا ضرر من الحذر

зен-хулам доцуш بدون أي ضرر أو أذى يذكر



зеразакъ

зене {zene} (зенехь) مؤذي ، مضر ، مخسر

къаьркъа зене ду الخمرة مضرة

могушаллина зене مضر بالصحة

зене мах سعر مخسر

зер (ду) {зер} رَصد ، فحص ، تجربة (مصدر)

седарчий зер (тергалдар) رصد النجوم

бlарса зер فحص النظر

зеразакъ (ю) -аш ю {зеразаq}[-ан,-на,-о,-е] (зlаразукъ) 1-كومة من الثلج 2-رافعة (لرفع الأثقال)

(1- лайх бина лекха барз 2- еза хlума хьалаойу гlирс)

зеразакъца ворда хьалаайа (بالجكّ) يرفع السيارة بالرافعة

зеразакъан терза ميزان يعمل على نظام العتلة

зерет (ду) –аш ду {зеret} (оьр. гробница) ضريح ، مقام ، مزار

зийза {zeeza}[зийза, зийзира, зийзина] يشعر أو يحس بالوخز

зийна {zeena} اسم الفاعل أو المفعول من فعل зен 1

зийна гlирс أداة مجرّبة

зийна доттагlа صديق مجرّب أو موثوق به

зийна седарчий نجوم مرصودة أي تم رصدها

зил (бу) -аш ду {zil}[-ан, -ана, -о] (доза) حدّ

зил тоха يرسم حداً . يضع علامة ما على الطريق . يميّز بين

* шен зила тIе дало يرجعه إلى وضعه المألوف

къамел шен зила тIе дало يرجع إلى صلب الموضوع

иза хьуьнахула зил тухуш вахара ذهب في الغابة واضعاً علامات على الطريق (لكي لا يضيع)



зилбукъар

зилбукъар (ю) -ш ю {zilbuqar} (оьр. клешня) 1- كُلاّب : زائدة شبيهة بالكمّاشة في أطراف بعض القشريات 2- ملقط (ملاقط الغسيل مثلاً)

искогберган зилбукъар كلاّب السرطان

зима {zima} (жима) صغير ، صغيرة (سناً أو حجماً ، صفة تستعمل للمفرد)

ханна зима ву иза هو صغير في السن

зима кор شباك صغير



зовт

зингат (ду) -ий ду {zingat}[-ан, -на, -о] (оьр. муравей) (зинтаг) نملة

зингатийн туьйлиг عشّ النمل

зип (ду) -аш ду {zip}[-ан, -ана, -о] (оьр. шерстяная ткань) قماش صوفي بوبر (كلمة قديمة)

зирх (бу) -аш бу {zirx}[-ан, -ана, -о] (чlерийн хIоаш) بيض السمك

зирх таса تضع البيض

зов (ду) зевнаш ду {zaw}[зевнан, зевнна, зевно] دوي ، رنين ، رنين ، جلجلة ، صليل ، قعقعة

лерга зов деш ду сан أشعر بدوي أو طنين في أذني

зовза {zawza}[зевза, зевзира, зевзина] يشعر أو يحس بوخز

зовкх (ду) -аш ду {zawkx}[-ан, -ана, -о] نعيم ، سعادة

зовкх хьега يتنعّم ، يحس بسعادة

зовт (ю) -аш ю {zawt}[-ан, -ана, -о] (оьр. завод) مصنع

зовталла (ю) {zawtalla} (оьр. индустри) صناعة

меттигера зовталла صناعة محلية (وطنية)

еза зовталла صناعة ثقيلة

яйн зовталла صناعة خفيفة

зока (ду) -наш ду {zoka}[-нан, -нна, -но] (يستعمل لشرب الماء أو نحوه) قدح بعروة مصنوع من المعدن

зокан чохь хи мелира цо شرب الماء بالقدح

зокъам (ю) -аш ю {zoqam} (дIовше а, къаьхьа чам а болу колл ю) (оьр. олеандр) نبات الدُّفلة

зорба 1(ю) -наш ю {zorba}[-нан, -нна, -но] طباعة

зорба тоха يطبع ، يكتب على آلة كاتبة

хьайн жайнина зорба маца тухур ду ахьа? متى سوف تطبع كتابك ؟

зорба тоха кечдан يجهّز للطباعة

зорбатуху чарх آلة كاتبة

зорбанан цIохар (оьр. печатный станок) ماكينة طبع



зока

зорба 2 (ю) {zorba}[-нан, -нна, -но] (оьр. пресса) صحافة

зорбанан бакъо حرية الصحافة

зорбано бахарехь (оьр. по отзывам печати) حسب أقوال الصحافة

зорбанан белхахой (оьр. работники печати) رجال الصحافة

зорбанан конференци مؤتمر صحفي

зорбанча (ву,ю) -аш бу {zorbancha} (оьр. печатник) طابع ، عامل الطباعة

[зорбанчин, зорбанчина, зорбанчо, зорбанче]

зорбатохар (ду) {zorbatoxar} الطباعة (مصدر)

жайнашна зорбатохар طباعة الكتب

тайп-тайпана беснашца зорбатохар طباعة بعدة ألوان ، طباعة ملونة

зорх (ю) -аш ю {zorx}[-ан, -ана, -о] (хьер) (оьр. желудок) معدة

зорхан дал قرحة المعدة

зорхан мутт عصارة المعدة

зорхан екхоъ (ю) {zorxan yekxo'} (оьр. поджелудочная железа) البنكرياس

зоьпар 1(ду) -ш ду {zoepar}[-ан, -на, -о] (оьр. шина) (чIурам) جبيرة

зоьпар тоха (дан) يضع جبيرة

цуьнан куьйгана зоьпар тоьхна ду (يده مجبّرة (بها جبيرة

зоьпар 2 (ду) -ш ду {zoepar} قطعة خشبية يستند عليها صندوق العربة

(оьр. короткий брусок, служащий опорой – напр. у кузова арбы)

зоьрза {zoerza} (эттIа, зарзделла) ممزق ، رثّ (من كثرة الاستعمال)

зоьртала {zoertala} متوسِّط القامة وقوي البنية وذو عضلات بارزة

(юккъера дегI долуш, шен дегI чIагIдина, ондачу стагах олу)

зоьртала стаг (رجل ربعة) رجل متوسط القامة وقوي البنية

зоьрталалла {zoertalalla} توسُّط القامة ومع قوة بدنية

зу (ю) зуьнаш ю {zu}[зуьнан, зуьнна, зуьно] (оьр. еж) قنفذ

зуьнан мехий أشواك القنفذ

зуд (ду) заддарчий ду {zud}[зуьдан, зуьдана, зуьдо] (оьр. сука) كلبة (أنثى الكلب)

* дехкина зуд санна леташ (جبان) ينبح مثل الكلبة المربوطة بمعنى

зуда (ю) -рий бу {zuda} امرأة . زوجة ، قرينة ، عقيلة

[яздеш: зудчун, зудчунна, зудчо, зудчуьнга]

[олуш: зуччун, зуччунна, зуччо, зуччуьнга]

марехь йолу зуда امرأة متزوجة

марехь йоцу зуда امرأة عزباء

зуда еха يخطب امرأة

зуда яло يتزوج



зуда ялийна ву иза هو متزوج

зуда ялор الزواج

зуда йита يطلق الزوجة

йитина зуда امرأة مطلقة

йисина зуда امرأة تقدم بها السن ولم تتزوج

зоьпар 1

зуда йитар الطلاق

зуда елларг أرمل

майра велларг أرملة

зуда ялонза верг أعزب ، غير متزوج

цуьнан зуда дlаяхна رجعت زوجته إلى بيت أهلها



зударийн цамгарш الأمراض النسائية

лор-зуда طبيبة

зударийн лор نسائية (طبيبة) طبيب

зурма طفلة

зудабер (ду) -аш ду {zudaber}

зудаберийн ишкол مدرسة إناث

зударшха {zudarshxa} كالنساء

зудаялийна {zudayaleena} متزوج

зудчалла {zudchalla} (обр. женственность) أنوثة

зудчухтера {zudchuxtera} شبيه بالمرأة

зуз (ду) {zuz}[зуьзан, зуьзана, зуьзо, зуьзе] قشعريرة (عند الفرح أو الخوف المفاجئ)

зуз дан يشعر بقشعريرة ، تنتابه قشعريرة ، يقشعر بدنه

дегlах зуз делира суна (дегlе зуз деара суна) اقشعر بدني

чуьркаша зуз до الناموس يحدث طنيناً

зулам (ду) -аш ду {zulam}[-ан, -на, -о] ظلم ، شر ، سوء ، فساد ، مضرّة . جريمة ، جناية

зулам дан يظلم ، يسبب مضرّة ، يخرّب

зулам лоьхург вонах ца ваьлла (مثل) من يبحث عن الشر لم يسلم من السوء

зуламе {zulame} ظالم ، مفسد ، ضار

зуламе стаг إنسان ظالم

зуламхо (ву,ю) {zulamxo}[-чун, -чунна, -чо] مجرم ، جان ، مفسد ، مخرِّب

тlеман зуламхо مجرم حرب

зурма (ю) -наш ю {zurma}[-нан, -нна, -но] مزمار . زامور (السيارة مثلاً)

зурма лакха يعزف على المزمار

зурманча (ву,ю) -ш бу {zurmancha}[зурманчин, зурманчина, зурманчо] عازف المزمار

зуьгалг 1(ю) -аш ю {zuegalg}[-ан, -ана, -о] (оьр. побег ветка) عِسلاج (البرعم ينشأ منه الغصن)

зуьйриг {zierig} зен 1 اسم الفاعل أو المفعول من فعل

седарчий зуьйриг راصد النجوم

цо зуьйриг хIун ю? ما الذي يفحصه ؟

зуькар (ду) -ш ду {zuekar}[-ан, -на, -о] ذكر ، أناشيد دينية



зукар дан ينشد أناشيد دينية

зlакардаьхни

зlакардаьхни (ду) {zjakarda'xni} الدواجن ذات المنقار

зlакардаьхни кхабар (ду) تربية الدواجن


зlакарш (ю) {zjakarsh} (зIок جمع لكلمة) مناقير

зlамбуц (ю) {zjambuc} (бецан цIе) نوع من الأعشاب

зlара (ду) -ш ду {zjara}[зlарин, зlарина, зlаро, зlаре] أغصان مجدولة

зlара керт سياج من أغصان مجدولة

* зlарин мекха نتوءات المسلفة



зlара

зlаразукъ (ю) -аш ю {zjarazuq}[-ан, -на, -о] (зеразакъ)

зlаьнарш (ю) {zja'narsh} أشعة ، شعاع

маьлхан зlаьнарш أشعة الشمس

могушаллина зене зlаьнарш أشعة (إشعاعات) ضارة بالصحة

зlаьнбуц (ю) {zja'nbuc} نوع نبات ذو زهر أحمر

зlе 1(ю) **-**наш ю {zjе}[-нан, -нна, -но] (оьр. цепь) (заьla) سلسلة ، جنزير


зlенах дladехка يربط بالسلسلة

зlе 2 (ю) -наш ю {zjе}[-нан, -нна, -но] (оьр. связь) اتصال

зlе таса يعمل اتصال أو ارتباط مع

зlе латто يديم أو يبقي الاتصال

зlе 3 (ю) -наш ю {zjе}[-нан, -нна, -но] برقية ، تلغراف



зlе тоха يبرق ، يرسل برقية

сихонца зlе برقية مستعجلة

зlенан бIогIам عمود تلغراف

зlенар

зlенар (ю) -ш ю {zjenar}[-ан, -на, -о] (оьр. тетива лука) وتر القوس (القوس الذي تُرمى به السهام)

зlийдиг (ю) -аш ю {zjeedig} شتلة نبات الذُّرة (بداية نموّها) . يطلق مجازاً على بداية أي شيء

зlиймарг (ю) -аш ю {zjeemarg}[-ан, -ана, -о] (мунда, зlоьмалг) فزاعة (لإخافة الطيور)

зlок 1 (ю) зlакарш ю {zjok}[зlакаран, зlакарна, зlакаро, зlакаре] منقار

зlок тоха ينقر ، يضرب بالمنقار

зlок 2 (ю) зlакарш ю {zjok} 1- الدّيك ، الزند (في الأسلحة) 2- إبرة إطلاق النار في السلاح

[зlакаран, зlакарна, зlакаро, зlакаре]

зlок (лаг) юла يرد ديك السلاح أو يرفع الزند استعداداً للرمي (يعبئ السلاح)

зlок (лаг) оза يطلق الزند ، يقدح زند السلاح

зlок йолу тапча مسدس ذو زند

зlокберг (ю) -аш ю {zjokberg}[-ан, -ана, -о] (оьр. кирка) معول ، منكاش

зlокморзах (бу) {zjokmorzax} كمّاشة حافتها مدببة مثل المنقار

зlоьмалг (ю) -аш ю {zjoemalg}[-ан, -ана, -о] (мунда , зliймарг) فزاعة

зlуга (ю) -наш ю {zjuga}[-нан, -нна, -но] (оьр. оса) دبُّور


зlугано къовзийна со لسعني دبّور



зlок 2



зlокморзах




зlокберг



зlуга

И (I)



Истанг (istang)

и {i}[цуьнан, цунна, цо, цуьнга] (иза) هو ، هي ، ذلك ، تلك

мичахь ву и? ؟ أين هو

мичахь ю и? ؟ أين هي

цуьнан ваша велла ву متوفّ (أخوها) أخوه

цунна нохчийн мотт хаьа هي تعرف اللغة الشيشانية

цо хIун элира хьоьга? ؟ ماذا قال لك

цуьнга ала! (لها) قل له

и гIуллакх соьга далур дац لا أستطيع القيام بذلك العمل

и-ша وحده

цо-ша яздира дега кехат كتب الرسالة وحده لأبيه

и-ша вахара ذهب وحده

и ша ду (иза ша ду) هذا أمر آخر

и.кх. дI.(иштта кхин дIа а) إلى آخره ، وهلم جراً

и доцург عدا ذلك

и бохург хIун ду !? ؟! (للتعجب والإستهجان) ماذا تقول

и дара и! (للإستغراب والاستخفاف) أهذا هو الموضوع

и ду хаза (للإستغراب والإستنكار) ماذا

и ду хьуна дош (للإعجاب والرضى) نعم هكذا ، هذا هو

и-м и дара. Ткъа догIучу Iаьнна хIун кечам бо вай? حسناً هذا معلوم ، وماذا نجهّز لفصل الشتاء القادم ؟

ида {ida}[уьду, идира, идда] ركض ، يجري ، يهرب (بشكل متكرر) . يتهرَّب

сох ма ида! لا تتهرب مني

ишколах уьдуш Iан иза يظل يتهرب من المدرسة

идарх ловзар (الزقّيطة) يركض فيها الأولاد ويحاول أحدهم أن يمسك بهم (لعبة)

идархо (ву,ю) {idarxо}[-чун, -чунна, -чо] (оьр. бегун) عدّاء

идийта {ideeta}[уьдуьйту, идийтира, идийтина] فعل حثي مشتقّ من فعل ида

хьайн кIант хьайх ма идийта! لا تجعل ابنك يتهرب منك

идо {idо}[идадо, идийра, идийна] يخطف

ижу (ю) ижуш ю {izhu}[-н, -на, -но, -га] صيد ، فريسة ، طريدة

ижу лаха يبحث عن فريسة أو غنيمة صيد

ижуна арадала يخرج للصيد

иза {iza} (и) هو ، هي (تستعمل للمفرد فقط)

иза дера ву сан доттагI هو والله صديقي

иза-важа ма алалахь соьга! لا تقل لي كيت وكيت

изза {izza} هو بعينه ، هي بعينها ، ذلك بعينه ، ذات عين ، نفس

изза дан дагадеара суна خطر لي القيام بذات الشيء

ийа {eea}[уьйу, ийъира, ийъина] يرفع ، يحمل (بشكل متكرر مأخوذ من فعل ийа)

ийар (ду) {eear} رَفْعْ ، حَمِل (مصدر)

еза хIумананш ийар дика дац ليس صحياً رفع الأشياء الثقيلة

ийза {eeza}[уьйзу, ийзира, ийзина] يسحب ، يجرّ ، يجذب ، يُدخن ، يحلب (فعل متكرر مأخوذ من оза)

ийзадала {eezadala} يستحي من ، يتكلَّف ، يتحرَّج . ينسحب ، ينجذب (بشكل متكرر)

хьанах ийзалуш ву хьо? ممن تتحرج ؟

цабевзачарах ийзало бер الطفل يتحرج من الذين لا يعرفهم

ийзо {eezо}[ийзадо, ийзийра, ийзийна] ينتُش ، يشدّ ، يجذب ، يسحب (فعل متكرر مأخوذ من озо

месаш ийзо يشد الشعر



ийман* (ду) {eeman}[-ан, -на, -о] إيمان

ийман долуш стаг ву иза عنده إيمان

ийман-беркат хир дац цунах لن يكون منه لا خير ولا بركة

ийманderг {eemanderg} (ийман долу) مؤمن ، ذو إيمان

ийна {eena} مختلط ، ممزوج ، أنيس ، ألوف

нахаца ийна ву иза هو شخص اجتماعيّ

илла а, билла а {illa a, billa a} أرجوك رجاءاً حاراً ижу

илланча (ву,ю) -ш бу {illancha}[илланчин, -илланчина, илланчо] (иллиалархо) مغن ، مغنية

илли (ду) иллеш ду {illi}[-н, -на, -но, -га] أغنية

нохчийн илли أغنية شيشانية

илли ала يغنّي

нохчийн илли элира цо غنى أغنية شيشانية

илли даккха يؤلف أغنية

иллиалархо (ву,ю) {illialarxo}[-чун, -чунна, -чо] (илланча) مغن ، مغنية

имадилла {imadilla} (бусулба хила) ينطق بالشهادة ، يؤمن

имадиллийта {imadilleeta} يجعله يؤمن

имам (ву) -аш бу {imam}[-ан, -ана, -о] إمام

имам хIотта يصبح إماماً ، يئم

имамалла (ду) {imamalla} الإمامة

инарла (ву) -ш бу {inarla} جنرال (رتبة عسكرية)

ингалсан мотт (бу) {ingalsan mott} اللغة الإنجليزية

индустри* (ю) {industri} (зовталла) صناعة

меттигера зовталла (وطنية) صناعة محلية

еза зовталла صناعة ثقيلة

яйн зовталла صناعة خفيفة

инженер* (ву,ю) {inzhener} مهندس

гlишлош яран инженер مهندس معماري

инжийл (ю) {inzheel} (инжир ,Йорданехь леладо иза) شجرة التين أو ثمرها

инзардаккха {inzardakkha} (цецдаккха) يُذوِّل ، يُذوِّش ، يُبهت (فعل للمفرد)

инзардала {inzardala} (цецдала) يُذهَل ، يَندهش ، يُبْهَت (فعل للمفرد)

инзаре {inzare} (вуно , lаламат) جدّاً ، للغاية

инзаре доккха ضخم ، كبير جداً

инзаре хаза رائع ، جميل جداً

инзаре ирча بشع جداً ، فظيع جداً

инкарло (ю) -наш ю {inkarlo}[-нан, -нна, -но] (гамо) ضغينة ، حقد ، عداء

институт* (ю) -аш ю {institut} معهد



лекхара институт المعهد العالي

исбаьхьаллин институт معهد الفنون

lилманца-талларан институт معهد الأبحاث العلمية

хьехархойн институт معهد المعلمين

интернет* (ю) {internet} الإنترنت

интернетчухула عبر الإنترنت

интернет лело يستخدم الإنترنت

инжийл

ира {ira} مسنون ، حادّ ، ماضٍ

ира урс سكينة حادة

ира къолам قلم مسنون

ира бlаьргаш عينان ثاقبتان أو حادتان

маттана ира ву иза هو حاد اللسان

иракарахlотто {irakara hotto} (дог айа) يحمّس ، يشجّع (فعل للمفرد)

иралла (ю) {iralla} (уьралла) مضاءٌ ، حدّةٌ

ирахь {iraxh} قائماً ، واقفاً ، منتصباً (على رجليه ، للإنسان)

ирахь латта (lан) يبقى واقفاً

ирахь ма Iе, охьахаа! لا تبقى واقفاً ، اجلس

ирахlитта {irahitta} يقف ، ينتصب (بشكل متكرر + للجمع)

воккханиг чувеача, чохь берш ирахlиттира عندما دخل الكبير في السنّ ، وقف له الحاضرون

ирахlитто {irahitto} يُنهض ، يُقوّم . ينصُب (فعل للجمع)

ирахlотта {irahotta} يقف (على رجليه) ، ينتصب (فعل للمفرد)

ирахlотта! قف على رجليك

коьрта тlехь мел болу чо ирахlоьттира сан وقف شعر رأسي كله

ирахlоттo {irahottо} يُنْهض ، يُقوّم ، يُوقّف (على رجليه) . ينصُب (فعل للمفرد)

иргlу (ю) иргlош ю {irghu} (оьр. осётр) (цlен чlара) الحَفْش (سمك ضخم يستخرج منه الكافيار)

ирдала {irdala} يصبح مسنوناً أو حاداً ، يصبح مدبّباً

урс ирделира أصبح السكين حاداً

ирдан {irdan} يشحذ ، يبري ، يسنّن ، يحدد



иргlу

урс ирдан يشحذ السكين

урс ирдийриг مسنّ السكين

къолам ирбан يبري القلم

къолам ирбийриг مبراة القلم ، مبراة

ирдина урс سكين مشحوذ

ирдар (ду) {irdar} شحذ ، بَري ، تسنين ، تحديد (مصدر)

ирдогlа {irdogha} (оьр. веять зерно) يذري (يفصل الحبوب عن قشورها)

ирзу (ду) ирзуш ду {irzu} قطعة أرض من الغابة تقتلع منها الأشجار لزراعتها . قطعة أرض من الغابة مزروعة

[-нан, ирзунна, -но, -га]

ирзу даккха يقتطع أشجار جزء من الغابة لتكون صالحة للزراعة

ирке {irke} (оьр. нерешительный) غير حازم ، متردد

ирке стаг شخص غير حازم

ирко (ю) -наш ю {irko}[-нан, -нна, -но] (цахlоттар, озавалар) تردُّد ، عدم الحزم

ирколла (ю) {irkolla} (ирко)

иро {iro} ماضٍ أو حادّ نوعاً ما

ирс (ду) -аш ду {irs}[-ан, -ана, -о] سعادة ، حظّ ، بَخت

ирс долуш ву хьо أنت سعيد الحظ ، أنت محظوظ

ирс лаха يبحث عن السعادة

доцучу ирсана لسوء الحظ

сан ирсана لحسن حظّي

* шен дех ирс ца кхаьчна цунна لم يحصل على شيء من تركة أبيه

ирс хуьлда я ирс хила хьан هنيئاً ، لتكن سعيداً

ирс хилийла хьан! حظاً سعيداً

ирс долуш хуьлда! حظاً سعيداً

майрачун ирс хьуьнарца, зудчун ирс берашца (مثل) سعادة الزوج في قوته وسعادة الزوجة في أطفالها

ирсдерг {irsderg} (ирсе)

ирсе {irse} سعيد ، محظوظ

ирсе дахар حياة سعيدة

ирсе бералла طفولة سعيدة

ирсдоцу {irsdocu} سيئ الحظ ، منحوس

ирсдоцуш ву хьо أنت سيئ الحظ ، لا حظّ لك

ирс-яl {irs-yaj} يا للحظ ، يا للسعادة

ирс-яl хьо винчу ненан يا لحظ من ولدتك ، محظوظة من ولدتك

ирх {irx} إلى الأعلى ، إلى فوق

хьайн куьйгаш ирхдахийта! ارفع يديك إلى الأعلى

* ирх-пурх а طولاً وعرضاً ، بكل الأحوال

* ирх кхийсавала يتقافز إلى الأعلى . يتقافز أو يتصرف غضباً احتجاجاً على شيء ما

ирханехьа {irxanexha} باتجاه الأعلى

ирханехьа вада يركض صعوداً

ирхе (ю) -наш ю {irxe}[-нан, -нна, -но] (ирхо) مرتَفع ، صُعود ، طلعة

ирхлелха {irxlelxa} يقفز ، يثب (بشكل متكرر)

самукъадаьлла ирхлелха يتقافز من الفرح

ирх ма лелха! لا تتواثب ، لا تتقافز

ирхнийса {irxneesa} (оьр. вертикальный) عامودي

ирхо (ю) -наш ю {irxo}[-нан, -нна, -но] (ирхе) مرتَفع ، صُعود ، طلعة

хала ирхо مرتفع صعب

лекха ирхо مرتفع حادّ أو شديد

ирхо а, охьане а طلعه ونزله

охьанеш а, ирхонаш а منحدرات و مرتفعات

ирхо яккха يصعد المرتفع



ирхо

нехан говро ирхо дика йоккху (مثل) حصان الناس يصعد المرتفع بسهولة

الناس تعامل ممتلكاتها بحذر وعناية وتستهين بممتلكات الغير (المعنى العام)

ирхъолла {irx olla} يَشنُق (فعل للمفرد)

зуламхо ирхъоьллира цара هم شنقوا المجرم

ирхъоллар (ду) {irx ollar} الشنق (مصدر)

ирхъоха {irx oxka} يشنق (فعل للجمع)

ирхъэкха {irx ekkxa} يقفز ، يثب (إلى الأعلى) (فعل للمفرد)

ирча {ircha} قبيح ، بشكل بشع

ирчадаккха {irchadakkxa} يبشّع ، يجعله قبيحاً ، يشوّه (فعل للمفرد)

ирчадала {irchadala} يصبح بشعاً أو قبيحاً ، يتشوه (فعل للمفرد)

ирчалла (ю) {irchalla} بشاعة ، قبح

исбаьхьа {isba'xha} رائع ، فاتن ، بهي

исбаьхьа lалам طبيعة رائعة

исбаьхьалла (ю) {isba'xhalla} روعة ، جمال ، بهاء . فنّ

вайн даймехкан lаламан исбаьхьалла جمال طبيعة وطننا

исбаьхьаллин гайтам (оьр. художественная выставка) معرض فنّي

исбаьхьаллин литература الأدب الفني

исбаьхьалч (ву,ю) -ш бу {isba'xhalch} (оьр. художник) فنان ، رسام ، فنانة

исбlе {isbje} (исбала) تسعمائة

искиртиг (ю) -аш ю {iskirtig}[-ан, -на, -о] معدة ثالثة ، أم التلافيف (للمجترات)

ислам дин* (ду) {islam din} (Бусулба дин) الدين الإسلامي

Ислам дин тlеэца يعتنق الدين الإسلامي

исс {iss} تسعة

иссех шо حوالي تسع سنوات

иссазза {issazza} تسع مرات

иссазза исс- дезткъе цхьаъ تسعة في تسعة تساوي واحد وثمانون

иссалгIа {issalgha} تاسع

исског (ю) {isskog} (исскогберг)

исскогберг (ю) -аш ю {isskogberg} (оьр. рак) سرطان (حيوان بحري من القشريات)

истанг (ду) -аш ду {istang}[-ан, -ана, -о] سجادة من اللبّاد على الطريقة الشيشانية مصنوعة من الصوف وعليها زخارف

истанг дан يصنع سجادة من اللبّاد

истори* (ю) {istori}[-н, -на, -но, -га] تاريخ



исског

нохчийн шира истори التاريخ القديم للشيشان

истори язъян يكتب التاريخ

вайн заманан исторехь في تاريخنا المعاصر

истори юкъа ваха يدخل التاريخ

исхар (ду) -ш ду {isxar}[-ан, -на, -о] (машин тайпа) (оьр. сукно) جوخ (نوع قماش)

исхарийн чоа السترة التقليدية للرجال المصنوعة من الجوخ

итт {itt} عشرة

иттех шо حوالي عشر سنوات

иттанаш шераш хьалха قبل عشرات السنين

иттазза {ittazza} عشر مرات

иттазза итт- бIе عشرة في عشرة تساوي مائة

итталгIа {ittalgha} عاشر ، عاشراً

итУ (ю) -ш ю {itu}[-н, -на, -но, -га] (оьр. утюг) مكواة



итун у

кучана иту тоха يكوي الثوب

иту йохъян يحمي المكواة

иту хьакха (тоха) يكوي

иту тоьхна коч قميص مكوي

итУ тохар (ду) {itu toxar} (итУ хьакхар) كوي ، كي (مصدر)

итун у (ду) {itun u} طاولة كوي

ичмик (ю) -аш ю {ichmik} حِلْس : ما يوضع على ظهر الحصان من اللبّاد لتخفيف الاحتكاك للسرج

[-ан, -на, -о] (нуьйра клел, говрана букъа тIе юьллу бIегIиг) (оьр. потник) (талба , ишлик)

иччархо (ву,ю) {ichharxo} (оьр. меткий стрелок, снайпер) قنّاص ، هدّاف ، رام

[-чун, -чунна, -чо]

говза иччархо قناص ماهر

ишалчай (ду) {ishalchai}(оьр. иван-чай узколистый) نبات ذو أوراق رفيعة

ишар* (ю) уьшарш ю {ishar} إشارة يد ، حركة إيمائية

ишкап (ю) -аш ю {ishkap}[-ан, -ана, -о] (оьр. шкаф) خزانة

бедарийн ишкап خزانة ملابس

жайнийн ишкап (مكتبة) خزانة للكتب

аьчка ишкап (قاصّة) خزانة حديدية

ишкол* (ю) -аш ю {ishkol}[-ан, -ана, -о] مدرسة

юьхьанцара ишкол المدرسة الابتدائية

юккъера ишкол المدرسة المتوسطة

лакхара ишкол مدرسة عليا

цхьаьнаийна ишкол مدرسة مختلطة

ишкол чекхяккха ينهي المدرسة

ишколехь вуй хьо? ؟ هل أنت في المدرسة

муьлхарчу классехь ву хьо? ؟ في أي صف أنت

ишколе ваха يذهب إلى المدرسة



иччархо

ишлик (ю) -аш ю {ishlik}[-ан, -на, -о] (ичмик, талба) حِلْس

(нуьйра клел, говран букъа тle юьллу блегIиг) (оьр. поник)

ишшта {ishtta} كهذا ، هكذا ، على هذا النحو

ишшта стаг ца оьшу суна لا أحتاج لهكذا شخص


ишшта дара и? ؟ هل كان الأمر هكذا

ишшта-м дара иза نعم إنه لكذلك

и ишшта чекхдер дац لن يمر الأمر هكذا

ишшта ала деза يجب أن يقال هكذا

ишшта кхо де делира مرت ثلاثة أيام على هذا النحو



ичмик

дан а ду и ишшта فعلاً الأمر هكذا

ишшта-м дара и , делахь а (مع ذلك) الأمر هكذا ولكن

ишшта делахь, вогIур ву со إذا كان الأمرُ كذلك ، فسوف آتي

ишшта кхо де делира وهكذا مرت ثلاثة أيام

ишшта кхин дla а (и.кх. дla) إلى آخره ، و هلم جراً

ишшта а, вуьшшта а على كل الأحوال ، على كل حال ، بكل الأحوال

ишта а, вуьшта а على كل الأحوال ، على كل حال ، بكل الأحوال

ишшта я вуьшшта هكذا أو كذلك

ишшта аьлча а (и. аь.) (оьр. то есть , иначе говоря) بعبارة أخرى

ишштанехь {ishttanexh} (эрна) هدراً ، عبثاً

ишштанехь яхана ца хилла цуьнан цle لم يذهب صيته هكذا عبثاً

иъ-миъ {i'-mi'} مواربة ، مراوغة


иъ-миъ доцуш жоп ло! (مراوغة) أجب بدون مواربة

июль* (бу) {iyul , myatsel-butt} (мятсел-бутт) يوليو ، تموز

мятсел -баттахь في شهر تموز

июнь* (бу) {iyun , mangal-butt} (мангал-бутт) يونيو ، حزيران

Й (Yo)



Йol (Yoj)

йига {yiga}[юьгу, йигира, йигна , юьгур ю] (ю للجنس الثاني) يأخذ ، يصطحب ، يقود

со мича юьгуш ю ахь? ؟ إلى أين تأخذني

цо йигнарг мила ю? ؟ من هي التي تزوجها

йигийта {yigeeta} (ю للجنس الثاني) يجعله يتزوّج . يجعله (يأخذ ، يصطحب ، يقود)

[юьгуьйту, йигйтира, йигийтина]

аса хьо а юьгуьйтур ю цаьрга سوف أجعلهم يأخذونك أيضاً

ша йигийта лаьа цунна соьга هي تريدني أن أتزوجها

йижа {yizha}[юьжу, йижира, йижна, юьжур ю] (ю للجنس الثاني) ينام ، يرقد (فعل للمفرد للجنس الثاني)

сийсара мичахь йижира хьо? ؟ أين نمت ليلة البارحة

йижарий (бу) {yizharee} أخوات جمع لكلمة йиша

йижаяла {yizhayala}[йижало, йижаелира, йижаелла] (ю للجنس الثاني) تستطيع النوم

сийсара дика йижаелира со ليلة البارحة استطعت النوم جيداً

йижийта {yizheeta} (ю للجنس الثاني) (للجنس الثاني) يجعلها (تنام ، ترقد)

йижо {yizho}[йижайо, йижийра, йижийна] (ю للجنس الثاني) ينوّم ، يُرقِد

йиз (ю) -аш ю {yiz}[-ан, -ана, -о] (оьр. пест) مدقّة



йиз

йоьзан йиз مدقّة نحاسية

йиз-мохк (ду) المدقّة والهاون

йий (ду) {yee}[-н, -на, -но, -га] (оьр. пиво) بيرة ، جعّة

йий даккха يصنع البيرة

йийбар (ю) -ш ю {yeebar}[-ан, -на, -о] (салпал) متاع أو عفش البيت

(цIера хIуманаш : мотт-гIайба а, пхьегIаш а, кхиерг а)

йийбарна къен делахь а, хаза кечдина дара цIа مع أن البيت كان فقيراً

йийсар (ву,ю) -ш бу {yeesar}[-ан, -на, -о] (оьр. пленник) أسير ، سبي

йийсар дан يأسر ، يسبي

йийсар винарг الأسير

йийсар хила يقع في الأسر ، يُسبَى

ойланаша йийсаре вина иза أسرته الأفكار ، استحوذت عليه الأفكار

йийсарехь في الأسر ، في السبي

тlеман йийсар (оьр. военнопленный) أسير حرب



йийсархо (ву,ю) {yeesarхо} (оьр. пленник) أسير йий

йийца {yeeca}[юьйцу, йийцира, йийцина, юьйцур ю] يتحدّث عن (للجنس الثاني ю)

ахь юьйцург мила ю? من التي تتحدّث عنها ؟

наха диканна юьйцуш ю иза يتحدّث الناس عنها بالخير

цо юьйцург хlун ю (цавашаран)! ما الذي يتحدث عنه (للاستخفاف)

йийцийта {yeeceeta}[юьйцуьйту, йийцийтира] يجعله يتحدث عن (للجنس الثاني ю)

суна сайн нахе йийцийта ца лаьа لا أُريد أن أجعل الناس تتحدث عني

йийша {yeesha}[юьйшу, йийшира, йийшина] ينام ، يرقد (فعل للجمع للجنس الثاني ю)

йийшо {yeeshо}[йийшайо,, йийшийра, йийшийна] يُنيم ، يُرقِد (فعل للجمع للجنس الثاني ю)

йила {yila}[юьлу, йилира, йилина, юьлур ю] يغسل . يجلي (للجنس الثاني ю)

хьайн юьхь йилирий ахь? هل غسلت وجهك ؟

пхьегlаш йила يجلي ، يغسل الأواني

пхьегlаш юьлу саба صابون للجلي

йилбаз (ду) -аш ду {yilbaz}[-ан, -на, -о] (шайтlа , мелlа) إبليس ، شيطان

йилбазговр (ю) {yilbaz gawr} صقر الناموس ، يعسوب : حشرة طائرة ذات أربع أجنحة كبيرة وشفّافة

(оьр. стрекоза) (йилбаз дин, шайтlан кема, шайтlан говр)

йилбазгlала (ю) {yilbaz ghala} (оьр. мираж) سراب

йилбазкlудал (ю) {yilbaz k'udal} نوع عشب طبي مفيد للأسنان

(цергашна дарбане йолу бецан)

йилбазмох (бу) {yilbaz moх} (шайтlанан мох) إعصار ، زوبعة

йилбазмохь (бу) {yilbaz moхh} (оьр. эхо) صدى ، ارتِداد الصوت

йилгlа (ю) -наш ю {yilgha}[-нан,-нна,-но,-не] (куллан цlе) أثل : نوع من الشجيرات الصحراوية

йилийта {yileeta}[юьлуьйту, йилийтира, йилийтина] يجعله (يغسل ، يجلي) (للجنس الثاني ю)

йилла {yilla}[юьллу, йиллира, йиллина] يضع . ينشئ ... (فعل للمفرد للجنس الثاني ю)

чайник истол тlе йилла! ضع الإبريق على الطاولة

яахlума йилла يضع الطعام

юрт йилла ينشئ (يؤسس) بلدة

телефон йилла يركّب هاتفاً

йис йиллина حدث صقيع

йиллийта {yilleeta}[юьллуьйту, йиллийтира, йиллийтина] يجعله يضع (للمفرد ، للجنس الثاني ю)

йиппар (ду) -ш ду {yippar} (хаза хьожа йолу буц) نوع من الأعشاب لها رائحة زكيه

йис (ю) эсарш ю {yis}[эсаран, эсарна, эсаро] (оьр. иней) صقيع

(буц тlе я дитташ тlе диллина дуткъа лайн чкъор)

йис йилла يحدث صقيع

йиса {yisa}[юьсу, йисира, йисна, юьсур ю] يبقى ، يظل . تَرسُب (للجنس الثاني ю)

маре ца йоьдуш , цlахь йисира иза بقيت في البيت ولم تتزوج

хаттамашкахь йисира иза رسبت في الامتحانات

йисийта {yiseeta}[юьсуьйту, йистийтира, йисийтина] يجعلها (تبقى ، ترسُب) (للجنس الثاني ю)

йист (ю) -ош ю {yist}[-ан, -ана, -о] حافّة ، طَرف . حَدّ

истолан йист حافة الطاولة

гlалин йистехь على أطراف المدينة

гlалин йисте кхечира тхо وصلنا إلى مشارف المدينة

хlордан йист شاطئ البحر

йист йоцу لا حدّ له ، غير متناهٍ ، لا نهائي

йист йоцу стигал سماء لا حدّ لها ، غير متناهية الأطراف

йист ерзо يدرز ، يثني الحافّة ويخيطها (خاص بالخياطة)

йистера цlа البيت الذي على الطرف



йилбазговр

йист (агlо) яккха {yist (agho) yakkха} يحسم أمراً ، يضع له حلاً

хlокху гlуллакхан йист яккха еза вай يجب أن نحسم هذا الأمر

йист (агlо) ялла {yist (agho) yala} ينتهي إلى حل أو نتيجة ما

хlокху гlуллакхан цхьа йист яллалц собар дийр ду вай سوف ننتظر حتى ينتهي هذا الأمر إلى نتيجة ما

йистхила {yistxila}[йистхуьлу, йистхилира, йистхилла] تتكلم ، تنطُق (للجنس الثاني ю)

нохчийн маттахь йистхила! تكلمي باللغة الشيشانية

йита {yita}[юьту, йитира, йитина, юьтур ю] يترُك ، يقلع عن . يطلِّق (للجنس الثاني ю)

сайн зуда цlахь а йитина веана со حضرت تاركاً زوجتي في البيت

маж йита يطلق اللحية

цигаьрканаш йита يقلع عن السجائر (التدخين)

шен зуда йитина цо هو طلق زوجته

йитина зуда مطلقة

зуда йитинарг المطلق

йитаб (ю) -аш ю {yitab} (лаьцнарш , чубоьхкинарш) مجموعة مساجين

йитар (ду) {yitar} ترك ، إقلاع عن (مصدر)

зуда йитар تطليق المرأة

йитийта {yiteeta}[юьтуьйту, йитийтира, йитийтина] يجعله (يترك . يطلِّق) (للجنس الثاني ю)

ша йитийта боху цо هي تطلب الطلاق

йитта {yitta}[юьтту, йиттира, йиттина] يغسل (للملابس) (للجنس الثاني ю)

* хlуманаш йитта يغسل الملابس

бехъелла хеча йитта يغسل البنطلون المتّسخ

йиттина хlуманаш дlатийса! انشري الغسيل

йиттийта {yitteeta}[юьттуьйту, йиттийтира, йиттийтина] يجعله يغسل (للجنس الثاني ю)

йицъяла {yicyala}[йицло, йицъелира, йицъелла] تنسى ، تغفل (للجنس الثاني ю)

йиц ма лолахь! لا تغفلي

хьан цIе йицъелла суна نسيت اسمك

йицъян {yicyan}[йицйо, йичйира, йицйина, йицйийр ю] ينسى (للجنس الثاني ю)

ас хьо цкъа а йицйийр яц لن أنساكِ أبداً

йиш 1(ю) эшарш ю {yish} صوت موسيقي ، أغنية ، معزوفة ، أنشودة ، لحن

[эшаран, эшарна, эшарo]

йиш лакха يغنّي أو ينشُد أُغنية ، يعزف معزوفة أو لحن

эшарш лакха يغنّي أغاني

олхазарийн эшарш تغريد الطيور

йиш 2 (ю) {yish} إمكانية ، استطاعة

сан йиш яц цига ваха لا يمكنني الذهاب إلى هنا

хьо ца веанехьара йиш яцара сан أسعفني جداً حضورك

йиш йоьхна сан انقطعت بي الحيلة ، انقطعت بي السبل ، لقد عجزت

йиш яц مستحيل ، غير ممكن

йиш халa {yish xala} (оьр. потерять голос) يبحّ أو يفقد صوته

йиш хаьлла сан بَحّ صوتي

йишхаьлларг الأبَحّ ، الفاقد لصوته

йиш халар (ду) {yish xalar} البُحّة ، فقدان الصوت (مصدر)

йиша (ю) йижарий бу {yisha}[йиший, йишина, йишас, йишe] أخت

йоккхаха йолу йиша الأخت الكبرى

и сан йиший кIант ву هو ابن أختي

хIара къолам сан йишиниг бу هذا القلم يخص أختي

ден йиша عمّة

ненан йиша خالة

йиша-ваша (ду) الأخوة والأخوات

йишмaлаш (ю) {yishmajash} (хичаш) تصعيرة (حركة بالوجه تعبيراً للاستياء)

йишмaлаш ян يصعّر وجهه

йиъ{yi'}[еанан, еанна, еаммo, еанга] أربعة (للجنس الثاني ю)

йиъ йиша ю сан عندي أربع أخوات

йиъ чоь йолу цIа بيت من أربع غرف أو أربع حجرات

йовда {yawda}[йовду, евдира, евдда] يركضون ، يهربون (فعل للجمع للجنس الثاني ю)

йовза {yawza}[евза, евзира, евзина] يعرف ، يتعرف على ، يتعارف ، يطَّلع على (للجنس الثاني ю)

йовла {yawla}[йовлу, евлира, евлла] فعل للجمع مأخوذ من فعل яла

йовлакх 1(ду) -аш ду {yawlakx}[-ан, -на, -o] منديل (ما يغطّى به الرأس تستعمله النساء)

коьрта туьллу йовлакх منديل للرأس

йовлакх 2 (ду) -аш ду {yawlakx} منديل (لتنظيف الأنف أو ما شابه)

йовлакхца хьайн мара цIанбе ! نظّف أنفك بالمنديل

йовсар (ду) -ш ду {yawsar}[-ан, -на, -o] (оьр. дворняга) كلب مهجَّن . هجين ، مهجَّن

йовха {yawxa} حار ، ساخن (للجنس الثاني ю)

тахана йовха ю вайна الطقس اليوم حار

чохь йовха ю الجوّ في الداخل حار

хьайна тlе йовха хlума юха! البس ملابس دافِئة

йовхалла (ю) {yawxalla} حَرارة عالية ، سُخونة

йовхарийн цамгар (ю) {yawxareen camgar} (оьр. туберкулез лёгких) سل رئوي (مرض)

йовхарш (ю) {yawxarsh}[йовхарийн, йовхаршна, йовхарша, йовхаршка] سُعال

йовхарш етта يسعل بشكل متكرر

йовхарш кхета يصاب بالسعلة

суна йовхарш кхетта أنا مصاب بالسعلة

йовхатар (ю) бовхатарш бу {yawxatar}[-ан, -на, -о] قريبة (تأتي بعد ابن ابن العم أو الخالة)

(маьхчил тlаьхьара гергара зуда)

йовхо (ю) {yawxo}[-нан, -нна, -но] حرارة ، سُخونة (طقس ، جوّ) . دافئ نوعاً ما ، حار نوعاً ما

йовхо эккха يحدث مرتفع جوّي

йовхо ца лов аса لا أتحمّل الحرارة

чохь йовхо ю الجو في الداخل دافئ نوعاً ما

йогlа {yogha}[югlу, юьйгIира, йоьгIна] ينصُب . يكون مقدَّراً (للجنس الثاني ю)

байракх йогlа ينصُب علماً

хlара суна йоьгlна ца хилла لم يكن هذا مقدراً لي

йогlаяла {yoghayala}[йогlало, йогlаелира, йогlаелла] ينتصب ، تتسمر (للجنس الثاني ю)

ша йолччохь йогlаелира تسمرت في مكانها

йогlу хан {yoghu xan} صيغة المستقبل (نحو)

йода {yoda}[юду, юьйдира, юьйдина] نشّف أو حضّر التبن لترقد علية الماشية

йодар (ю) -ш ю {yodar}[-ан, -на, -о] مفرش للمواشي من القشّ أو التبن

йодар ян يعمل مفرشاً للمواشي

йожа {yozha}[южу, юьйжира, йоьжна] يسقط ، يهوي . يكدُن الفرس أو الثور (على النير)

йожо {yozho}[йожайо, йожийра, йожийна] يُسقط ، يُوقع (للجنس الثاني ю)

йоза (ду) -наш ду {yoza}[-нан, -нна, -но] كِتابة ، خَطّ

нохчийн йоза الكتابة الشيشانية

йоза-дешар хаар معرفة الكتابة والقراءة

куьйга йоза خطّ اليد

йозанан болх عمل كتابي

йоза даккха يبتكر أحرف الكتابة



йозадойург

* йозанах цхьа элп ца хаьа أميّ (لا يعرف من الكتابة حرفاً واحداً)

йозадойург (ю) {yoza doiurg} (оьр. резинка) ممحاة

йозалла (ю) {yozalla} وزن

юхадила {yuxadila} يعيد غسل
юхадилла {yuxadilla} يعيد وضع (فعل للمفرد)
юхадовла {yuxadawla} فعل للجمع مأخوذ من فعل юхадала
юхадоладала {yuxadoladala} يبتدئ من جديد ، يُستأنف
юхадоло {yuxadolo} يستأنف ، يبدأ من جديد
къамел тlаьхьа юхадолор ду вай سوف نستأنف حديثنا لاحقاً من جديد
юхадjaxlотто {yuxadjahotto} يعيد تنظيم أو تشكيل
юхакхета {yuxakxeta} ينعكس ، يرتد ، يشرق من جديد
серло юхакхета ينعكس الضوء
юхакхетта серло ضوء منعكس
серло юхакхетар انعكاس الضوء
юхалург {yuxalurg} كقرض ، اقتراضاً
юхалург дала يقرض ، يعير
юхалург ахча дала يقرض مالاً
юхалург эца يستلف ، يقترض
юхалург даккха يقترض ، يستعير
юхаметтахlотта {yuxametta hotta} (يعوّض ، ينصّب ، يَجْبُر) من جديد . يرجع إلى وضعه الأول
юхаметтахlотто يعوّض من جديد . يعيد تنصيب ، يجبّر من جديد ، يعيد إلى وضعه الأول
хилла зенаш юхаметтахlотто يعوض الخسائر من جديد
паччахь юхаметтахlотто يعيد تنصيب الملك
юханехьа {yuxanexha} إلى الوراء ، بالعكس ، بالمقلوب
юханехьа чкъург карчо يدير العجلة إلى الوراء
юханехьа дош деша يقرأ الكلمة بالمقلوب
юхаоза {yuxaoza} يسحب أو يشد إلى الوراء
архаш юхаоза يسحب الرسن
юхаарахеца {yuxaaraxeca} يعيد نشر
жайна юхаарахеца يعيد نشر الكتاب
юхатоха {yuxatoxa} يصد ، يرد الضربة ، يعكس
тlелатар юхатоха يصد الهجوم
мостагl юхатоха يصد العدو
серло юхатоха يعكس الضوء
нel юхатоха يعيد قرع الباب
телефон юхатоха يعيد الاتصال الهاتفي
дов юхатоха ينقض الدعوى
тоьпо белш юхатуьйхира دفعت البندقية الكتف إلى الوراء
юхахатта {yuxaxatta} يعيد السؤال
соьга кхин юхахоттур дац ахьа и! لا تسألني ذلك مرة أخرى

юхахьадала {yuxaxha dala} (харцхьадала) يتفاقم ، يتعقّد ، ينقلب على ، يعاند (مجازاً)

машен то а ца луш юхахьаяьлла تعقد عطل السيارة وصعب إصلاحها

гIуллакх юхахьадаьлла تفاقم الأمر أو الوضع

юхахьажа {yuxaxhazha} يلتفت إلى الوراء ، يراجع ، يعيد النظر أو مشاهدة (فعل للمفرد)

юхахьара {yuxaxhara} مشاكس ، لعوب

юхахьара бер طفل مشاكس

юхахьара лела يسيء التصرف

юхахьаралла {yuxaxharalla} شقاوة ، جموح

юхашара {yuxashara} في السنة القادمة

юхашха {yuxashxa} الذي فيه عرج بسبب خلع مفصل الورك

(чуьраяьлла хенан маьIиг йолу астагIниг)

юхаэца {yuxaeca} يعيد شراء

юхаяздан {yuxayazdan} يعيد كتابة ، يكتب من جديد

юххе {yuxxe} (улле) قرب ، بقرب ، بجانب ، بالقرب من ، قريباً من ، بادئة تأتي مع كثير من الأفعال لإعطائها معنى (بجانب أو بقرب)

пена юххе хIотта يقف بجانب الشباك

юххедаккха {yuxxe dakkxa} يجعله إلى جانبه أثناء المسير أو الحركة (فعل للمفرد)

дас шена юххеваькkхира кIант جعل الأب ابنه إلى جانبه

юххедала {yuxxe dala} يقف إلى جانبه أو يلازمه أثناء المسير أو الحركة (فعل للمفرد)

со сайн дена юххевелира وقفت إلى جانب أبي أثناء المسير

юххедало {yuxxe dalo} يقرّب إلى جانبه

юххедаха {yuxxe daxa} يقترب من ، يدنو من

юххедижа {yuxxe dizha} ينام بجانب أو بقرب (فعل للمفرد)

бер нанна юххедижира نام الطفل بجانب الأم

юххедилла {yuxxe dilla} يضع بجانب أو قرب (فعل للمفرد)

юххедовла {yuxxe dawla} فعل للجمع مأخوذ من فعل юххедала

юххехаа {yuxxe xaa} يجلس بجانب أو بقرب (فعل للمفرد)

суна юххехаа ! اجلس بجانبي

юххехао {yuxxe xao} يجلسه بجانب أو قريباً من (فعل للمفرد)

юххера {yuxxera} مجاور ، قريب ، مقرّب ، عن كثب ، من قرب

юххера доттагI صديق مقرّب

юххера ярта البلدان المجاورة

юххера хьажа ينظر عن كثب

юххехила {yuxxe xila} يدنو إلى جانبه ، يقترب من

юххехило {yuxxe xilo} يدني إلى جانبه ، يقرّب من

юххехула {yuxxexula} (уллехула) بمحاذاة

юххехула тIехвала يمر بمحاذاة أو بجانب

юххехь {yuxxexh} (уллехь) بجانب ، قرب ، بقرب

иза суна юххехь хиъна ву هو جالس بجانبي (قريباً مني)

юх-юха {yux-yuxa} بادئة تأتي مع بعض الأفعال لإعطائها معنى التكرار والإعادة

юх-юха ала يكرر القول ، يقول مراراً وتكراراً

юх-юха изза туьйра дийца кlордийна суна سئمت سرد نفس الحكاية مراراً وتكراراً

юх-юха хетта يكرر السؤال

юх-юххе {yux-yuxxe} (ул-улле) جنباً إلى جنب

юх-юххе охьаховша! اجلسوا جنباً إلى جنب

юх-юххехь {yux-yuxxexh} (ул-уллехь) متقاربين ، بعضهم بجانب بعض

уьш юх-юххехь охьахевшина бу هم جالسون بعضهم بجانب بعض

юцаргаш (ю) {yucargash} (оьр. лапти) خفّ مجدول من أَلياف لبيّة

юша (ю) -наш ю {yusha} (оьр. полынь, дарбане буц) (сагад-буц) نبات الشيح

Юь (Yue)



Юьхк (Yuexk)

юьззина {yuezzina} بصورة كاملة ، على الوجه الأكمل ، ممتلئ تماماً

юьззина зуда ю иза هي امرأة بكل معنى الكلمة

чоь юьззина бераш ду церан عندهم أطفال ملء البيت

бага юьззина ملء الفم تماماً

юьзна {yuezna} ممتلئ ، مملوء ب ، شبعان ، ، ملطّخ ب

чоь адамех юьзна яра الحجرة كانت ممتلئة بالناس

юьзна ю со, кхин яалур яц соьга أنا شبعانة ، لا أستطيع أن آكل أكثر

цуьнан коч цIийх юьзна яра كان ثوبه ملطّخاً بالدم

юькъа {yueqa} كثيف ، جامد ، بشكل كثيف

юькъиг (ю) {yueqig}[-ан, -на, -о] جزء (أجزاء) من الأرض لا تفلح وبالتاي لا تزرع وتبقى مهملة

(ца охуш дитина лаьттан дакъа)

юькъо {yueqo} (كثيف ، جامد) نوعاً ما ، بشكل كثيف نوعاً ما

юьртара {yuertara} من البلدة أو القرية . ريفي ، قروي

тхан юьртара нах أهل بلدتنا

юьртара бахам الحياة الريفية

юьртбахам (бу) {yuertbaxam} (оьр. сельское хозяйство) زراعة

юьртбахаман {yuertbaxaman} زراعي

юьртбахаман инженер (ву,ю) مهندس زراعي

юьртда (ву) юьртдай бу {yuertda} عمدة (مختار) البلدة أو القرية

юьртхо (ву,ю) юьртхой бу {yuertxo}[-чун, -чунна, -чо] أحد سكان البلدة أو القرية

иза сан юьртахо ву هو أحد سكان بلدتي

юьстаха {yuestaxa} متنح ، على طرف ، على جانب ، جانباً

тхан цIеношюьртана юьстаха ду بيتنا على طرف البلدة

тIулг некъана юьстаха кхосса يرمي الحجر على طرف الطريق

юьстахдаккха {yuestax dakkxa} ينحّي (فعل للمفرد)

юьстахдала {yuestax dala} يتنحّى (فعل للمفرد)

некъана юьстахавала! تنحّى عن الطريق

* юьстах ваьлла Iан يتخذ موقف سلبيّ ، لا يتدخل

юьстахдаха {yuestax daxa} فعل للجمع مأخوذ من فعل юьстахдаккха

юьстахдовла {yuestax dawla} فعل للجمع مأخوذ من فعل юьстахдала


юьстахо {yuestaxo} متنح نوعاً ما ، (على طرف ، جانباً) نوعاً ما

юьсте (ю) -наш ю {yueste}[-нан,-нна,-но](таллар, оьр. охота) صيد (الحيوانات أو الطيور البرية)

юьхк (ю) -аш ю {yuexk} 1- قطعة ، كسرة 2- عقب سيجارة 3- ما يتبقى من جذع الشجرة بعد قطعها

бепиган юьхк كسرة خبز





юьхк

юьхь 1(ю) яххьаш ю {yuexh}[-ан, -ана, -о] بداية ، بدء ، مستهلّ

бIаьстенан юьххьехь في بداية (أول) الربيع

юьхь йоло يبتدئ ، يستهل

юьхь лаца يأخذ بزمام ، يمسك برسن (الحصان مثلاً)

говран юьхь лаца يمسك برسن الحصان

юьххьера дуьйна من الأول ، من البداية ، منذ البداية

юьххьера дуьйна дийца ас хьуна туьйра أقص عليك الحكاية من البداية

юьххьера дуьйна чекхдаллалц من أوله إلى آخره ، من البداية حتى النهاية

юьхьанца а, тIаьхьенца а хуур нахана الناس سوف يعرفوا أولاً وأخيراً

юьхь 2 (ю) яххьаш ю {yuexh}[-ан, -ана, -о] وجه

юьхьан аматаш ملامح (قسمات) الوجه

юьхьца вевзира суна иза تعرفت عليه بالوجه ، تعرفت عليه بشخصه

юьхьа тIехь хийцавала تتغير ملامح وجهه



юьхь 2

юьхь-дуьхьал وجهاً لوجه

юьхь-дуьхьал ала يواجهه بالقول

юьхь-дуьхьал хIотта يواجه

юьхь серлаелира цуьнан أشرق وجهه

юьхь яьржира цуьнан انفرجت أسارير وجهه

юьхь йоцуш жоп дала يجيب بسماجة أو وقاحة

юьхь яха يهين ، يبهدل ، يجرح مشاعره

юьхь яйа يهين ، يبهدل ، يريق ماء وجهه

юьхь ян يوقّر ، يعتبر ، يجلّ ، يحترم

юьхь ян يفقد ماء وجهه ، يشعر بالمهانة

юьхь ца ян لا يوقّر ، لا يجلّ ، لا يحترم

юьхь хила يكون عنده وجه لفعل أو لقول شيء ما)

юьхь ю сан цуьнга и ала عندي وجه أن أقول له ذلك

юьхь яц сан цунна тIе ваха ليس عندي وجهه أو أخجل من نفسي أن اذهب إليه

юьхькIайчу хIотта يَبيَضّ وجهه

юьхькIайчу хIоьттира со сайн дена хьалха ابيضّ وجهي أمام أبي

юьхьIаьржачу хIотта يخزى ، يسود وجهه

юьхьIаьржачу хIотто يخزي

нахана хьалха юьхьIаьржачу хIоттийра цо со هو أخزاني أمام الناس

* юьхь йоцуш وقح ، بوقاحة

ма юьхь йоцуш ву иза يا له من وقح

юьхь йоцуш жоп делира цо أجاب بوقاحة

* юьхь яго يشعره بالخزي –2 يلفح وجهه –1

* юьхь ларъян يصون ماء الوجه احتراماً

* юьхь лаьцна лело (يقود (دابّة أو شخص غير عاقل كالمجنون مثلاً لا يستطيع تدبير أموره بنفسه

юьхь 3 (ю) яххьаш ю {yuexh}[-ан, -ана, -о] شخصية (شخصيات مسرحية أو قصة مثلاً)

яххьашкахь деша туьйра أي مثلوا أدوار القصة بالشخصيات



юьхь 4 (ю) {yuexh}[-ан, -ана, -о] (оьр. подлежащее) مبتدأ (نحو)

юьхь-куьг (ду) {yuexh-kueg} الوجه واليدان

юьхь-куьг дила يغسل الوجه واليدين

юьхь-куьг дуьлург (ю) {yuexh-kueg duelurg} مغسلة

юьхьардожа {yuexhardozha} يسقط على وجهه юьхь-куьг дуьлург

юьхьарлаца {yuexharlaca} يستقبل ، يتجه صوب ، يستهدف . يداوم على فعل شيء ، يثابر على

юьхьарлаьцна Iалашо الهدف المقصود

юьрта боьду некъ юьхьарлецира ас التزمت الطريق المؤدية إلى البلدة

юьхьарло (ю) {yuexharlo}[-нан, -нна, -но] (оьр. инициатива) مبادرة

юьхьарло шен кара лаца (оьр захватить инициативу) يأخذ بزمام المبادرة

юьхьанца {yuexhanca} في البداية ، ابتداء ، بداية

юьхьанцара {yuexhancara} ابتدائي ، أولي

юьхьанцара ишкол مدرسة ابتدائية

юьхьза {yuexhza} صيغة المجهول (نحو)

юьхьза хандош (оьр. безличный глагол) الفعل المبني للمجهول

юьхьза кхетам-дош (оьр. безличное предложение) جملة ليس فيها مسند إليه

юьхьиг (ю) -аш ю {yuexhig}[-ан, -на, -о] طرف ، رأس

ши а юьхьиг ирйина гIаж عصا مدببة الطرفين

муьшан юьхьиг طرف الحبل

къамкъаран юьхьиг (تشريح) بلعوم

хенан юьхьиг رأس الشجرة

тоьпан юьхьиг فوهة البندقية

гIожан ши юьхьиг хуьлу олу (مثل) يقال أن للعصا طرفين

* цхьа юьхьиг йоцуш цхьа а хIума ца хуьлу لا شيء إلا وله بداية

* тен юьхьиг лаца يمسك طرف الخيط

юьхькIам (бу) {yuexh-k'am} [юьхькIаман, юьхькIамана, юьхькIамо] بياض الوجه (المعنى المجازي)

юьхькIам бан (يرفع رأسه) يُبيض وجهه

юьхькIам хила (юьхькIайчу хIотта) يطلع بياض الوجه

юьхькIам (юьхькIайчу) хIоттийра цо со (رفع رأسي) بيض وجهي

юьхь-сибат (ду) {yuexh-sibat} هيئة ، طلعة

хаза юьхь-сибат долуш ву иза هو ذو هيئة جميلة

юьхьlаьржам (бу) {yuexh-ja'rzham}[-ан, -на, -о] (юьхьlаьржо)

юьхьlаьржам хила (юьхьlаьржачу хlотта) يخزى

юьхьlаьржо (ю) {yuexh-ja'rzho}[-нан, -нна, -но] سواد الوجه ، خزي ، عار ، فضيحة

юьхь-lаьржо ян (юьхь-lаьржачу хlотто , юьхь-lаьржа хlотто) يخزي

ма юьхьlаьржо ю иза يا له من خزي ، يا للعار

Я (Ya)



Ялтахьокхург (Yalta xhokxurg)

я {ya} أو ، أم ، إما ، وإلا

я со я хьо أنا أو أنت

со гlур ву я хьо гlур ву أذهب أنا أو تذهب أنت

кхана я лама غداً أو بعد غد

я цигахь, я кхузахь هنا أو هناك ، إما هنا وإما هناك

я иштта я вуьштта هكذا أو كذلك

я со дlагlур ву وإلا سأغادر

яа {yaa}[юу, йиира, йиъна, юур ю] يأكل ، يفترس (للأسماء التي تأخذ الجنس ю ، وعلى هذا تنطبق القاعدة الثاني على الأفعال الواردة تحت هذا الحرف)

хорбаз яа лаьа суна (хорбаз ю) أريد أن آكل بطيخاً

lуьйранна дуьйна хlума ца йиъна аса لم آكل منذ الصباح

* яъал дукха еза суна хьо أحبك حباً لدرجة الالتهام

яаяла {yaayala} يستطيع الأكل ، يؤكل ، يتآكل ، يهترئ (للجنس الثاني ю)

яалур яц соьга (яахlума ю), вуьзна ву со لا أستطيع أن آكل ، أنا شبعان

яахlума (ю) -наш ю {yaahuma}[-нан, -нна, -но] أكلة ، طعام

нохчийн яахlуманаш الأكلات الشيشانية

яахlума яа يتناول الطعام ، يأكل

яахlума кечъян يحضّر الطعام

<u>я</u>га {y<u>а</u>ga}[й<u>о</u>гу, <u>е</u>гира, яьгна] يحترق ، يشتعل ، يلتفح من الشمس ، يتحرّق (للجنس الثاني ю)

чохь мел йолу хlума яьгна церан احترق كل متاع بيتهم

дукха маьлхехь ма lе, юьхь йогур ю хьан لا تبق تحت الشمس طويلاً وإلا سيلتفح وجهك

хьо ган йогуш ю со أتحرّق شوقاً لرؤيتك

юьхь йогуш ю сан وجهي متّقد

ягаръян {yagaryan}[ягарйо, ягарйира, ягарйина] يعد ، يحصي (للجنس الثاني ю)

* ягарйина цв валлал дукха كثير جداً ، لا يعد ولا يحصى

<u>я</u>го {y<u>а</u>go}[<u>я</u>гайо, <u>я</u>гийра, <u>я</u>гийна] يحرق ، يلفح (للجنس الثاني ю)

ягорг (ю) ягораш ю{yagorg} (оьр. топливо, горючее) وقود ، محروقات

ягорг (ягораш) дукха еза-м яц шун махкахь? !؟ عسى أن لا يكون الوقود غالياً في بلدكم

яда {yada}[йоду, едира, едда] (ю فعل للمفرد للجنس الثاني) يركض ، يهرب

ядо {yado}[ядайо, ядийра, ядийна] (ю للجنس الثاني) يخطف

йol ядийна цо خطف فتاة ليتزوجها (حسب الأصول والعادات الشيشانية)

яжа {yazha}[ежа, ежира, яьжна] (ю للجنس الثاني) يرتع

яжо {yazho}[яжайо, яжийра, яжийна] (ю للجنس الثاني) يرعى

гезарий яжо вахана ذهب ليرعى الماعز

яжор (ду) {yazhor} (مصدر) رعي

яздайта {yazdaita}[яздойту, яздайтира, яздайтина] يجعله أو يدعه (يكتب ، يسجل ، يدوّن)

дас соьга кехат яздайтира أبي جعلني أكتب رسالة

яздала {yazdala}[язло, язделира, язделла] يُكتب ، يُسجّل اسمه ، يشترك

иза эскаре язвелира سُجل في الجيش

гlуллакхе язъелла иза هي وظّفت ، سُجّلت في العمل

яздан {yazdan}[яздо, яздира, яздина] يكتب ، يُكْتَب ، يخطّ ، يؤلف ، يحرر ، يدون ، يسجّل
يُسَجَّل ، يَنسَخ ، يَنشُر ، يُنْشَر (في صحيفة مثلاً)

цхьаьнга кехат яздан يكتب رسالة لشخص

нохчийн маттахь кехат яздира цо суна كتب لي رسالة باللغة الشيشانية

хlара дош муха яздо? ؟ كيف تكتب هذه الكلمة

дукха жайнаш яздина цо ألف كتباً كثيرة

массо а цlерш язйира цара دونوا (سجّلوا) كل الأسماء

газета тlе яздина ду مكتوب (منشور) في الصحيفة

хьаж тlехь яздина ду цуьнан مكتوب على جبينه

яздар (ду) {yazdar} (مصدر) كتابة ، تأليف ، تدوين ، تسجيل ، نسخ ، نشر

яздархо (ву,ю) {yazdarxo}[-чун, -чунна, -чо] كاتب (كتّاب) ، أديب ، مؤلف

гlараваьлла яздархо كاتب مشهور

яздарш (ду) {yazdarsh} (оьр. записки) مذكرات ، كتابات

яздина {yazdina} اسم الفاعل أو المفعول من فعل яздан

яздина кехат رسالة مكتوبة

хlара кехат яздинарг мила ву? ؟ من كاتب هذه الرسالة

язораш (ю) {yazorash} (дазораш , таьжгенаш) مماطلة ، تسويف

яийта 1 {yaeeta}[йоуьйту, яийтина] يرسل ، يبعث ، يجعله يرسل ، يجعله يُحضِر(للجنس الثاني ю)

суна дукха хlуманаш яийтира цо أرسل (أرسلت) لي أشياء كثيرة

яийта 2 {yaeeta}[йоуьйту, яийтира, яийтина] يجعله أو يدعه يأكل (للجنس الثاني ю)

соьга пагlат яахlума яийта دعني آكل براحتي

яийта 3 {yaeeta}[йоуьйту, яийтира, яийтина] يجعلها تأتي أو تحضر (فعل للمفرد للجنس الثاني ю)

со волчу яийта и دعها تأتِ عندي

яй 1 (бу) -наш ду {yai}[яйн, яйна, яйно, яйга] قدر ، مرجل آلة بخارية (كالقطار مثلاً) ، صهريج

ен негlар غطاء القدر

lаьнаран яй قدر يعمل على ضغط البخار

ен бухара хьал чоьлпина дика хаьа المطفحة أدرى بما في قعر القدر (مثل) أو الذي يديه في النار أدرى بحرارتها

яй 2 (ю) -наш ю {yai}[яйн, яйна, яйно, яйга] (обр. сом) قرموط (سمك من فصيلة الشّبوط يشبه الانقليس)

яйа {yaia}[йойу, яйъира, яйъина] يذبح ، يقتل ، يبيد (للجمع) ، يضيّع ، يبدد ، يطفئ (للجنس الثاني ю)



пхьагалш яйа يذبح الأرانب

чуьркаш яйа يقتل البعوض

хан яйа يضيع الوقت

цIe яйа يطفئ النار أو الحريق

ас дуьнентIера йойур ю хьо سوف أفنيك من الدنيا

яйдакх {yaidakx} (нуьйр тиллаза) حصان بلا سرج яй 1

яйдакхчу говрахь веара иза حضر على حصان غير مسروج

яйн {yain} (дайн) خفيف (صفة للجنس الثاني ю)

яйн цигаьрканаш سجائر خفيفة

яйта {yaita}[йойту, яйтира, яйтина] يجعله يقوم ب ، يجعله يعمل أو يصنع (للجنس الثاني ю)

дечикан пхьере ишкап яйтира ас جعلت النجار يصنع خزانة

яккха {yakkxa}[йоккху, яьккхира, яьккхина] فعل للمفرد للأسماء التي تأخذ الجنس الثاني ю تحتمل معان متعددة ، أنظر لبعض تلك الأمثلة



йоl шен ненах яккха يحرم (يجرد) الأم من ابنتها

са яккха يكسب ربحاً

буьйса яккха يبيت ، يقضي ليلة

баттара шаьлта яккха ينزع الخنجر من غمده

дикка хан яьккхира оха цигахь قضينا هناك وقتاً طويلاً نوعاً ما яй 2

яккхий {yakkxee} (даккхий) كبير (صفة تستعمل للجمع للأسماء التي تأخذ الجنس الثاني ю)

яккхий мачаш أحذية كبيرة

яккхий чоьнаш (واسعة) حجرات كبيرة

яккхий пачхьалкхаш دول عظمى

яккхийен {yakkxeeyen}[яккхийиьь,яккхийиийра,яккхийиийна] تفتخر ، تبتهج (للجنس الثاني ю)

яккхийта {yakkxeeta}[йоккхуьйту, яккхийтира, якхийтина] فعل حثي للمفرد مأخوذ من яккха

соьга цаьргахь буьйса яккхийтира цо جعلني (سمح لي) بقضاء ليلة عندهم

яккъаш (ю) {yaqqash} جمع لكلمة юкъ حواجز ، فواصل ، أبعاد

якха {yakxa}[екха, екхира, екхна] ترضع (للجنس الثاني ю)

якхдала {yakxdala} تضعف أو تستنزف التربة ، يهزل (بسبب نقص المواد الغذائية)

(обр. испытывать недостакок жиров в организме)

якхделла латта تربة ناضبة (مستنزفة)

якхдан {yakxdan} يُضعِف أو يستنزف التربة

якхо {yakxo}[якхайо, якхийра, якхийна] ترضع (للجنس الثاني ю)

сан нанас сан йиша шина шарахь якхийра أمي أرضعت أختي سنتين

якхо (ю) {yakxo}[-нан, -нна, -но] نفاد أو شحّ المواد العضوية من الكائن الحي (للإنسان أو الحيوان)

якъаяла {yaqayala}[якъало, якъаелира, якъаелла] يجف . ييبس ، يعجف (للجنس الثاني ю)

йиттина хlуманаш якъаелла جف الغسيل

якъаялийта {yaqayaleeta}[якъайолуьйту, якъаялийтира, якъаялийтина] يجعله يجف

йиттина хlуманаш мохехь якъаялийта! دع الغسيل يجف في الهواء

якъо {yaqo}[якъайо, якъийра, якъийна, якъор ю] يجفّف (للجنس الثاني ю)

уьшалш якъийна цара جففوا المستنقعات

ял 1(ю) елаш ю {yal} أجر ، ضريبة ، فائدة ، ربا

[йолан, йолана, йоло, йоле]

ял яккха يجبي الضريبة ، يأخذ فائدة أو ربا

ял яла يدفع الضريبة أو الفائدة

юхалург ахча лора цо, тlе ял а йоккхуш كان يقرض المال ويأخذ الفائدة عليه

цхьа а ял йоцуш بدون أي أجر

йолах болх бан يعمل بالأجرة

ял 2 (ю) {yal}[йолан, йолана, йоло, йоле] أجر جزاء العمل الصالح

Дала ял лойла хьуна آجرك الله ، جزاك الله خيراً

ял 3 (ю) яьлнаш ю {yal} (мунда 2) غارب الفرس : وهو ما بين الظهر والعنق

[йолан, йолана, йоло] (оьр. загривок, холка)

яла 1 {yala}[ле, елира, елла, лийр ю] تموت ، تتوفّى (للجنس الثاني ю)

маца елла шун ден нана? متى توفيت جدتكم ؟

сайн берийн дуьхьа яла кийча ю со أنا مستعدة للتضحية من أجل أولادي

яла йоллуш ю иза هي مشرفة على الموت

яла 2 {yala}[ло, елира, елла, лур ю] يعطي ، يمنح ، يقدم ، يدفع (للجنس الثاني ю)

яахlума лой цара шуна? هل يقدمون لكم الطعام ؟

паргlато яла يمنح أو يهب الحرية

яла {yala}[йолу, елира, яълла , ер ю] تنتهي ، يبدأ في ، ينمو ، ينطلق ، يرشح ، يمر ، يعبر أو يجتاز

وهناك معان أخرى لا مجال لحصرها (للأسماء التي تأخذ الجنس الثاني ю)

болх бина маца йолу хьо? متى تنتهين من العمل ؟

яахlума маца ер ю? متى ينتهي (يجهز) الطعام ؟

къамеле елира иза انتقلت إلى الكلام

бешахь дукха буц яьлла نما عشب كثير في البستان

цlаьххьана топ елира فجأة انطلقت بندقية



ялгlу

биргlа мичхьара йолуш ю? من أين ترشح الماسورة ؟

и цlа ца вогlуш ши буьйса елира مرت ليلتان دون أن يأتي إلى البيت

буьйса яьлла вайна حل علينا الليل

пхиттара яьлла иза هي تجاوزت الخامسة عشر من عمرها

яханза ца йолу со أنا مضطرة للذهاب

хьоьга ца аьлча ца йолу со أنا مضطرة لأقول لك

ялалай {yalalai} رَدّة أو ترجيع (لفظة تقال في بعض الأغاني الشيشانية)

ялалай / далалай (ду) {yalalai / dalalai} هناء ، رغد ، عزّ

и ялалай кхин хир дац шуна لن يكون لكم هذا الهناء بعد الآن

ялгlу (ду) -ш ду {yalghu}[-н, -на, -но, -га] مقلاة لها مقبض

ялгlу чохь хloаш кхарза يقلي البيض في المقلاة

ялийта {yaleeta}[йолуьйту, ялийтира, ялийтина] يجعلها تموت (مأخوذ من فعل яла 1)

ас хьо йолуьйтур яц لن أدعك تموتين

ялийта {yaleeta}[йолуьйту, ялийтира, ялийтина] يجعله (تنتهي من ، تجهز ، تنمو ، تنطلق ، تعبر تتجاوز ، تمر ، تمضي ...(مأخوذ من فعل яла)

цкъа болх бина ялийта со دعني أولاً أنهي عملي

яахlума сиха ялийта! اجعلي الطعام يجهز بسرعة

со веллачул тlаьхьа лаьттахь буц ма йолуьйла بعد موتي لا نما عشب على الأرض (أو من بعدي الطوفان)

ши буьйса ялийтира цо جعل ليلتين تمضي

хан сиха ялийта хlун де вай? ماذا نعمل ليمضي الوقت بسرعة ؟

ялкха (ю) -наш ю {yalkha} (оьр. люшня) جناح العجلة أو الدولاب ، جناح السيارة

[-нан, -нна, -но] (чкъургаш тlехула хloттийна вордан цlа)

яллалц {yallalc} حتى ، لحين ، ريثما (للأسماء التي تأخذ الجنس الثاني ю , مأخوذ من яла)

и цlа яллалц لحين حضورها للبيت

яахlума яллалц собарде! انتظر لحين انتهاء الطعام

болх бина яллалц дlа ма гlо! لا تغادري حتى تنتهي من العمل

буьйса яллалц لحين حلول الليل

яллалц {yallalc} حتى الموت (للأسماء التي تأخذ الجنس الثاني ю ، مأخوذ من فعل яла)

со яллалц дицдийр дац ас хьуна иза لن أنسى لك ذلك ما حييت

ялo {yalo} هلمي ، هيا ، هيا بنا (للمفرد ، للجنس الثاني ю)

ялo цlа! هلمي إلى البيت

ялo {yalo}[ялайо, ялийна] يُحضِر (للإنسان ، للحيوان الذي يمشي على أربع) ، يتزوج ، يقترن ب

шайца шен йol ялийра цо أحضر معه ابنته

lаьрбийн махкара эмкал ялийна цара أحضروا جمالاً من بلاد العرب

маца ялийна ахь зуда? متى تزّوجتَ ؟

ялор (ду) {yalor} إحضار (مصدر)

зуда ялор атта дац الزواج ليس سهلاً

ялпор (ду) {yalpor}[-ан, -на, -о] (оьр. наждак) ورق صنفرة (ورق الزجاج)

(металл цlандеш хьокху гlорrla кехат ду)

ялпор хьакха يصنفر ، يمسح بورق الزجاج

ялсамани (ю) ялсаманеш ю {yalsamani}[-н, -на, -но, -га] الجنة ، الفردوس ، دار النعيم

ялсаманехь في الجنة

ялсамане ваха يدخل الجنة

дуьненан ялсамане جنة الأرض

даймохк – ялсамане, нехан мохк – жоьжахате (مثل) جنة المرء وطنه والغربة جحيمه

ялта (ду) -ш ду {yalta}[ялтин, ялтина, ялто] حبوب (يقصد به حبوب القمح) ، غلال القمح

ялта ден يزرع القمح

ялта дер زراعة القمح

ялта хьакха يحصد القمح

ялта чудерзо يجني القمح

ялтахьокхург (ю) {yalta xhokxurg} حصّاده

ялх {yalx}[-анан, -анна, -аммо, -анга] ستة ، رقم ستة

ялхе а الستة

ялх-ворхI من ستة إلى سبعة

ялх-ялх ستة ستة

ялхазза {yalxazza} ست مرات

ялхазза ялх, ткъе ялхитта ستة في ستة تساوي ستة وثلاثون

ялхалгIа {yalxalgha} سادس

ялхалгIачу классехь ву иза هو في الصف السادس

ялхалгIа дакъа السدس

ялхитта {yalxitta} ستة عشر

ялхо 1 (ву,ю) {yalxo}[-чун, -чунна, -чо] أجير ، خادم ، خادمة

ялхо 2 {yalxo}[ялхайо, ялхийра, ялхийна] يبكيها ، يتظلم أو يشكو من (للجنس الثاني ю)

и хIунда ялхайо ахь? لماذا تبكيها ؟

цо соьга ялхийра хьо شكا لي منك

ямарта {yamarta} خائن ، غدار

ямарта хила يخون ، يغدر

шен доттагIчунна ямарт хилира иза خان صديقه ، غدر بصديقه

ямартло (ю) -наш ю {yamartlo}[-нан, -нна, -но] خيانة

ямартло ян يقوم بخيانة

даймахкана ямартло яр خيانة الوطن

шен къомана ямартло йина цо خان شعبه

ямартлонна бехкеван يُتَّهم بالخيانة

ямартлонна ирхъолла يُشنق بسبب الخيانة

ямартхо (ву,ю) {yamartxo}[-чун, -чунна, -чо] خائن ، خائنة

ямбаш (ву,ю) ямбашаш бу {yambash} (астагIа стаг я зуда ю) أعرج ، كثيراً ما تقال للحصان

ян {yan}[йо, йира, йина, йийр ю] يعمل ، يفعل ، يقوم ب ، يصنع ، تنجب (للجنس الثاني ю)

беш ян يعمل بستاناً

гIишло ян يبني بناية

машенаш йо зовт (завод) مصنع السيارات

цуьнан зудчо йоI йина زوجته أنجبت بنتاً

ян 1 {yan}[йорIу, еара, еана, йорIур ю] يحضر ، يأتي ، يحل ، يزور (فعل للمفرد للجنس الثاني ю)

тхоьца йогIий хьо? هل تأتين معنا ؟

маца йогIур ю хьо тхоьга? متى ستأتين عندنا (ستزورينا) ؟

тхоьга цхьа хьаша еана حضرت عندنا ضيفة ما

соьга ян реза юй хьо? هل تقبلين الزواج بي ؟

ян 2 {ян}[яхьа я йохьу, еара, еана, йохьур ю] (للجنس الثاني ю) يحضر ، يجلب

ян 3 {ян}[йов, яйра, яйна, йовр ю] (للجنس الثاني ю) يضيع ، يفقد ، ينطفئ ، يخمد

январь* (бу) {янwар , nazhi-butt} (нажи-бутт) كانون الثاني ، يناير

янтор {янтор} (арlор, раз) بانحراف ، ميلاً

яо {яао}[яайо, яийра, яийна, яор ю] (للجنس الثاني ю) يُطعِم ، يَحُت ، يُهرئ

япаркх (ду) -аш ду {япаркх}[-ан, -ана, -о] (силу деш лело басар ду) صبغة تستعمل في الدباغة

яппарш (ю) {яппарш} (оьр. ропот) (хамталла) تذمّر

яппарш ян يتذمر

яра {яра}[йору, ерира, ерина] يعمل قصة بالقماش لخياطته

коч яра يقص فستاناً

ярар (ду) {ярар} (مصدر) قص القماش قبل الخياطة

яраш (ю) {ярош} (оьр. бурьян) (къух) حشائش طفيلية طويلة

ярезаз (ду) {ярезаз} (оьр. цветок черемухи) (оьр. черёмуха راجع كلمة) زهرة بطمة الشمال

яржа {яржа}[яьржа, яьржира, яьржина] (للجنس الثاني ю) ينتشر ، يتفشّى ، يتبعثر ، يتشتت

махкахь цамгар яьржина انتشر المرض في البلد

ойланаш яьржина цуьнан تشتت أفكاره

яржо {яржо}[яржайо, яржийра, яржийна] (للجنس الثاني ю) ينشر ، يبعثر ، يشتّت

ярста {ярста}[ерста, ерстира, ерстина] (للجنس الثاني ю) تسمن ، تصبح سمينة أو بدينة

кху деношкахь дукха ерстина со هذه الأيام سمنت جداً

ерстина зуда امرأة بدينة

ярсто {ярсто}[ярстайо, ярстийра, ярстийна] (للجنس الثاني ю) يسمّن

ярташ (ю) {ярташ} جمع لكلمة юрт بلدات

ясакх (ю) -аш ю {ясакх}[-ан, -на, -о] (оьр. дань) جزية ، إتاوة

(элаша а, хьолахоша а мискачу нахера йоккхуш хилла ял ю)

ясакх яккха يجبي أو يحصّل الجزية

ясакх яла يدفع الجزية

ясакхах вала يتخلص من الجزية

ясso {ясso}[яссайо, яссийра, яссийна] (للجنس الثاني ю) يفرغ ، يفرّغ ، يخلي

хlусам ясso يخلي المسكن

ишкап ясso يفرغ الخزانة

яста {яста}[йосту, яьстира, яьстина] (للجنس الثاني ю) يفتح ، يحل ، يفك . يفتتح

чов яста يفتح على الجرح

ястаяла {ястаяла}[ястало, ястаелира, ястаелла] (للجنس الثاني ю) ينفتح ، ينفك ، تهدأ

дархочун чов ястаелла انفتح جرح الجريح

оьгlазяханчуьра ястаелира иза هدأت أو رجعت إلى حالتها الطبيعية بعد حالة الغضب

ята {ята}[ета, етира, етта] (للجنس الثاني ю) يتخثر ، يروب ، ينكمش ، يندك

шура етира راب الحليب

етта шура لبن رائب

ято {ято}[ятайо, ятийра, ятийна] (للجنس الثاني ю) يخثّر ، يروّب ، يدك

шура ято يروّب الحليب

гӏум ято يدك الرمل

ятта {yatta}[йотту, еттира, еттина] يشوي ، يلفح ، يحرق (للجنس الثاني ю)

хьаьжкӏаш ятта يشوي الذرة

маьлхо юьхь йоттур ю хьан سوف تلفح الشمس وجهك

ятӏа {yat'a}[етӏа, етӏира, яьттӏа] يتمزّق ، ينفلق ، يتصدع ، ينشق (للجنس الثاني ю)

ларло ! коч етӏар ю хьан حذار وإلا تمزق ثوبك

ерстина ятӏа йоллу иза تكاد أن تنفلق من بدانتها

гай ятӏийча санна мохь хьоькха يصيح كأن بطنه قد بُقِرَ

ятӏо {yat'o}[ятӏайо, ятӏийра, ятӏийна] يمزّق ، يفلق ، يشق (للجنس الثاني ю)

яха {yaxa}[йоьду, яхара, яхна, гӏур ю] يذهب ، يمضي ، يزور ، تتزوج (للجنس الثاني ю)

мича яха йоллу хьо? ؟ إلى أين تودين الذهاب

хьаьнга яхна иза маре? ؟ بمن تزوجت هي

яха 1{yaxa}[ехa, ехира, яьхна, ехар ю] يعيش ، يحيا ، يقطن ، يسكن (للجنس الثاني ю)

берзалой тобанашкахь ехa الذئاب تعيش في مجموعات

мичахь ехаш ю хьо? ؟ أين تسكنين

дукха яхийла хьо أطال الله في عمرك

сан ден нана бала шарахь яьхна عاشت (عمرت) جدتي مائة سنة

хаза яха хиъна иза هي بدأت تعيش حياة جيدة

яха 2 {yaxa}[йоху, ехира, яьхна] (فعل للجمع للجنس الثاني مأخوذ من فعل яккха)

буьйсанаш яха يقضي الليالي

хьаьжкӏаш яха يقطف الذرة

яхалла {yaxalla} طول (صفة للجنس الثاني ю)

кучан яхалла мел ю? ؟ كم طول الفستان

яхийта {yaxeeta}[йохуьйту, яхийтира, яхийтина] يجعلها تذهب أو تتزوج (مأخوذ من яха)

цунна со яхийта ца лаьа لا يريد أن أذهب

со цаьрга йохуьйтий ахь? ؟ هل تسمح لي أن أذهب عندهم

хьан цӏерачара цуьнга маре йохуьйтур юй хьо? ؟ هل سيسمح لك أهلك بالزواج منه

яхийта 1{yaxeeta}[йохуьйту, яхийтира, яхийтина] يجعلها تعيش (مأخوذ من فعل 1 яха)

яхийта 2 {yaxeeta}[йохуьйту, яхийтира, яхийтина] (فعل للجمع مأخوذ من فعل яккхийта)

яхка {yaxka}[йохку, ехкира, ехкина] يضع ، يحدد ، يعين (فعل للجمع للجنس الثاني ю)

сирникаш шайн ботт чу яхка ضع أعواد الثقاب في علبتها

сан мачаш мича ехкира ахь? ؟ أين وضعت حذائي

яхка {yaxka}[йогӏу, яьхкира, яьхкина] يأتي ، يَحضُر (فعل للجمع للجنس الثاني ю)

сийсара вайн юьрта берзалой яьхкира ليلة البارحة أتت ذئاب إلى بلدتنا

яхкар (ю) {yaxkar} (оьр. звездчатка) (бецан цӏе) نوع نبات

яхо {yaxo}[яхайо, яхийра, яхийна] يسكرها ، يخدر (للجنس الثاني ю)

маларо яхийна иза الخمرة أسكرتها

* операци яле яхор юй цара со? ؟ هل سيخدروني قبل العملية الجراحية

яххаш (ю) {yaxxash} ذيول الفستان أو الرداء جمع لكلمة юх

яххьаш (ю) {yaxhhash} وجوه جمع لكلمة юьхь

яхна хан (ю) {yaxna xan} الزمن الماضي (نحو)

хlинца яхна хан زمن ماض حدث للتو

хьалха яхна хан زمن ماض حدث في السابق

яхъяла {yaxyala}[яхло, яхъелира, яхъелла] يطول ، يتمدد (للجنس الثاني ю)

lай буьйсанаш яхло الليالي تطول في الشتاء

яхъян {yaxyan}[яхйо, яхйира, яхйина, яхйийр ю] يطوّل ، يطيل ، يمدد (للجنس الثاني ю)

яхъяр (ду) {yaxyar} إطالة ، تطويل ، تمديد (مصدر)

хан яхъяр تمديد الوقت

яхь 1 (ю) {yaxh}[йохьан, йохьана, йохьо, йохье] نخوة ، إباء ، عزّة النفس

яхь йолуш ву иза هو ذو نخوة ، هو أبي أو عزيز النفس

яхь 2 (ю) яххьаш ю {yaxh}[йохьан, йохьана, йохьо] تسابق ، مسابقة ، تنافس

яхье вала (йохье вала) يسابق ، ينافس ، يباري ، يتبارى

цхьаьнца йохье вала (къовса) (يتسابق ، يتنافس ، يتبارى) مع شخص

йохье кхайкха يدعو للمسابقة أو المنافسة

махкахь хьалхара меттиг яккха йохье вала يتنافس على المركز الأول في البلد ، يتنافس على بطولة

яхьа 1 {yaxha}[яьхьа, яьхьира, яьхьна] يجرؤ (للجنس الثاني ю)

борз суна тlеян ца яьхьира لم يجرؤ الذئب على الاقتراب مني

шен майрачух ца яьхьира иза لم تجرؤ من زوجها

яхьа 2 {yaxha}[хьо, яьхьира, яьхьна, хьур ю] يحمل أو يأخذ معه (للأشياء) (للجنس الثاني ю)

шеца яахlума яьхьирий цо هل أخذ معه طعاماً

яхьалла {yaxhalla} (обр. соревнование) مسابقة ، مباراة ، تنافس

тахана буьрканах ловзучу яхьалле кхайкхина тхо دعينا اليوم لمباراة كرة القدم

оцу яхьаллехь туьйлира вайнехан клентий في تلك المسابقة أو المباراة فاز شباب الشيشان

яц {yac} (вац , яц , бац , дац) لا ، ليس ، ليست ، أليس ، بل (نفي للجنس الثاني ю)

хаьац суна и цlахь ю-яц لا أعرف إن كانت في البيت أم لا

хlара жlаьла дац , борз ю هذا ليس كلباً بل ذئباً

хlара сан йиша яц هذه ليست أختي

хьажахь, Петlамат яц иза? ؟ أنظر ، أليست هذه فاطمة

яцалла {yacalla} قصر (صفة للجنس الثاني ю)

яцъяла {yacyala}[яцло, яцъелира, яцъелла] يقصر ، يتقلص (للجنس الثاني ю)

буьйсанаш яцъелла قصرت الليالي

яцъян {yacyan}[яцйо, яцйира, яцйина, яцйийр ю] يقصّر (للجنس الثاني ю)

сайн месаш яцъян йоллу со أريد أن أقصر شعري

хан яцъян يختصر الوقت أو المدة

яча {yacha}[йочу, ечира, яьчна] (йочуна хила) يتلبد الجو بالغيوم

стигал йочу تتلبد السماء بالغيوم

стигал яьчна تلبدت السماء بالغيوم

яша 1{ya_sha}[_еша, _ешира, яьшна] يعجبها ، يملأ عينها (للجنس الثاني ю)

хьан гӏуллакхах чӏогӏа еша со يعجبني عملك جداً

соьга хьажа а ца еша иза لا تتنازل فتنظر إلي

яша 2{ya_sha}[йо_шу, _ешира, яьшна] يحلق (للجنس الثاني ю)

маж яша يحلق اللحية

маж йошу урс موسى الحلاقة (شفرة الحلاقة)

яшо {yash_o}[яшайо, яшийра, яшийна] يبلل ، يرطّب ، ينقع (للجنس الثاني ю)

догӏано яшийна иза بللها المطر

йиттина хӏуманаш хичохь яшо ينقع الغسيل

Яь (Ya')







Яьшка (Ya'shka)

яьлнаш (ю) {ya'lnash} ял



3 جمع لكلمة

яьсса {ya'ssa} (ю للجنس الثاني) فارغ ، أجوف ، خال ، غير شاِر

яьсса чоь حجرة فارغة

яьсса меттиг (غير شاغر) مكان خال

яьсса аре برية جرداء

яьсса хIума чIогIа ека (مثل) الشيء الأجوف صداه عال

* и-м цхьа яьсса хIума яра (أحمق) فعلاً أنه أجوف الرأس

яьшка 1(ю) -наш ю {ya'shka}[-нан, -нна, -но] صندوق кехатийн яьшка

яьшка 2 (ю) -наш ю {ya'shka}[-нан, -нна, -но] جارور

яьIна (ю) -ш ю {ya'jna}[яьIнин, яьIнина, яьIно] (оьр. шея – задняя часть) قفا العنق

яьIна йожа تشنج عضلي لعضلات قفا العنق

* сайн яьIни тIе على عاتقي ، على مسؤوليتي

* яьIни тIе хаа يتحكم في رقاب الناس



яьIна

I (J)



Iy (Ju)

Ia (ду) {ja}[Iаьнан, Iаьнна, Iаьно] شتاء ، فصل الشتاء

Ia даккха يقضي فصل الشتاء

Ia даккхар قضاء فصل الشتاء

Ia дола يحل الشتاء

Ia долар حلول فصل الشتاء

Iай ло дуьллу ينزل الثلج في الشتاء

шийла Ia شتاء قارص

Iаьнан деношش أيام الشتاء

Iаьнан бедарш ملابس شتوية

Iаьнна кечам бан يستعد لفصل الشتاء



Iад 2

Iаба {jaba}[Iеба, Iебира, Iаьбна] يرتوي ، يشبع (ما عدا الأكل)، يشفي غليله

хьоьга хьежарх Iебар вац со لا أشبع من النظر إليك

Iабар (ду) {jabar} ارتواء ، شبع ، إشفاء الغليل (مصدر)

Iаббалц {jabbalc} حتى الارتواء ، حتى الشبع ، حتى يشفي صدره

Iаббалц хи мала يشرب الماء حتى الارتواء

Iабо {jabo}[Iабадо, Iабийра, Iабийна] يرويه ، يشبعه ، يشبّع ، يشفي غليله

дог Iабо يشفي صدره

Iад 1(ду) Iедаш ду {jad} قضيب على شكل قوس يضرب به الصوف أو القطن عند تنفيشه

[Iедан, Iедана, Iедо] (тIаргIа къажбен лелош Iодан кепара чIу бу)

Iад 2 (ду) Iедаш ду {jad}[Iедан, Iедана, Iедо, Iеде] (оьр. рессора) زنبرك

Iад дула يوتر أو يشد الزنبرك

Iад 3 (ду) Iедаш ду {jad}[Iодан, Iодана, Iодо, Iоде] (секха-Iад) القوس : أداة لرمي السهام

Iад 4 (ду) Iодмаш ду {jad} (оьр. дуга в упряжке) قوس الحصان (أحد أجزاء عدة الدابة)

Iадала {jadala}[Iало, Iавелира, Iавелла] يستطيع البقاء ، يملك نفسه ، يحتمل

арахь муха Iавелира хьо? كيف استطعت البقاء في الخارج ؟

цига ца вахча lалур вац со لا أحتمل عدم الذهاب إلى هناك

lадат (ду) -аш ду {jadat}[-ан, -на, -о] (lедал 1) عادة ، تقليد

шира lадаташ عادات قديمة

lаддаргlа 1(ю) -наш ю {jaddargha}(зlенар тlетосу гlаж) جسم القوس الذي يشد على حافتيه الوتر

[lаддаргlин, lаддаргlина, lаддаргlано]

lаддаргlа 2 (ю) {jaddargha} (оьр. деревянная развилина рогатки) عارضة المنجنيق تربط نهايتها المتشعبة بقطعة جلد لوضع الحجر المراد قذفه

lадика ян {jadika yan} يلقي التحية عند المغادرة

lадикайойла шун طاب مقامكم ، تصبحون على خير

lадика Дала йойла مع السلامة

lадо {jado}[lадаво, lадийра, lадийна] يَصعق ، يصيبه بذعر ، يُرعب ، يُصعق ، يرتعب

кхеравелла lадийра иза صعق من الخوف

lадlан {jadjan}[lадlа, lадlийра, lадlийна] يكفّ عن ، يتوقف عن ، يسكت ، يلتزم الصمت

lадlийр вац со لن أسكت

lадlе! اسكت ، توقف

дов дечуьра lадlан يكف عن الشجار



lадlар (ду) {jadjar} (مصدر) كفّ عن ، توقّف ، سكوت lадхьокху пондар

лер-дети, lадlар-деши (مثل) إذا كان الكلام من فضة فالسكوت من ذهب

lадхьокху пондар {jadxhokxu pondar} (оьр. скрипка) (آلة موسيقية) كمان



lаж (бу) lежаш ду {jazh}[lежан, lежана, lежо, lеже] تفاحة (تفاح)

lаж баккха يَقطف تفّاحة

lаж lожана гена ца бужу (مثل) لا تسقط الثمرة بعيداً عن شجرتها

lаж (бу) lежаш ду {jazh}[lожан, lожана, lожо, lоже] شجرة التفاح

шайн бешахь lежаш дийра цара زرعوا في بستانهم أشجار تفاح

lажаркх (ю) -аш ю {jazharkx}[-ан, -ана, -о] (бецан тайпа, оьр. пырей) نبات النجيل الصغير

lажаркх яла ينمو النجيل

lаждарбуц (ю) {jazhdarbuc} (оьр. мята) نبات النعناع

lаждаркх (ю) {jazhdarkx} (хьожайолу бецан цlе) نبات عطري

lазап (ду) -аш ду {jazap}[-ан, -на, -о] عذاب ، ظلم ، اضطهاد

lазап (lазапехь) латто يظلم ، يضطهد ، يجعله تحت العذاب

нах lазапехь латтор (нах хьийзор) اضطهاد الناس

lазап хlотто يعذب

lазап хьега يتعذب ، يعاني العذاب

lазап хьегар عذاب ، معاناة

lазап хьегийта يجعله يتعذب ، يجعله يعاني

lай {jai} في فصل الشتاء

аьхка хье ца кхеххинчун, lай яй кхехкар бац من لم يكدح في الصيف ، لن يجد ما يأكله في الشتاء (مثل ، المعنى العام)

lайг (бу) -аш ду {jaig}[-ан, -ана, -о] ملعقة

хlумайоу lайг ملعقة طعام

стаканан lайг ملعقة شاي

lайта {jaita}[lойту, lайтира, lайтина] يبقي (للعاقل)

со цlахь lайтира цара أبقوني في البيت

lалагlожа (ю) {jalaghozha} فوضى ، كركبة ، لمة ، جمهرة من الناس

дукха lалагlожа (дукха адам) яра цаьргахь كان عندهم لمة كبيرة

цlа чуьра lалагlожа (кегаелла хlуманаш) дlалиста يرتب الفوضى التي في الغرفة

lалалай-вададай / lалалай_валалай يا ويلتاه (نداء عند حدوث أمر فاجع ، للنساء عادة)

lалам (ду) {jalam}[-ан, -на, -о] (оьр. природа) طبيعة



lаждарбуц

lаламан хазалла جمال الطبيعة

lаламан таронаш ثروات الطبيعة

lаламехь доцу хlума شيء خارق للطبيعة

lаламат 1(ду) -аш ду {jalamat}[-ан, -на, -о] (оьр. чудо) معجزة

lаламат 2 {jalamat} (вуно) للغاية ، جداً

lаламат тамашийна стаг ву иза هو إنسان غريب للغاية

lаламат чlогlа جبار ، شديد أو قوي للغاية

lаламат доккха هائل ، عظيم

lалашдала {jalashdala} يُحفَظ ، يُصان ، يصون نفسه ، يحافظ على نفسه ، يحترس

lалаш вала веза الاحتراس واجب

lалашлолаш! احترسوا

берана lалашдала ца хаьа لا يعرف الطفل أن يصون نفسه

lалашдалар (ду) {jalashdalar} حفظ ، احتراس ، وقاية (مصدر)

lалашвалар зене дац الاحتراس لا يضر

lалашвалар дарбанал дика ду الوقاية خير من العلاج

lалашдан {jalashdan} يحفظ ، يحافظ على ، يصون ، يقي ، يحرس ، يعتني ب

шен могушалла lалашйо цо يحافظ على صحته

цомгушниг lалашван يعتني بالمريض

lалашдар (ду) {jalashdar} محافظة ، حفظ ، صيانة ، وقاية ، حراسة ، عناية (مصدر)

бераш lалашдар العناية بالأطفال

ахча банкехь lалашдар حفظ المال في البنك

lалашо 1(ю) -наш ю {jalasho}[-нан, -нна, но] هدف ، غرض ، غاية



lалашо 2

lеккхара lалашонаш أهداف أو غايات سامية

lалашо хlотто يضع هدفاً

шен lалашоне кхача يصل إلى هدفه ، يحقق غايته

lалашо ца хилар غياب الهدف ، عدم وجود الغاية

lалашо 2 (ю) -наш ю {jalasho}[-нан, -нна, -но] إبرة التسديد للسلاح ، مُوَجِّه

тоьпан lалашо إبرة تسديد البندقية

lалашо лаца يصوب ، يسدد على الهدف

lалашо лацар تصويب ، تسديد (على الهدف)

Iалашо 3 (ю) -наш ю {jalashо}[-нан, -но] إفراز مخاطي من فم الميت
(оьр. слизистые выделения изо рта покойника)

Iалелай {jalelai}(цецваларан айдардош) يا للهول ، عبارة تقال للتعبير عن الاستغراب أو الدهشة
Iалелай цхьа дукха бу уьш يا للهول ما أكثرهم

Iаллароин баl (бу) {jallaroin baj} نوع نبات من فصيلة راعي الحمام


Iам

Iам (бу) Iаьмнаш ду {jam}[Iоман, Iоман, Iомо, Iоме] بحيرة ، حوض ماء
Iаьмнаш хIиттина تشكلت برك مياه

Iама {jama}[Iема, Iемира, Iемина] يتعلم ، يتدرب ، يتمرن ، يعتاد
суна деша Iемина تعلمت القراءة
хала белхаш бан Iемина ву со اعتدت الأعمال الصعبة

Iамар (ду) {jamar} تعلّم ، تدرّب ، تدريب ، اعتياد (مصدر)

Iамийта {jameeta}[Iамуьйту, Iамийтира, Iамийтина] يجعله (يتعلم ، يتدرب ، يعتاد)

Iаммагlа (ду) -нш ду {jammagha} شجرة شرقية ذات أوراق كثيفة من فصيلة شجرة الدردار
[Iаммагlин, Iаммагlина, Iаммагlо] (оьр. карагач) (муьшдечиг)
(Iандагlан кепара долу, къилбехьара, гIаш долу доккха дитт)

Iамо {jamо}[Iамаво, Iамийра, Iамийна] يعلّم ، يدرّس ، يدرّب ، يمرّن
дас-нанас шайн берашна нохчийн мотт Iамабо الوالدان يعلمان أطفالهم اللغة الشيشانية
хьуна говр хахка хьа Iамийна? ؟ من علمك ركوب الخيل
жIаьла Iамо يدرّب الكلب

Iамор (ду) {jamor} تعليم ، تدريس ، تدريب (مصدر)
нохчийн мотт Iамор تعليم اللغة الشيشانية

Iаморхо (ву,ю) {jamorxо} (оьр. тренер, инструктор) مُدرِّب

Iан {jan}[Iа, Iийра, Iийна, Iийр ву] يمكث ، يبقى ، يقيم ، يظل
цIахь Iийр ву со سوف أمكث في البيت
кхин Iайла яц сан لا أستطيع البقاء أكثر

Iан меттиг (ю) {jan mettig} مكان الإقامة

Iана {jana}[Iена, Iенира, Iаьнна] ينسكب ، ينهال ، ينتشر
шура Iаьтта Iенира انسكب الحليب على الأرض
* Iана а дахана ду церан ахча أموالهم (وافرة ، فائضة ، كثيرة جداً)
* Iана а яхана ذائبة ذوباً (من شدة الفرح أو الرغبة)

Iанар (ду) {janar} انسكاب (مصدر)

Iандагlа (ду) -ш ду {jandagha} (оьр. ильм) الدردار أو البَقّ : شجرة كبيرة وعالية ذات ساق قوي
[Iандагlин, Iандагlина, Iандагlо]

Iаннаш (ду) {jannash} جمع لكلمة Iин

Iано {janо}[Iанадо, Iанийра, Iанийна] يسكب على ، ينثر ، يريق ، يسيل
хи Iаьтта Iанийра цо سكب الماء على الأرض
дама Iано ينثر الطحين

Iанор (ду) {janor} سكب ، نثر ، إراقة (مصدر)
хи Iаьтта Iанор سكب الماء على الأرض

цIий Iанор إراقة الدماء

Iап-сап ца хила {jap-sap ca xila} لا حسّ ولا نفس ، هدوء تام

Iап-сап дац церан чохь يخيّم الهدوء التام عندهم

Iар (ду) {jar} مكوث ، بقاء ، إقامة (مصدر)

цигахь Iар муха дара хьан ? ؟ كيف كانت إقامتك هناك

Iаржда́ла {jarzhdala} يسودّ ، يصبح أسوداً ، يحل الظلام ، تُعتِّم

тхов Iаржбелла اسود السقف

Iай жерахь Iаржло يحل الظلام في الشتاء باكراً

Iаржъелла вайна أظلمت الدنيا ، حل الظلام

Iаржда́н {jarzhdan} يُسوِّد ، يجعله أسوداً ، يُعتِّم

месаш Iаржъян يصبغ الشعر بالصبغة السوداء

юьхь Iаржъян يُسوِّد وجهه



Iарждарг

Iарждарг (ю) -аш ю {jarzhdarg}[-ан, -ана, -о] (оьр. кровоподтёк) كدمة

Iарч 1(ду) Iаьрчаш ду {jarch}[-ан, -ана, -о] (оьр. оглобля / арбы) عريش العربة

Iарч 2 (ду) {jarch} (хьаьжкIин гIодан буьххьера хьесий) قمّة ساق الذرة التي تشبه المكنسة

Iарш (ю) {jarsh}[-ан, -ана, -о] (оьр. божий престол) عرش

Iа́са (ю) -наш ю {jа́sa}[-ан, -нна, -но] عكاز

Iаса лело يستخدم العكاز

къеначо Iаса лелайо العجوز يستخدم العكاز



Iаса

Iаспар (ду) -ш ду {jaspar}[-ан, -на, -о] (оьр. кляча) فرس هزيل أو ضعيف البنية

(кхез ю, ледара, вон говр ю)

Iаткъа {jatqa}[Iаьткъа, Iаьткъира, Iаьткъина] يعاني ، يُقاسي ، يؤثّر في

халонаш Iаткъа يعاني الصعاب

шело дегIана чIогIа Iаткъа البرد يؤثر جداً في الجسم

суна чIогIа Iаьткъира жа дажор ضايقني جداً رعي الغنم

къаьхьа ойланаш Iаьткъина أثرت فيه الأفكار المريرة

Iаткъаш долчу дешнашца дийца волавелира بدأ يتحدث بكلمات مؤثرة

Iаткъам (бу) {jatqam}[-ан, -на, -о] تأثير

Iаткъам бан يؤثّر ، يعمل تأثير

Iаткъаме {jatqame} (Iаткъаш долу) مُؤثِّر

Iаха {jaxa}[Iохy, Iаьхира, Iаьхна] يخور (للبقر ، ثور) ، يثغو (للشاة) ، يزأر ، ينهق

лом Iаьхира زأر الأسد

вир Iаьхира نهق الحمار

Iахар (ду) {jaxar} خوار ، غثاء ، زئير (مصدر)

Iа́хар (бу) -ий я Iе́харой ду {jа́xar}[-ан, -на, -о] خروف ، حمل

Iа́хардиса {jа́xardisa} (ца бехкаш бисинчу аьттах олу) يصاب بالعقم (فقط للحيوانات اللبونة)

етт Iахарбисна البقرة مصابة بالعقم

Iахка {jaxka}[Iохку, Iаьхкира, Iаьхкина] يستلقي ، يضطجع ، يرقد (فعل للجمع)

Iала {jaja}[Iаьла, Iаьлира, Iаьлна] يتكدس ، يتراكم

болх Iаьlна تراكم العمل

Ialи (ду) Ialеш ду {jaji}[-н, -на, -но, -га] غائط (في لغة الأطفال)

Ialи ала يتغوط

Ialo {jajo}[Ialадо, Ialийра, Ialийна] يكدس

ахча Ialo يكدس الأموال

Ialop (ду) {jajor} تكديس (مصدر)

Iаь (ю) -нарш ю {ja'}[-наран, -нарна, -нарo] بخار

Iаь хlотта يتلبد بالبخار

чохь Iаь хlоьттина تلبد الجو في الداخل بالبخار



Iаь

Iаьнаре дерза يتبخّر ، يتحول إلى بخار

Iаьнаре дерзо يحول إلى بخار

Iаь тоха يعرضه للبخار ، يبخّر

Iаь тохар تبخيرة

дlовше Iаьнарш أبخرة سامة

Iаьвла кхор (бу) {ja'wla kxor} (оьр. груша зимнего сорта) أجاص شتوي

Iаьвла Iаж (бу) {ja'wla jazh} تفاح شتوي

Iаьвла Iахар {ja'wla jaxar} (Iовлург) حمل ولد في أول الربيع

(Iа чекхдолуш, бlаьстенан юьххьехь бина Iахар)

Iаьмнаш (ду) {ja'mnash} Iам جمع لكلمة بحيرات ، برك

Iаьнан {ja'nan} شتوي

Iаьнан бедарш ملابس شتوية

Iаьнан зама وقت الشتاء

Iаьндий (бу) {ja'ndee} (оьр. андийцы) اسم قومية تعيش في جنوب غرب الداغستان

Iаьнжолг (ю) {ja'nzholg} (оьр. алтейный корень) نوع نبات

Iаьрби (ву,ю) -й бу {ja'rbi}[чун, -чунна, -чо] عربي ، عربية (العرب)

Iаьрбийн мотт اللغة العربية

Iаьрбийн Iалам العالم العربي

Iаьржа {ja'rzha} أسود ، مظلم

Iаьржа бlаьргаш عيون سوداء

* Iаьржа деши الذهب الأسود (بترول)

Iаьржа мур عصر مظلم

* Iаьржа нах سواد الناس ، عامة الشعب ، العامة ، العوام

* Iаьржа де يوم عصيب

* Iаьржа дог долуш ву иза هو رجل حقود (ذو قلب أسود)

* Iаьржа талу дан يحيله جحيماً

Iаьржбlаьрг 1(ю) {ja'rzhbja'rg} (оьр. чирей, фурункул) خرّاج ، دمّل

Iаьржбlаьрг 2 (ю) {ja'rzhbja'rg} (оьр. пики) (къийг) البستوني (في ورق اللعب)

Iаьржа балл (ю) {ja'rzha ball} (оьр. черника) عنب الدبّ : شجيرة ذات ثمار سوداء تشبه الكرز)

Iаьржа комар (ю) {ja'rzha komar} (оьр. горная ежевика) (куллан цlе) شجيرة العليق الجبلي

Iаьржа ун (ду) {ja'rzha un} (оьр. чума) وباء الطاعون

Iаьржа хIорд (бу) {Ja'rzha hord} البحر الأسود

Iаьржалла (ю) {ja'rzhalla} سواد

Iаьржо {ja'rzho} أسود نوعاً ما ، يميل إلى السواد

Iаьрчаш (ду) {ja'rchash} جمع لكلمة Iарч

Iаьla (бу) Iаьлий ду {ja'ja}[-н, -на, Iаьlо] نبات طفيلي طبي من فصيلة راعي الحمام

(шатайпанара гIаш долу асаран буц ю) (оьр. лопух)

Iаьla (Iаьlан орам) جذره الذي يصل طوله أحياناً إلى متر في باطن الأرض

Iаьlалг (Iаьlан гIад) ساق النبات الآنف الذكر

Iаьlна {ja'jna} Iala مأخوذ من فعل مكدس ، متراكم

Iаьlна ахчанаш أموال مكدسة

IаьIна болх عمل متراكم

Iедал 1 (ду) -ш ду {jedal}[-ан, -на, -о] حكم ، حكومة ، سلطة ، قانون ، شريعة

бусулба Iедал الحكم الإسلامي

лаккхара Iедал سلطة عليا

Iедалан мукъ زمام (دفة) الحكم

Iедал даккха يفوز بالحكم

Iедал хIотта تنشأ حكومة

Iедал хIотто يقيم حكومة

Iедалш (законаш) арахеца يسن القوانين

Iедал дохо يطيح بالحكم

Iедал ца хилар غياب السلطة ، فوضى

Iедал 2 (ду) -ш ду {jedal}[-ан, -на, -о] عادة ، تقاليد

нохчийн Iедалш العادات الشيشانية

тонка озар вон Iедал ду التدخين عادة سيئة

Iедалхо (ву) {jedalxo}[-чун, -чунна, -чо] رجل القانون

Iедаш (ду) {jedash} جمع لكلمة Iад 1, 2, 3

Iежаш (ду) {jezhash} جمع لكلمة Iаж تفاح ، شجر التفاح

Iелим-нах (бу) {jelim-nax} جمهور العلماء

Iен {jen}[Ia, Iийра, Iийна, Iийр ву] يبقى ، يمكث ، يَظل

цIахь Iе! ابق في البت

Iена {jena}[Iена, Iийнира, Iийнина] (بشكل متكرر) ينسكب ، يُراق ، يُنثَر

Iено {jeno}[Iенадо, Iенийра, Iенийна] (بشكل متكرر) يسكب ، يريق ، ينثر

хи ма Iенаде! لا تهدر الماء

Iер (ду) {jer} (مصدر) مكوث ، بقاء ، إقامة

Iер-дахар (ду) {jer-daxar} معيشة

церан Iер-дахар муха ду? ؟ كيف معيشتهم

Iеса {jesa} عاص لله ، مُخالف للدين

Iеса стаг ву иза هو إنسان عاص

Iеса нах العصاة

Iеса лела يتصرف بشكل مخالف للدين

Iесалла (ю) {jesalla} عصيان لأوامر الله ، جهالة ، ضلال

Iесаллин зама (мур) الجاهلي (العصر)الزمن

Iеткъа {jetqa}[Iеткъа, Iиткъира, Iиткъина] يعاني ، يقاسي ، يؤثّر في

Iетто {jetto}[Iеттаво, Iеттийра, Iеттийна] يتقيأ

цомгушниг Iеттаво تقيأ المريض

кийрахь мел ерг Iеттийра цо تقيأ كل ما في جوفه

цуьнан цIе хезча Iетто дог догIу сан عندما أسمع اسمه يراودني شعور بالاستفراغ

Iеттор (ду) {jettor} استفراغ (مصدر)

Iетторг (ю) {jettorg} (дарбане буц) من أنواع النباتات الطبية

Iеха (бу) Iехий ду {jeха}[-нан,-нна,-но] (оьр. полевой вьюнок) اللبلاب الحقلي (نبات متسلق)

(хьагI-буц, хIуманан гонах хьерчаш, кхуьуш йолу, шена тIехь кIайн-сирла-цIен зезагаш хуьлу, аренан асаран буц)

Iехадала {jexadala} يتلهّى ، ينخدع ، يغترّ

бер тайнигах Iехаделира تلهى الطفل بالدمية

атта Iехало иза ينخدع بسهولة

Iехалур вац хьуна иза لا تستطيع خداعه

Iехо {jexo}[Iехаво, Iехийра, Iехийна] يخدع ، يغش ، يحتال على ، يستغفل ، يغرّر

нах Iехо يخدع الناس

ахчано Iехийна иза غرّه المال

Iехийна ахча даккха يأخذ المال عن طريق الاحتيال

Iехор (ду) {jexor} خداع ، غش ، احتيال (مصدر)

Iийд* (ду) {jeed} (деза де) عيد

марханаш дастаран Iийд عيد الفطر

гIурбанан Iийд عيد الأضحى

Iийд ламаз صلاة العيد

Iийда {jeeda}[Iуьйду, Iийдира, Iийдина] يعصر ، يضغط على (بشكل متكرر)

Iийдадала {jeedadala} يعصر ، يرشح ، يتصبّب ، يسيل

Iийдар (ду) {jeedar} عصر ، ضغط على (مصدر)

Iийжа {jeezha}[Iийжа, Iийжира, Iийжина] يتحرّق ، يُلذع (نتيجة ألم) (Iовжа من)

чов Iийжаш сагатло сан يزعجني لذع الجرح

дог Iийжа сан قلبي يتحرّق

Iийжо {jeezho}[Iийжаво, Iийжийра, Iийжийна] يحرق ، يلذع (فعل تكراري من Iовжо)

бурчо мотт Iийжабо الفلفل يحرق اللسان

бIаьргаш Iийжо кIур دخان حارق للعيون

Iийша {jeesha}[Iуьйшу, Iийшира, Iийшина] يمضغ (فعل تكراري من Iовша)

сегIаз Iийша يمضغ لبان

Iибадат* (ду) -аш ду {jibadat} (Дела резаван мел деш долчу гIуллакхах Iибадат олу) عبادة

Далла Iибадат дан يعبد الله

Iилла {jilla}[Iуьллу, Iиллира, Iиллина] يستلقي ، يضطجع ، يرقد (فعل للمفرد)

меттахь Iилла يرقد في الفراش

кхаа дийнахь меттахь Iиллира дархо رقد الجريح ثلاثة أيام في الفراش

Iилма* (ду) -наш ду {jilma}[-нан, -нна, -но] علم

Iилманна тIеверза ينكب على العلم

динан Iилманаш العلوم الدينية

Iаламан Iилманаш العلوم الطبيعية

юкъараллин Iилманаш العلوم الاجتماعية (الإنسانية)

хIордан Iилманаш العلوم البحرية

малх-седанан Iилма علم الفلك

Iилманан {jilmanan} علميّ

Iилманан таллар البحث العلمي

Iилманча (ву,ю) -ш бу {jilmancha}[Iилманчин, Iилманчина, Iилманчо] عالِم (علماء)

воккха Iилманча عالم كبير

Iин (ду) Iаннаш ду {jin}[-ан, -на, -о] هاوية ، هوّة

Iинах ваха يهوي في الهاوية



Iиндагl (ду) -аш ду {jindagh}[-ан, -на, -о] ظلّ

Iиндагl дан يعطي ظلاً

Iиндагlехь في الظل

Iиндагlехь шийла хуьлу يكون الجو في الظل بارداً

Iиндагlе вала يذهب إلى ناحية الظل

Iиндагlе (Iиндагl долу) ظليل

Iиндагlе меттиг مكان ظليل

Iинцlалг (бу) -аш бу {jinc'alg}[-ан, -ана, -о] (оьр. кувырканье) شقلبة (كما في الجمباز مثلاً)

Iинцlалг баккха (оьр. кувыркаться) يتشقلب ، يقوم بشقلبة (حركة رياضية)

Iинцlалгаш ма баха لا تتشقلب

Iитта {jitta}[Iуьтту,Iиттира,Iиттина] يغرز ، يشك ، يخز ، يدس (فعل تكراري من Iотта)

мерчу пIелг ма Iитта! لا تدسّ أصبعك في أنفك

Iиттадала {jittadala}[Iиттало, Iиттаделира, Iиттаделла] يلمس ، يلامس ، يحتك ، يشك

Iоттадала فعل تكراري من

Iиттарш (ю) {jittarsh} كلمات جارحة ، تهكّمات ، استفزاز (بالكلام أو بالفعل) ، الهمز واللمز

Iиттарш ян يتكلم بكلمات جارحة ، يستفزه ، يهمزه

вовшашна Iиттарш ма е! لا تتهكموا على بعض ، لا يلمز بعضكم بعضاً

Iов (ю) Iаьвнаш ю {jaw}[Iаьвнан, Iаьвнна, Iаьвно] (оьр. рыбья икра) كافيار

Iовда {jawda}[Iаьвда, Iаьвдира, Iаьвдина] يعصر ، يضغط على

лимон Iовда يعصر الليمون

йиттина хIуманаш Iовда يعصر الغسيل

Iовдал (ву,ю) -ш бу {jawdal}[-ан, -на, -о] مجنون ، أحمق

Iовдал стаг إنسان مجنون

Iовдалчо а дийр дац ахь динарг حتى المجنون لا يفعل فعلتك

Iовдал вала يُجنّ

Iовдал лела يتحامق

Iовдал хIума дан يقوم بحماقة

вехккал Iовдал ву مجنون جداً لدرجة يجب أن يقيّد

Iовдалалла {jawdalalla} جنون ، حماقة

Iовдар (ду) {jawdar} عصر ، ضغط على (مصدر)

Iовжа {jawzha }[Iаьвжа, Iаьвжира, Iаьвжина] يتحرّق (نتيجة ألم)

Iовжаме дешнаш كلمات لاذعة أو جارحة

Iовжо {jawzho}[Iовжаво, Iовжийра, Iовжийна] يحرق ، يلذع ، يسبب ألم حارق

туьхо чов Iовжийра сан الملح حرق جرحي

бурчо мотт Iовжабо الفلفل يحرق اللسان

дог Iовжийра сан تمزق قلبي ، تحرق قلبي

Iовлург (бу) -аш ду {jawlurg} (Iаьвла Iахар) حمل ولد في أول الربيع

Iовраш (ю) {jawrash} سيول (نتيجة الأمطار أو ذوبان الثلوج)

Iовша {jawsha}[Iовшу, Iаьвшира, Iаьвшина] يمضغ

жижиг Iовша يمضغ اللحم

мотт Iовша (أثناء المضغ) يعض لسانه

Iовшадала {jawshadala}[Iовшало, Iаьвшаделира, Iаьвшаделла] يُمْضَغ

Iовшар (ду) {jawshar} مضغ (مصدر)

Iодан {jodan} خاص بالقوس

Iодан зIе (зIенар) وتر القوس

Iодикайойла {jodikayoila} (Iадикайойла) طاب مقامك ، تصبح على خير

Iожа {jozha} (оьр. буланый) كُميْت ،كستنائي فاتح ، أشقر فاتح . حصان لون جسمه أشقر فاتح ولون شعر رقبته وذيله أسود (خاص بالخيل)

(Iаьржа кхес-цIога долчу, говран сирла-можа бос бу)

Iожа говр حصان كميت

Iожалла (ю) {jozhalla} الأجل (انقضاء العمر) ، منية

Iожалла тIехIотта يحين الأجل

Iонжар (ду) -ш ду {jonzhar}[-ан, -на, -о] (оьр. селезёнка) طحال (تشريح)

Iонтlаз (ю)-аш ю {jont'az}[-ан,-на,-о,-е] (оьр. девясил лекарственный) نبات طبي طويل الساق

(деха гIад долу дарбанан буц)

Iорадаккха {jora dakkxa} يكشف ، يَفضح (فعل للمفرد)

Iорадала {jora dala} (гучудала) ينكشف ، يُفضَح (فعل للمفرد)

Iосум (ду) -аш ду {josum} (Туркойн шира дешин ахча) ليرة ذهب عثماني ، ليرة رشادي

Iотта {jotta}[Iутту, Iоьттира, Iоьттина] يخز ، يغرز ، يشك ، يدس ، يغمس ، يلمس

хи чу пIелг Iотта يغمس إصبعه في الماء

урс Iотта يخزه بالسكين

маха lотта يشك بالإبرة

гlаж лаьттах lотта يغرز العصا في الأرض

цунах куьг ма lотталахь! لا تلمسه

lоттабаккхам (бу) {jottabakkxam} عتاب ، معاتبة

lоттадала {jottadala} يلمس ، يلامس ، يحتك . يشك ، ينغرز ، يخص ب ، يتعلق ب

сох lотта ма лолахь! إياك أن تلمسني

маха lоттабелира сох شكتني الإبرة

сох lотталуш хIумма а элирий цара هل قالوا أي شيء يمت إلي بصلة

lоттар (ю) {jottar} وخز ، لمس ، دس ،كلمة جارحة ، تهكّم

lоттар ян يتفوه بكلمة جارحة ، يتهكم عليه

lоьlарг (ю) {joejarg} (вид лопуха, бецан цIе) نبات طفيلي من فصيلة راعي الحمام

lу (ву,ю) -й бу {ju}[-ънан, -ънна, -ъно, -ъне] راع

lуьно жа дажадо الراعي يرعى الغنم

lузара {juzara} (лерг хадийнарг) أصلم (المقطوع الأذن)

lуналла (ду) {junalla} رعاية ، عناية

lуналла дан يعتني ، يرعى

нанас шен берашна lуналла до الأم ترعى أولادها

lункар 1 {junkar} (оьр. кувырком) رأساً على عقب ، على رأسه


lункар дерзо يقلب رأساً على عقب

lункар ирх олла يعلق (شيئاً) بحيث يكون رأسه إلى الأسفل

lункар вуьйжира иза وقع على رأسه

хичу lункар эккха يغطس ، يقفز في الماء على رأسه ، يغوص برأسه في الماء

хичу lункар эккхар غطس (رياضة)



хичу lункар эккхар

lункар 2 {junkar} (оьр. крутой) شديد أو قائم الانحدار

lункара берд جُرف شديد الانحدار

lункархlотта {junkar hotta} يقف على يديه بحيث تكون ساقاه في الهواء (مثلاً في رياضة الجمباز)

lуьйкъе (ю) {jieqe}[-нан, -нна, -но] سحور ، وقت السحور

lуьйкъанна гlатта يقوم للسحور

lуьйкъанна яахlума яа يتسحّر ، يتناول طعام السحور

lуьйранна {jieranna} صباحاً ، في الصباح

lуьйранна дуьйна منذ الصباح

lуьйранна дуьйна сарралц من الصباح إلى المساء

тахана lуьйранна صباح اليوم ، هذا الصباح

кхана lуьйранна غداً صباحاً

lуьйре (ю) -наш ю {jiere}[-нан, -нна, -но] صباح

lуьйре хила ينبلج الصباح

lуьйренан хан وقت الصباح

lуьйре дика ян يلقي التحية الصباحية

lуьйре дика хуьлда хьан طاب صباحك ، صباح الخير

диканца вахийла хьо (رد على الجملة السابقة) (صباح النور) عشت بخير : تقابل

lуьйре суьйренал беркате ю (مثل) الصباح أكثر بركة من المساء

lуьп (ду) -аш ду {juep}[-ан, -ана, -о] (оьр. отрыжка) جشأة

lуьп даккха يَتجَشّأ

lуьрг (ду) -аш ду {juerg}[-ан, -ана, -о] ثقب ، فتحة

нelаран lуьрг ثقب الباب

меран lуьргаш منخرا الأنف

lуьрг даккха يثقب ، يعمل فتحة

lуьрг дала ينثقب

lуьрг дladукъа يسد الثقب أو الفتحة

берзан lуьрг جحر الذئب

lуьрре {juerre} باكراً في الصباح

кхана lуьрре غداً في الصباح الباكر

lуьрре хьалагlатта (хьалххе хьалагlатта) ينهض باكراً في الصباح

lуьla (ю) -наш ю {jueja}[-нан, -нна, -но] (гlулган агlо) أحد جوانب الكعب

къаьмний шайн лаамаллин бакъо حق الشعوب في تقرير مصيرها

лааме {laame} مستقل ، ذاتي ، قائم بذاته

лааме пачхьалкх دولة مستقلة

лааме билгалдош (оьр. независимое прилагательное) (نحو) صفة مستقلة

лаамза {laamza} غير مستقل ، تابع ، متعلق ب . بغير إرادته

лаамза пачхьалкх دولة تابعة (غير مستقلة)

лаамза билгалдош (оьр. зависимое прилагательное) (نحو) صفة تابعة

лаамза делира цуьнгара и дешнаш صدرت منه هذه الكلمات بغير إرادته

лаар (ду) {laar}[-ан, -на, -о] (مصدر) تمنّي ، رغبة ، مشيئة



хьуна лаарх пайда бац لا فائدة من رغبتك

лааран саттам (نحو) صيغة التمنّي

лаба (ю) -наш ю {laba} سقيفة ، ظله (للسقف ، للباب ، للشباك) . امتداد للقبعة لوقاية الوجه من الشمس . برنيطة لها حافة (نوع قبعة)

цIийдала {c'eedala} يَحمرّ ، يَتوهّج . يغلي

цIергахь эчиг цIийло يَحمرّ الحديد في النار

шура цIийъелла غلى الحليب

эхь хетта цIийвелира иза احمّر من الخجل



цIийдалар (ду) {c'eedalar} (مصدر) احمرار ، تَوهُّج ، غليان

* Iуьйре цIийялар بزوغ الفجر

* суьйре цIийялар حمرة الأفق عند المغيب

цIийдан {c'eedan} يحمي لدرجة الاحمرار . يفوّر ، يغلي

шура цIийян يغلي الحليب

цIийдина эчиг حديد محمّى

цIийдина хи ماء مغلي

цIийдар

цIийдар (ду) -ш ду {c'eedar} (оьр. коловорот – столярный иструмент) مثقب نجارين

цIийза {c'eeza}[цIийза, цIийзира, цIийзина] (цIовза يصِرّ (فعل تكراري من

хьозанан кIорнеш цIийза فراخ العصفور تصر في العش

цIийзачу азца мохь беттара цо كان يصرخ بصوت يشبه الصرير

ворданан сема цIийза محور (عجلات) العربة تصر

цIиймерг (ю) {c'eemerg} (оьр. клоп) (къийзорг, гIундалгIи 1) بقّة

цIийн talam (бу) {c'een tajam} (оьр. кровяное давление) ضغط الدم

цIийн talam буста يقيس ضغط الدم

цIийн talam охьабахар هبوط في ضغط الدم

цIийн talam хьалабалар ارتفاع في ضغط الدم



цIийн talam бустург (ю) {c'een tajam busturg} جهاز ضغط الدم

цIийнан бахам {c'eenan baxam} التدبير المنزلي

цIийнан бахам лело يدير الأمور أو الشؤون المنزلية

цIийн talam

цIийнда (ву) {c'eenda} (хIусамда) رب البيت

цIийннана (ю) {c'eennana} (хIусамнана) ربة المنزل ، زوجة

цIид (бу) -анаш (бу) {c'id}[-н, -на, -но, -га] (оьр. клитор. анат.) بظر (تشريح)

цIинг (бу) -аш бу {c'ing}[-ан, -ана, -о] رفسة (للحيوان)

цIингаш тоха (мийраш кхиссар) يرفس



цIиндала {c'indala} يتجدد

цIиндалар (ду) {c'indalar} (مصدر) تجدُّد

цIиндан {c'indan} يجدّد ، يرمم

цIиндар (ду) {c'indar} (مصدر) تجديد ، ترميم

цIирцIир хьоза

цIинжий (бу) {c'inzhee} (шо сов кхаьчна жий) نعجة تعدت السنة من عمرها

цIинто (бу) цIинтоьрчий ду {c'into} كبش تعدى السنة من عمره

[цIинтайн, цIинтайна, цIинтайно, цIинтайга] (шо сов кхаьчна ка)

цIинцIолг (ю) -аш ю {c'inc'olg}[-ан, -ана, -о] (مجازاً) طفل صغير 2- قطعة صغيرة ، جزيء 1-

(1- жима кийсак 2- жима Бер) (оьр. перен. о малыше)

цIирцIир хьоза (ду) {c'irc'ir xhoza} (оьр. синица) سِنّ المنجل : نوع من العصافير الصغيرة

цIов (бу) цIевнаш ду {c'aw}[цIевнан, цIевнна, цIевно] حزمة ، رزمة ، ضمّة

зIенарийн цIов حزمة ضوئية

цIовза {c'awza}[цIевза, цIевзира, цIевзина] زقزق . أزَّ ، صَرَّ

неларан кIажа цIевзира صرّ مفصل الباب

цIога (ду) -рчий ду {c'oga}[-нан, -нна, -но] ذيل ، ذنب





цхьогалан цIога ذيل الثعلب

* цIога лесто يهز ذيله . يتملق ، يداهن

* цIога хьан (ذيل لك (كلمة تقال للتوبيخ

* цIога дохдан يضربه فاقة على قفاه

* цIога ма дайа! (تعبير فظ) لا تتسامح

цIов

* шега аьлларг цIогане ца хьокху цо(تعبير فظ) لا يكترث مطلقاً لما يقال له

* хьайн цIоганна тIе хаа! (تعبير فظ) إجلس واهدأ ولا تكثر من حركتك



* цIога таIо (تعبير فظ) يخضع

* цIога белш тIедиллина лела يمضي وقته متكاسلاً عاطلاً

* цIога лаьцна лела 1- يتبعه بكل حركاته 2- يتبعه بخضوع وطاعة

* цIогане хи кхача يصل الماء إلى تحت أرجله

цIогадолу седа

цIогадолу седа (бу) {c'ogadolu seda} (оьр. комета) مذنّب (فلك)



цIоганан даьIахк {c'oganan da'jaxk} عظم العصعص (تشريح)

(оьр. копчик – анат.)

цIогатухург (ю) {c'oga tuxurg}[-ан, -ана, -о](оьр. скорпион) عقرب

цIогIа (ду) -наш ду {c'ogha}[-нан, -нна, -но] زعقة ، صرخة

цIогатухург

цIогIа хьекха يزعق

цIодар (ю) -ш ю {c'odar}[-ан, -на, -о](оьр. недоразвитыё ребёнок) مولود غير مكتمل النمو

цIоз (ду) {c'oz}[-ан, -ана, -о] (оьр. саранча) جراد

дика бераш - моз, вон бераш – цIоз (مثل) الخلف الصالح كالنحل والخلف الطالح كالجراد

* цIоз санна дукха (مثل الجراد) كثير جداً

цIока (ю) -рчий ю {c'oka}[-нан, -нна, -но] جلد . فرو



цIока яккха يسلخ جلده

цхьогалан цIока فراء الثعلب

* шен цIока кIелхьараяккха ينقذ جلده ، يهرب بجلده

цIоз

* хьан цIоки юкъахь хуьлуьйтур вацара ас со ما كنت لأجعل نفسي مكانك

* цIока йохъян يعمل له فلقة

* цхьа цIока (цIока-даьIахкаш) йисна (لم يبقى منه إلا العظم والجلد) هزيل جداً

цIоканча (ву,ю){c'okancha} (оьр. шкурник) أناني ، مهتم بأمر نفسه فقط

цIоканчалла {c'okanchalla} (оьр. шкурничество) أنانية

цIокъ (ду) цIоькъаш ду {c'oq} (оьр. леопард) فهد

[цIоькъан, цIоькъана, цIоькъо, цIоькъе]

цIокъберг (ю) -аш ю{c'oqberg} (оьр. барс) نمر أرقط



(цицигах тера а, томмагIаш а долуш доккха экха)

цIока

цIом (ду) цIоьмаш ду {c'om}[цIоьман, цIоьмана, цIоьмо] (оьр. хобот) خرطوم

пийлан цIом خرطوم الفيل

* цIом оллийна متكدّر ، مغتم

цIонга (ду) -наш ду {c'onga}[-ан, -о] (оьр. пупок) (цIанга) سُرَّة ، الحبل السُّري

цIормала (ю) -ш ю {c'ormaja} (оьр. молокосос) غرّ (على سبيل الاستهزاء)

цIохар (ду) -ш ду {c'охar}[-ан, -на, -о] (оьр. токарни станок) مخرطة



(дечиг, я металл хадош, нисдеш, шардеш болу гIирс бу)

цIохархо (ву) {c'oxarxo}[-чун, -чунна, -чо] خرّاط : الذي يشتغل بالخراطة

цIоцкъам (ду) -аш ду {c'ocqam}[-ан, -на, -о] حاجب

цIоцкъамаш тало يَقطب حاجبيه

цIоькъа {c'oeqa} أرقش ، مرقش (خاص بلون الحيوان المفترس)

цIоькъа лом (ду) {c'oeqa lom} (оьр. тигр) نمر цIом

цIоьллик (ю) {c'oellik}[-ан, -на, -о] هيكل عظمي

цIоьмалг 1(ю) -аш ю {c'oemalg} (оьр. хоботок) زَلّومة ، مِمَص (بواسطتها تمتص الحشرات غذائها)

цIоьмалг 2 (ю) -аш ю {c'oemalg}[-ан, -ана, -о] (оьр. запятая) فاصلة (،)

цIоьмаш (ду) {c'oemash} خراطيم جمع لكلمة цIом



цIу (бу) -наш бу {c'u}[-нан, -нна, -но] (оьр. кумир) وثن ، صنم

цIубдан {c'ubdan} (цIуддан) يَمُص

цIубдар 1(ду) {c'ubdar} مصّ (مصدر) цIоцкъам

цIубдар 2 (ду) -ш ду {c'ubdar} (оьр. пиявка) علقة : تلتصق على جلد الحيوانات وتقوم بامتصاص دمها

цIубдарш дакхо (طب شعبي) يُرضع العلق : إجراء لتفريغ الجسم من بعض الدم بتركيب العلق عليه

цIуддан {c'uddan} (цIубдан) يَمُص



пIелг цIудбан يمص إصبعه

цIуддар 1(ду) {c'uddar} (цIубдар) مَصّ (مصدر)

цIуддар 2 (ду) -ш ду {c'uddar} (цIубдар 2)

* цIуддар санна (مثل العلقة) لجوج ، مضجر ، مزعج цIузам

цIузам (ду) -аш ду {c'uzam}[-ан, -на, -о] 1- صنبور 2- بزّ : الجزء الذي يوضع بين الشفتين أو في الفم للآلات الموسيقية ذات النفخ

(оьр. носик у посуды или музыкальный инструмент)

чайникан цIузам صنبور الإبريق

зурманан цIузам بزّ المزمار

* цIузамехула санна يسيل باندفاع قوي كما يسيل الماء من صنبور الإبريق

цIук вала {c'uk wala} (оьр. одеться чересчур нарядно) يلبس بأناقة مفرطة

цIула {c'ula}(кIиранан ворхIалгIа де) اليوم السابع من يومنا هذا

цIулла дечиг (ю) {c'ulla dechig} (оьр. свидина) (куллан цIе) نوع شجيرة أغصانها قوية ومرنة

цIулла сара (буткъа сара) عود رفيع من الشجيرة الآنفة الذكر

цIумока {c'umoka} (кIиранан йолхалгIа де) اليوم السادس من أيام الأسبوع

цIун (ю) {c'un}[-ан, -на, -о] (оьр. навозная жижа) خلطة الزِّبْل مع الماء

цIура {c'ura} (боьршаллин гIора доцург)(оьр. импотентный) عِنِّين (عاجز جنسياً)

цIура стаг (боьршаллин гIора доцу стаг) رجل عنّين

цIуралла (ю) {c'uralla} (боьршаллин гIора цахилар) (оьр. импотенция) العُنَّة (العجز الجنسي)

цIурко (бу) -ш ду {c'urko} حجر مدبب الرأس يعلو قمة البرج في البناء الشيشاني

(бIаьвнан буьххьехь буьллу, ира маьIиг йолу тIулг бу)

цIуркул (бу) {c'urkul} = цIурко

цIуьхIар (ву,ю) -ш бу {c'uehar} (хьуьжаршкахь доьшуш верг) أحد طلاب الكتاتيب



Цlокъберг




ЦIокъ



Цlоькъа лом

Ч (Ch)



Чардакх (Chardakx)

ча 1(ду) -ш ду {cha}[-нан, -на, -но] (оьр. солома) قشّ ، تبن

ча 2 (ю) черчий ю {cha}[-нан, -на, -но] (оьр. медведь) دبّ



кlайн ча دب قطبي

чанан кlорни (чайтаl) جرو الدب

* ча санна дера شرس كالدب ، حاد الطبع كالدب

* ча тоьшийла хьох / шух! (تستهل بها الجملة) تعبير يدل على عدم الثقة أو سوء الظن ب

чабаба (ю) {chababa} عجوز ساحرة (فلكلور)

чабакх-чlара (бу) {chabakx-ch'ara} (оьр. лещ) الشلبة ، أبراميس : نوع سمك من فصيلة الشّبوط

чабол (ю) -аш ю {chabol}[-ан, -на, -о] (оьр. рысь) خبيب ، إيجاف

(цхьабосса хьалхара цхьаъ, тlаьхьара цхьаъ когаш ойуш, говр ядар)

говре чабол яйта أخبّ الحصان

чаболахь مُحبّاً

чабол говр جواد خابّ



чабакх-чlара

чагlалкх (ю) -аш ю {chaghalkx}[-ан, -ана, -о] (оьр. шакал) ابن آوى

чагlар (ду) -ш ду {chaghar}[-ан, -на, -о] (оьр. вино) نبيذ

чагlар даккх يستخرج النبيذ

кемсийн чагlар نبيذ عنب

чадакх (ю) {chadakx}[-ан, -на, -о] (гота дlаюжу гlирс бу) أداة لشد المحراث

чай (ду) -наш ду {chai}[-нан, -нна, -но] شاي



чайтаl

чай мала يشرب شاياً

чай дотта يصب الشاي

чай даккха (дилла) يحضّر الشاي

чай даьлла الشاي جاهز

чайнан лайг ملعقة شاي

сирла чай شاي خفيف

дукха Iаьржа доьттина ахьа чай سكبت شاياً غامقاً (مركزاً) جداً

чайн-балл {chain-ball} (оьр. черёмуха) بطمة الشمال (نبات)

чай дер (ду) {chai der} زراعة الشاي

чайник (ю) -аш ю {chainik}[-ан, -на, -о] إبريق شاي

басар чайник إبريق يُحضَّر بهِ صِبْغةُ الشاي

чайпаш (бу) {chaipash} (оьр. гриб, дождевик) نوع من الفطر

чайтаI (ю) -аш ю {chaitaj}[-ан, -на, -о] (чанан кIорни, тотал) جرو الدب ، الديْسَم

чаккхарма (ю) {chakkxarma} (оьр. верста) فرسخا : مقياس قديم يساوي 1060 متراً

[чаккхармин, чаккхармина, -чаккхармано]

чаккхе (ю) -наш ю {chakkxe}[-нан, -нна, -но] 1- نهاية ، ختام ، عاقبة 2- الأحرف المتغيرة أو الزائدة على الكلمة حسب وقوعها في الجملة (نحو)



чалба

ураман чаккхенгахь في نهاية الشارع

беттан чаккхе (беттан эххар) نهاية الشهر

тIаьххьара а (эххар тIаьхьа) آخر الأمر ، في النهاية ، في نهاية الأمر (المطاف)

чаккхе йоцуш (йист йоцуш) بلا نهاية

юьххьара дуьйна чекхдаллалц من البداية حتى النهاية

дешан чаккхе (نحو) نهاية الكلمة

чалба (ю) -наш ю {chalba}[-нан, -нна, -но] (оьр. чалма) عمامة

чалба хьарчо يلفّ على رأسه العمامة

чалдам (ю) {chaldam}[-ан,-на,-о,-е](байракхан гIаж ю) العصا التي يثبت عليها العلم ، سارية العلم

чалтач (ву) -аш бу {chaltach} (оьр. палач) سياف ، جلاّد ، منفذ الإعدام

чалх (ю) -аш ю {chalx}[-ан, -ана, -о] (дуккха а ийна хIуманаш) ركام ، كومة . لخبطة

кехатийн чалх كومة أوراق



чалдам

чам (бу) чаьмнаш бу {cham}[чоман, чомана, чомо] طعم ، مذاق

мерза чам طعم حلو

дуьра чам طعم مالح

къаьхьа чам طعم مر

кIо чам طعم حار

муьста чам طعم حامض

чам баккха يذوق ، يتذوق

чоме (чам болуш) لذيذ

чоме хьажа (чам баккха) يفحص طعمه

чам боцуш بلا طعم ، كريه ، سمج

чам бан يفقد الطعم

дуьненан чам байна сан فقدت طعم الحياة

ирсах чам баккха يذوق طعم السعادة

чам байна ву со مزاجي متعكر

цуьнан чам ма байа! لا تعكّر مزاجه



чапха

чомахь (пагlат) ловза ца вуьту цо со لا يدعني ألعب براحتي

къаьхьачун чам ца баькkхича, мерзачун чам хуур бац بمعنى : من لم يذوق طعم المرارة لن يعرف طعم السعادة (مثل)

чамбуц (ю) {chambuc} (оьр. петрушка) بقدونس (نبات)

чамда (ю) -наш ю {chamda}[чамдин, чамдина, -но] (чанта) حقيبة ، شنطة

чами (бу) чамеш ду {chami}[-н, -на, -но, -га] 1- مغرفة ، كبشة 2- مجرفة الجرّار

чамхалг (ду) -аш ду {chamxalg}[-ан, -ана, -о] (оьр. соломина) تبنة ، قشّة

* чамхалган меха ца лара /ца хета لايقدّره أدنى تقدير (ولا حتى مقدار قشة)

чан (ю) ченаш ю {chan}[ченан, ченна, ченно] غبار

чан яккха يغبّر ، يثير الغبار

ченаш яха يغبّر ، يثير الغبار (للجمع)


чан йилла يتغبّر ، يتغطّى بالغبار

чан дlаяккха يمسح (يزيل) الغبار

чан его ينفض الغبار

чан гlатто يثير الغبار





чами

* ас хьоьга чан тосуьйтур ю سوف أجعلك تولي الأدبار

ченах вуьзна مغبرّ

тахана чан ю вайна الجو اليوم مغبر



чанбалл (ю) {chanball} (оьр. крушина) (куллан цlе) شجيرة كرز الدب

чанкит (ду) {chankit} (оьр. медвежий огуруц) قربة الهرب (نوع نبات)

чанта (ю) -наш ю {chanta}[чантин, чантина, -но] (чамда) حقيبة

чара

чантал (ю) -ш ю {chantal}[-ан, -на, -о] (олхазаран кlорни ду) فرخ ، زغلول (الطائر)

чапха (ю) -наш ю {charxa}[-нан, -нна, -но] بيت النار أو الآلة المفجّرة لشحنته (في السلاح)

(оьр. затвор у оружия)

чара (ю) -наш ю {chara}[чарин, чарина, -но] طشت نحاسي كبير لغسل الملابس ونحوه

(оьр. медный плоский таз для стирки белья и крашения)

чардакх (ду) -аш ду {chardakx}[-ан, -на, -о] 1- علّية (حجرة تحت السقف الأعلى مباشرة) 2- عريش (لتسلق دالية العنب عليها ويستظل تحتها)

чардакх дан يبني عريشاً

чардо (ю) -наш ю {chardo}[-нан, -нна, -но] مخرّم ، ذو خروق

(lуьрг даьлла хилар, хlума йоьхна, чекх са гуш хилар)

чарп (ю) {charp}[-ан, -ана, -о] (оьр. приступ) (хорша тlеяр я чlагlъялар ду) نوبة ، أزمة

хоршин чарп نوبة الملاريا

чартал (ду) -ш ду {chartal}[-ан, -на, -о] منخل

(садолу хlуманаш чу ца яккийта корана тухуш болу цаца бу)

корана чартал тоха يركّب منخل للشباك



чарташ (ду) {chartash} чурт جمع لكلمة شواهد القبور

чарх 1

чарх 1(ю) -аш ю {charx}[-ан, -ана, -о] آلة ، ماكينة . آلة خياطة . ماكينة الجلخ

кlади ден чарх آلة الحياكة أو النسج

чарх 2 (ю) -аш ю {charx} (оьр. туша животново) بدن أو جسد الحيوان

час (ду) {chas} (оьр. отдать честь) التحية العسكرية



час

час дан я тоха يُؤدي التحية العسكرية

чатакхийна тачa {chatakxeena tacha} درب التبّانة (فلك)

(оьр. Млечный Путь)

чахча {chaxcha}[чехча, чехчина] شاط ، تشيط . يصقل بالمحن والصعاب

чахкар-зезаг (ду) {chaxkar-zezag} نوع من الأزهار

чахчо {chaxcho}[чахчадо, чахчийра, чахчийна] شَيط . تصقله المحن والصعاب

чахчор (ду) {chaxchor} تَشيط . الصّقل (بالصعاب) (مصدر)

чаччам (ю) -аш ю {chachcham}[-ан, -на, -о] (оьр. дробь) خردق ، محتويات طلقة الخرطوش

чаьмза {cha'mza} غير لذيذ ، لا طعم فيه . سمج ، تفه ، عديم الذوق أو الكياسة

чаьмза лела يتصرّف بسماجة

чаьмзалла (ю) {cha'mzalla} سماجة ، تفاهة ، عدم الذوق

чаьнчакх (ю) -аш ю {cha'nchakx}[-ан, -на, -о] (оьр. гарпун) حربة لصيد الأسماك

(шеданах тера болу, чlара лоцу аьчган га долу гlуркх бу)

чаьрпаз (ю) -аш ю {cha'rpaz}[-ан, -на, о] مشبك أو بكلة على صدر اللباس التقليدي للنساء

(мехкарийн гlабалин хаза кечдина дато туьйдарг)

че (ю) -наш ю {che}[-н, -на, -но, -га] عبّ



чаьнчакх

че долла يدس شيئاً في عبه

четахь في العب

чевна (ду) {chewna} (хаза беснаш долу хьозанан тайпа) نوع من العصافير الملونة

чевнаш (ю) {chewnash}[чевний, -на, -а, -ка] جروح جمع لكلمة чов

чеда (бу) -наш ду {cheda}[-нан, -нна, -но] مغرفة للحساء

чекхдаккха {chekxdakkxa} يتخرّج من . يمرّر عبر ، ينهي ، يتمّ ، يفضّ (اجتماع) (فعل للمفرد)



болх чекхбаккха ينهي العمل

гулам чекхбаккха يفض الاجتماع

университет чекхъяккха يتخرّج من الجامعة

шура машинах чекхяккха يمرّر الحليب عبر الفرّازة

чекхдаккхар {chekxdakkxar} (مصدر) إنهاء ، إتمام ، خَتِم . تخرّج . تمرير عبر чеда

чекхдала {chekxdala} يَنتهي ، يَنفَذ ، يُختَم ، يُنجَز ، يُفَضّ . يَمُرّ ، ينقضي . يتخرّج من ، يَمُرّ عبر ، يجتاز . يخترق ، ينفد . يطوف ، يجول (فعل للمفرد)

шо чекхдолуш في نهاية السنة

чекхволуш лаьттий хьо? ؟ هل شارفت على الانتهاء

хан чекхъяьлла цуьнан انتهى مفعوله

тхевнах хи чекхдаьлла نفذ الماء من السقف

кхузахула некъ чекхбер бу سوف يمر الطريق من هنا

кху шарахь дешна чекхбевлларш خريجو هذه السنة

дозанах чекхвала يمر عبر الحدود

хьан гlуллакх чекхдаьлла انتهى أمرك

хи чекхцадолу сахьт ساعة مقاومة للماء

чекхдаллалц حتى النهاية ، حتى الانتهاء

чекхдалар (ду) {chekxdalar} (مصدر) انتهاء ، نفاذ . تخرّج . مرور عبر ، اجتياز ، اختراق ، نفاد

чекхдаха {chekxdaxa} فعل للجمع مشتق من فعل чекхдаккха

чекхдовла {chekxdawla} فعل للجمع مشتق من فعл чекхдала

чекхдолийла (ю) {chekxdoleela} ممر ، منفذ



черма

готта чекхдолийла ممر ضيق

кхузара чекхволийла яц хьан н лا مجال لك للمرور من هنا

кхузара чекхдовлийла яц шун н لا مجال لكم للمرور من هنا

чекх са ган {chekx sa gan} يَشِفّ ، يرى من خلال

чекх са го коч (фаховый) فستان شفّاف

* цунна шена шех чекх са гора كان يحسّ بالعار من نفسه

* нахана шайх секх са ца гайта حتى لا يفتضح أمرهم أمام الناس



черо

чекхjаноо (ю) {chekxjanoo}[-нан, -нна, -ноо] (оьр. пролив) مضيق (كلمة قديمة)

челакха {chelakxa}(аьрха) طائش ، متهور

чемхалг (ю) {chemxalg}[-ан, -ана, -оо] (чамхалг) تبنة ، قشّة

чемхалдиг (ю) -аш ю {chemxaldig}[-ан, -на, -оо] تبنة ، قشّة

ченалг (ю) -аш ю {chenalg} (оьр. пылинка) ذرّة أو حبة غبار

ченаш (ю) {chenash} чан غبار ، أتربة جمع لكلمة

чептар (ю) -ш ю {cheptar}[-ан, -на, -оо] رُبعيّة : مقياس للوزن ربع رطل أو باوند = 100 غرام تقريباً

чераш (ду) {cherash} (оьр. стригущий лишай) القوباء الحلقية (مرض جلدي معد)

чераш дала يصاب بالقوباء الحلقية

хIораммо шен чераш кIамдо (مثل) كلٌ يحكّ جربه

чергаси (ву,ю) -й бу {chergasi}[-чун, -чунна, -чоо] شَركسي ، شركسية (الشراكسة)

чергасийн мотт اللغة الشركسية

черма (ду) -наш ду {cherma}[-нан, -нна, -ноо] (оьр. деревянная бочка) برميل خشب

черманан хIоз طوق البرميل

черманан у لوح أو ضلع البرميل

черо (ю) -ш ю {cheroo}[-н, -на, -ноо, -га] (ловзочу кехатийн биъсаберг) كوبة (ورق الشدة)

черон паччахь ملك كوبة



четар

черт (ю) -аш ю{chert}[-ан, -ана, -оо] (оьр. циновка) حصيرة

(къожах йина истанган метта кIелтосург)

черт таса يفرش الحصيرة

черчий (ю) {cherchee} ча 2 دببة جمع لكلمة

чет (ду) четаш ду {chet}[четан, четана, четоо] صدر الثوب (جزؤه المغطي للصدر)

четара киса جيب صدر القميص

сан четахь في عبّي

чета дилла يضع في عبّه

четар (ду) -ш ду {chetar}[-ан, -на, -оо] خيمة

четар тоха (догlа) ينصب خيمة ، يخيّم

чӏетар-lаьрбий (бу) {chetar-ja'rbee} (четарш чохь беха lаьрбий) البدو

чехка {chexka}(сиха , маса) سريع . بسرعة ، مسرعاً ، سريعاً

чехка говр (ركوض) حصان سريع

чехка хахка (يسوق) بسرعة يقود

дукхе дукха чехка дlагlолахь (اذهب) فوراً غادر

чехка цамгар (طب) مرض الصرع



чийлик

чехкадаккха {chexkadakkxa} (فعل للمفرد) يُسرّع

чехкадала {chexkadala} (فعل للمفرد) يتسارع

чехкалла (ю) {chexkalla} سرعة

цуьнан чехкалла мел ю? ؟ كم سرعته



чечакх

чечӏо {chechxo}[чехадо, чехийра, чехийна] (بشكل متكرّر) يوبّخ

бер ма чехаде! لا توبخ الطفل

чечакх (ю) -аш ю {chechakx}[-ан, -на, -о] (кlинж) هُدْب ، هُدّاب (شراشيب في حاشية القماش)

чечакх йолу مزين بالهدب ، ذو هداب ، مهدب

чеш (ю) чийш ю {chesh}[-ан, -ана, -о] 1- شريحة خشبية (تلك الشرائح تغطى بها السقوف على نحو متراكب أو متداخل مثل القرميد) 2- طوق ، طارة 3- دعامة لدالية العنب

чидам (бу) -аш бу {chidam}[-ан, -на, -о] اكتفاء ، قناعة

(тоам бу, хlуманан кхачо ярехь тоам бар ду)

чидам боцург {chidam bocurg}(оьр. небережливый) مبذّر ، مسرف ، غير مقتصد

чийк (бу) -аш ду (чик бу){cheek} عظم الكعب يكون ظهره للأسفل (في لعبة الكعاب)

[-ан, -ана, -о] (оьр. положение альчика хребтиком вниз)

чийлик (ду) -аш ду {cheelik}[-ан, -на, -о] (оьр. ведар) دلو

чийлик хих дуза يملأ الدلو بالماء



чийрик

чийрик (ю) -аш ю {cheerik}[-ан, -на, -о] ربع (زمن ، مقياس)

(доьалгlа дакъа, сахьтан доьалгlа дакъа, 15 минот ю)

хьалхара чийрик الربع الأول

чийхо {cheexo}[чийхадо, чийхийра, чийхийна] (بشكل متكرر) يوبّخ

чийш (ю) {cheesh} عيدان خشب جمع لكلمة чеш

чик (бу) {chik} чаккаш ду (чийк)

чилгlо (ю) -наш ю {chilgho}[-нан, -нна, -но] خرقة لتنظيف السلاح أو المعادن

(металл я герз цlанден бехчалг ю)

чилдакхаш (ю) {childakxash} (гlулган аrlо) أحد جوانب الكعب (في لعبة الكعاب)

чилла 1(бу) -наш бу {chilla}[-нан, -нна, -но] قزّ ، خيوط الحرير (غير مصنّع)

чиллан теш (тайнаш) خيوط حريرية

чилла хьовзор (оьр. шелкопрядение) غزل الحرير

чилла 2 (ю) -наш ю {chilla} الفترة الشتوية التي يكون الجو فيها شديد البرودة (مربعانية) أو الفترة الصيفية التي يكون الجو فيها شديد الحرارة

[-нан,-нна,-но,-не](lаьнан уггара шийла хан)

чилла ю вайна хlинца الجو الان مربعانيه

чилла 2 (бу) -рчий бу {chilla}[-нан, -но] (оьр. цикада) زيز الحصاد (حشرة)

чилла лелор (ду) {chilla lelor} تربية دود الحرير

чилу (ду) -ш ду {chilу} (пилу) أرز بلحم الضأن

[-н, -на, -но, -га] (оьр. плов)



чим

чим (бу) -аш бу {chim}[-ан, -ана, -о] 1- رماد 2- ندفة ثلج


лайн чимаш ندف الثلج (الكسفة الثلجية)

* чим бан يحوله إلى رماد ، يسحق ، يبيد

чименто (бу) {chimento}[-н, -на, -но, -га] (оьр. цемент) إسمنت

чименton гали كيس إسمنت

чименто билла يعمل خلطة الإسمنت



чимтосург

чимтосург (ю) {chim tosurg} منفضة سجائر

[-ан, -ана, -о] (оьр. пепельница)

чимчаргla (ду) -ш ду {chimchargha} حبل مجدول من الصوف يكون في طرف أربطة السرير الهزاز ويشد على عمود المهد

[чимчаргlин, чимчаргlина, чимчаргlо]

чинко* (ю) -ш ю {chinko}[-нан,-нна,-но,-не] لوح من الصاج المموج (زينكو)

чинт (ю) -аш ю {chint }[-ан, -ана, -о] (оьр. бородавка) ثؤلول (ثآليل)

чинт яла ينمو (يحصل) ثؤلول

куьйга тlехь чинташ евла تنمو ثآليل على اليد



чинти

чинти (ву,ю) -й бу {chinti}(олуш хилла Китайцех) صينيّ

Чинтийн мохк الصين ، بلاد الصين

чипт (ю) {chipt}[-ан, -ана, -о] (готанан тlам) مقبض المحراث

чирбаl (бу) чирбаьlаш ду {chirbaj} (оьр. чертополох) (вирбаl) حسك (نوع نبات)

чиркх (бу) -аш ду {chirkx}[-ан, -ана, -о] مصباح ، ضوء

баьгна чиркх хийца يبدل المصباح المحترق

чиркх лато يشعل المصباح

чиркх дlабайа يطفئ المصباح

бlе чlурам болу чиркх مصباح ذو مائة شمعة

цхьа а чиркх гуш бац церан чохь لا يُرى أي ضوء في بيتهم

* чиркх санна хаза جميل / رائع جداً مثل المصباح





чиркх

чич (ю) {chich}[-ан, -ана, -о] قشرة الشعر

чич яла يُصاب بقشرة الشعر

чич яьлла суна أنا مصاب بقشرة الشعر

чиш (ду) {chish}[-ан, -ана, -о] (хьаткъа) بول

чиш тела (хьаткъа тела) يبول ، يتبول

клел чиш даьлла цуьнан بول تحته

чишт {chisht} (цист , хlуст) كشّ : كلمة تستعمل لزجر بعض الحيوانات مثل القط أو الدجاج

чийшхо (ву,ю) -й бу {cheeshxo}[чун, -чунна, -чо] (декъашхо) (оьр. напарник) شريك

чкъор 1(ду) чкъоьрнаш ду {chqor} جلد ، بشرة ، قشرة ، طبقة ، جيل

[чкъуран, чкъурана, чкъуро, чкъуре]

лаьттан тlехулара чкъор القشرة الخارجية للأرض
лаьхьано чкъор хуьйцу تبدل الحية جلدها
тlекхуьу чкъор الجيل الناشئ
чкъуран цамгарш أمراض جلدية
чкъуран лор طبيب جلدية

чкъор 2 (ду) чкъоьрнаш ду {chqor}[чкъуран, чкъурана, чкъуро] مفرق الشعر



чкъор 2

чкъор даккха (оьр. сделать пробор) يفرق الشعر
чкъор (сиз) доккхуш месаш шаръян يمشّط الشعر مع عمل مفرق له
нийсса ирх чкъор даккхар عمل مفرق وسطاني للشعر
раз чкъор даккхар عمل مفرق مائل أو جانبي للشعر

чкъург 1(ду) -аш ду {chqurg}[-ан, -ана, -о] (оьр. баранка) خبز بشكل حلقة

чкъург 2 (ю) -аш ю {chqurg}[-ан,-ана,-о,-е] (оьр. колесо) عجلة ، دولاب



чкъург 2

хьалхара чкъургаш عجلات أمامية
тlехьара чкъургаш عجلات خلفية
чкъург юса ينفخ العجلة
чкъург охьаяхна بنشرت (نفّست) العجلة
хуьйцу чкъург عجلة احتياط
чкъургаш йолу ذو عجلات
чкъургийн кочар (милка) صرّة العجلة
чкъургийн пхьар (оьр. колёсный мастер) (بنشرجي) فنّي العجلات

чкъургийн гlант (ду) {chqurgeen ghant} (чкъургаш йолу гlант) كرسي بعجلات للمقعدين

чкъуьйриг (ю) -аш ю {chqierig}[-ан, -на, -о] قشرة ، قشفة

хlоьан чкъуьйриг قشرة البيضة
чкъуьйриг дlаяккха يقشّر ، يزيل القشرة
юргlан чкъуьйриг وجه اللحاف

член* (ву,ю) {chlen} (декъашхо) عضو (برلمان، حزب)

чо (бу) -ьш ду {cho}[-нан, -нна, -но] وبرة (وبر) ، شعرة ، شعيرة



чкъургийн гlант

чо болу موبر ، ذو وبر
чо болу куз سجادة ذات وبر
цхьа чо а ولا شعرة

* цхьа чо а ша бохцчунна тIера ца вала لا يتراجع قيد أنملة عن كلامه
кхеравелла массо а чо ирахlоьттира цуьнан انتصب كل شعره من الخوف

чо (ю) -ьнаш ю {chо}[чоьнан, чоьнна, чоьно] معدة

чо юкъаяла وَخِم ، تصاب المعدة بالإمساك
мецачу чоьнна тlе على الريق
чо меттах яла تتزحزح المعدة عن موضعها السوي
чо меттахъялар إزاحة المعدة عن موضعها السوي : هبوط المعدة

чоа (ду) чоаш ду {choa}[чоин, чоина, чоо, чоэ] معطف تقليدي طويل الخصر من الجوخ يلبسه الرجال

чов (ю) чевнаш ю {chaw}[чевнан, чевнна, чевно] جرح (جروح)

чов хила يُجْرَح ، يصاب بجرح

чов ян يجرح ، يُحدث جرحاً

чов ехка يضمد الجرح

чов дlатега يخيط الجرح

чов дlаерза يلتئم الجرح

чевнна хьу кхетта التهب الجرح

йиллина чов جرح مفتوح

лен чов جرح مميت

чевнаш ерш (хилларш) الجرحى



чоа

туьро йина чов йирзина, матто йинарг йирзина яц (مثل) جرح السيف يلتئم وجرح اللسان لا يلتئم

човбуц (ю) {chawbuc} (оьр. володушка) نبتة الجروح (عشب طبي)

човка (ю) -рчий ю {chawka}[-ан, -нна, -но] (оьр. грач) غراب القيظ (طائر أسود مهاجر)

(lаьржа мас йолу, сийна бос лепа, бовхачу махка дlадоьдуш долу олхазар)

човхо {chawxo}[човхадо, човхийра, човхийна] يوبّخ

бер човхо يوبخ الطفل

шелоно стоьмаш човхийна أصاب الصقيع الثمار إصابة خفيفة

чож (ду) чоьжнаш ду {chozh}[чоьжан, чоьжана, чоьжо] (оьр. пах) أربية ، أصل الفخذ (تشريح)

чож датlар (ду) {chozh dat'ar} (оьр. грыжа) (къуркъал) فتاق (في الطب)

чож даьттlа цуьнан عنده فتاق

чокачъялар (ду) {chokachyalar} (чуьйна) إسهال (مرض)

чоко (ю) -наш ю {choko}[-ан, -нна, -но] (оьр. требуха) مصران (أحشاء) ، أمعاء

чола {chola} (сира, мокха) رمادي ، سنجابي ، أشهب

чолакха {cholakxa} (сакхте) ذو عاهة

чолакха стаг شخص فيه عاهة جسمية

чолакха куьг يد بها عاهة

чолакхалла (ю) {cholakxalla} عاهة

чолакха дан {cholakxa dan} يصيب بعاهة

чолакха хила {cholakxa xila} يصاب بعاهة

чолоцург (бу) {cholocurg}[-ан, -ана, -о] (оьр. пинцет) ملقط للشعر

чолхе {cholxe} (оьр. сложный) معقّد ، مُركّب



човка


чолхе хаттар مسألة معقدة

чолхе дан يعقد

чолхе дала يتعقد

чолхе доцу بسيط ، غير معقد

чолхе дош (оьр. сложное слово) كلمة مركّبة



чолоцург

чолхе кхетам-дош جملة مركّبة

чолхе карара кхетам дош جملة مركّبة أحد أجزائها تابع للآخر

чолхе цхьаьнакхетта кхетам-дош جملة مركّبة أجزائها مستقلة في المعنى

чолхе хьоза (ду) {cholxe xhoza} خاطف الذباب (نوع من الطيور يصيد الذباب ذو منقار عريض)

(оьр. ширококлювая мухоловка) (мозийлоьцург 1)

чоме {chome} لذيذ ، ذو طعم

чопа (ю) -наш ю {chopa}[-нан, -нна, -но] رغوة ، زبد

сабанан чопа رغوة الصابون

чопа яккха يعمل رغوة

чопа яла يرغي

чопа йийла أزبد ، رغى

говрана чопа яьлла أزبد الحصان

чоргlе (ду) -наш ду {chorghe}[-нан, -нна, -но] 1- مزراب (لتصريف ماء المطر من على السقف) 2- قناة بالوعة في جانب الطريق . منهل (كلمة محلية)

чоргlе чухула عبر المزراب

чорда {chorda} (хийра, херойолу, чекхсагуш йолу) رقيق ، خفيف ، غير متماسك (للأقمشة)

чорда кlади قماش رقيق ، شاش

чорда маша جوخ خام (غير معالج)

чорда киса جيب مخرّق (ذو خروق)

чордалла (ю) {chordalla} خفّة ، رقة ، عدم التماسك (للأقمشة)

чорпа (ю) чорпеш ю {chorpa}[чорпин, чорпина, -но] حساء ، شوربة

жижиган чорпа حساء اللحم

хасстоьмийн чорпа حساء خضار

чорпано вагийначо хинна хlуп баьхна (مثل) الذي لسع لسانه مرة من حرارة الحساء صار ينفخ على الماء

чорхан тlулг (бу) {chorxan t'ulg} (оьр. точильный камень) حجر السنّ

чот (ю) чоьташ ю {chot}[чоьтан, чоьтана, чоьто] (оьр. бюджет ميزانية ، موازنة) . حساب

чот йоцуш لا يحصى ، كثير جداً

чот тоха (дагарда н) يحسب ، يعد

сайн чоьтах ас цlа дира بنيت بيتاً على حسابي

пачхьалкхан чоьтах على حساب الدولة

карара чот (оьр. текущий счёт) حساب جار

банкехь чот елла يفتح حساباً في البنك

чот дlакъовла يغلق الحساب

цlарах чот (оьр. лицевой счёт) حساب شخصي

тlедогlучу шеран чоьтах على حساب موازنة السنة القادمة

сан чоьтах على حسابي

чот йоха تتقلب الموازين ، يعجز . تتخربط الأمور

чот йохо يقلب الموازين ، يُخربط الأمور



чоргlе

* чот (йиш) йоьхна, ша хlун дийр ду ца хууш عاجزاً ، لا يدري ماذا يفعل

чохчам (ю) -аш ю {choxcham}[-ан, -на, -о] (оьр. хрящ) غضروف (تشريح)

чохь {choxh} في ، ضمن ، ب ، داخل ، في الداخل ، تأتي مع كثير من الأفعال لإعطائها معنى (في الداخل)

цlа чохь في البيت

lумар чохь вуй? ؟ هل عمر في البيت

хи чохь في الماء

некъо гола тухучохь عند منعطف الطريق

оьгlаз ваханчохь في لحظة غضب

чохь кхио зезагаш أزهار منزلية

чохь лело бедарш ملابس منزلية

* чохь воллу منغلق على نفسه

* чохь-тIехь мел ерг (من ممتلكات داخل بيته وملبس) كل ما يملك

чохьдалла {choxh dalla} يبقى في ، يظل في (فعل للمفرد)

чохьдалло {choxh dallo} يبقي في ، يحبس في (فعل للمفرд)

набахти чохьвалло يبقيه في السجن

чохьдахка {choxh daxka} يبقوا في ، يظلوا في (فعل للجمع)

чохьдахко {choxh daxko} يبقيهم في ، يحبسهم في (فعل للجمع)

говраш божли чохьяхко يبقي الخيل في الإسطبل

чохьдиса {choxh disa} يحبس في الداخل ، يستقرّ في

нel тle а къовлаелла чохь висна иза انغلق الباب وحبس في الداخل

хloъ белш чохь бисна استقرت الرصاصة في الكتف

чохьлазар (ду) {choxh lazar} مغص

чохьлазар кхета يصاب بالمغص

чохьlан {choxh jan} يبقى في الداخل

хlокху чохьlайла дац сан لا يمكنني البقاء هنا

чоюкъялар (ду) {cho yuqyalar} إمساك

чоь (ю) -наш ю {choe}[-нан, -нна, -но] جوف ، بطن ، حجرة ، موطن ، بلد

ши чоь йолу цlа بيت من حجرتين أو غرفتين

нохчийн чоь (нохчийн мохк) موطن (بلد) الشيشان

чоьжнаш (ду) {choezhnash} جمع لكلمة чож

чоьлазар (ду) {choelazar} مغصّ ، تلبّك المعدة (ألم في المعدة أو البطن)



чоьлпа

чоьлпа (ду) -наш ду {choelpa}[чоьлпин,чоьлпина,-но] (оьр. шумовка) مطفحة ، مغرفة

ен чуьра хьал чоьлпина дика хаьа (مثل) المطفحة أدرى بما في قعر القدر أو الذي يديه في النار أدرى بحرارتها

чоьнан ун (ду) {choenan un} (оьр. брюшной тиф) (чуьйрийн цамгар) مرض التيفويد

чоьтах {choetax} (чот) على حساب

чоьтка (ю) -наш ю {choetka}[-нан, -нна, -но] (оьр. щетка) فرشاة

бедарийн чоьтка فرشاة الملابس

цергийн чоьтка فرشاة الأسنان

чоьтка хьакха يمسح بالفرشاة



цергийн чоьтка

чоьхьара {choexhara} (чуьра) داخلي ، باطني

чоьхьара политика سياسة داخلية

чоьхьара махлелор (йохк-эцар) تجارة داخلية

чоьхьара раж (къепе) النظام الداخلي

чоьхьара маьlиг زاوية داخلية

чоьхьара хlорд بحر مغلق

чоьш (ду) {choesh} وبر جمع لكلمة чо

чу {chu} إلى داخل ، إلى الداخل ، في

туькан чу вахара со دخلت الدكان

тlулг хи чу кхосса! القِ الحجر في الماء

кхин церан чу гlур вац со لن أدخل بيتهم بعد الآن

чубуза {chubuza} (дIабуза) يغرب

малх чубуьзна غربت الشمس

чубузар (ду) {chubuzar} الغروب (مصدر)

малх чубузар غروب الشمسِ

чугlерта {chugherta} يحاول الدخول عنوة أو قسراً ، يتهجم على

чугlойла (ю) {chughoila} (оьр. вход) مدخل

коьрта чугlойла (оьр. главный вход) مدخل رئيسي

чуда (ю) -наш ю {chuda}[-нан, -нна, -но] فطيرة محشوة باللحم المفروم

(оьр. лепёшка с начинкой из мясного фарша)

чудаийта {chudaeeta} يجعله (يسمح له) بالدخول (فعل للمفرد)

чохьболчара со чуваийтира الذين في الداخل سمحوا لي بالدخول

чудала {chudala} ينزل في ، يدخل في (إلى) ، يتسرّب إلى (فعل للمفرد)


хи чу ма вала! لا تنزل في الماء

чудало {chudalo} يُدْخِل ، يُحضِر إلى الداخل

бераш чудало يُحضر الأولاد إلى الداخل

хьеший чубало يُدخل الضيوف

говр божли чуяло يدخل الحصان إلى الإسطبل



чуда

чудало дош {chudalo dosh} (оьр. вводное слово) كلمة معترضة (نحو)

чудало кхетам-дош {chudalo kxetam-dosh} (оьр. вводное предложение) جملة معترضة (نحو)

чудан 1 {chudan}[чудахьа, чудеара, чудеана] يُدخِل ، يجلب إلى الداخل (للأشياء)

арара гlанташ чудан деза يجب أن ندخل الكراسي التي في الخارج

чудан 2 {chudan}[чудогlу, чудеара, чудеъна] يحضر إلى الداخل ، يدخل ، يلج (فعل للمفرد)

чувола ! أدخل

чударжа {chudarzha} يندفع في عمل شيء ، يسترسل

чуваьржжина (чухьаьдда) باندفاع

чудаха {chudaxa}[чудоьду, чудахара, чудахна] يدخل ، يلج

церан чувахнарг мила вара? من الذي دخل بيتهم ؟

церан чу ма гlолахь! لا تدخل عندهم

lинах чувахара سقط في الهاوية

чудахийта {chudaxeeta} يُدخِل

чудахка {chudaxka} يضع في (فعل للجمع)

чудахьа {chudaxha}[чухьо, чудаьхьира, чудаьхьна] يأخذ إلى الداخل ، يُدخل (للأشياء)

хlара гlанташ чудахьа деза вай يجب أن ندخل هذه الكراسي إلى الداخل

чудерза {chuderza} يعرج على . يتحول إلى الداخل . يدخل البيت

шу чу хlунда ца доьрзу? ؟ لماذا لا تدخلون إلى البيت

шен доттагl волчу чуверза يعرج على صديقه

чудерзо {chuderzo} يحصد ، يرجعه إلى الداخل ، يُدخل، يثني إلى الداخل

ялташ чудерзо يحصد القمح

хи чудерзо يحول مجرى الماء إلى الداخل

чудерзор (ду) {chuderzor} حصاد (مصدر)

чудига {chudiga} يُدخل ، يأخذه إلى الداخل ، يقود أو يسوق إلى الداخل

чудилла {chudilla} يضع في (فعل للمفرد)

чудита {chudita} يسمح أو يأذن (بالدخول ، بدخول)

чудовла {chudawla} فعل للجمع مشتق من فعل чудала

чудожа {chudozha} يقع في ، يسقط في ، ينحسر ، ينخفض

тlулг хи чу боьжна سقط الحجر في الماء

хи чудоьжна انحسر النهر

чудожо {chudozho} يوقِع في ، يُسقِط في

чудолла {chudolla} يَسجُن ، يُسجَن ، يحبس ، يودعه السجن ، يضعه في ، يغمد (فعل للمفرد)

зуламхо чувоьллира цара سجنوا المجرم

тур баттана чудолла وضع السيف في الغمد

чудотта {chudotta} يسكب في ، يصب في

чайник чу хи дотта يسكب الماء في الإبريق

чудоххка {chudoxka} فعل للجمع مأخوذ من فعل чудолла

чу-кара даха {chu-kara daxa} يلتحم ببعض (عند القتال مثلاً)

чукаре (ю) {chukare} (тlекере عكس) معرفة عميقة ، شعور بالقرابة والأخوة

(хlусаме дla а воьдуш, хьошалла я гергарло лелор)

чукарчо {chukarcho} يدحرج داخلاً

чукхайкха {chukxaikxa} يدعو

нах ловзарга чукхайкха يدعو الناس إلى حفلة الزواج

чукхайкхар (ду) {chukxaikxar} دعوة (مصدر)

чукхалха {chukxalxa} يسكن في ، ينزل في

шун цlеношчу мила кхелхина? ؟ من سكن في بيتكم

чукхалхо {chukxalxo} يُسكِن في

чукхача {chukxacha} يصل إلى داخل

чукхета {chukxeta} يغور ، ينهار ، يسقط ، يشرق أو يشُع في

цуьнан беснеш чукхетта ю وجنتاه غائرتان

чукхетта бlаьргаш عيون غائرة

тхов чукхетта انهار السقف

малх корах чукхета تشرق الشمس إلى الداخل من خلال الشباك

чукхехьа {chukxexha} يجلب إلى الداخل ، يُدخل ، يستورد

чукхосса {chukxossa} يقذف إلى الداخل ، يقذف إلى الاسفل

чулаца {chulaca} يشتمل على ، يشمل ، يتضمن ، يضم ، يحوي ، يحتوي

чулоцуш متضمناً ، ضمن ، بما في ذلك

чулацам (бу) -аш бу {chulacam}[-ан, -на, -о] فهرس ، محتوى ، مضمون ، فحوى

жайнин чулацам فهرس الكتاب

хаза чулацам болу дийцар قصة ذات مضمون جميل

чулелха {chulelxa} يقفز في (إلى الداخل)، ينقض بشكل خاطف على (بشكل متكرر + فعل للجمع)

чуоза {chuoza} يسحب إلى الداخل ، يخفّض ، يستنشق ، يشرك في ، يورّط في

муш чуоза يسحب الحبل إلى الداخل

пешан милт чуоза يخفّض (ضوء) السراج

шийла мох чуоза يستنشق هواء بارداً

чупара {chupara} (кхартматтане) مجدور ، أرقط

чураш (ю) {churash} (оьр. папоротник, бецан цIе) نبات السرخس

чурт (ду) чарташ ду {churt}[-ан, -ана, -о] (кошан тIулг) شاهد القبر



чурт

чурт догIа ينصب شاهد القبر

чусадилла {chusadilla} يعقد آماله على

хьуна чу са а диллина Iаш вара со كنت عاقداً آمالي عليك

чусадолла {chusadolla} (дендан) يبعث فيه الروح أو الحياة

чусатта {chusatta} ينحني (ينثني) إلى الداخل ، يتقعّر

чусатто {chusatto} يحني (يثني) إلى الداخل ، يقعّر

чутардан {chutardan} يجعله يسع في ، يدبّر في

массо бедарш цхьаьна чанта чутаръян يدبر كل الملابس في حقيبة واحدة

чутардала {chutardala} يسع ل ، وسع في

ши истол цхьаьна чоь чу тарлур яц لن تسع حجرة واحدة طاولتين

чутаса {chutasa} يضع في ، يلقي في ، يهيل في ، يفرش في داخل ، يوصل ب أو في

чай чу шекар таса يضع السكر في الشاي

цIа чу куз таса يفرش السجادة في الغرفة

биргIа чутаса يوصل الماسورة ب

чутатта {chutatta} يدفع إلى الداخل

чутаттадала {chutattadala} يستطيع دفعه إلى الداخل ، يتدافع إلى الداخل

цхьана неларх чутаттаделира адам تدافع الناس من باب واحد



чутала {chutaja} يغور ، يتقعّر ، ينضغط إلى الداخل

чутаьIна беснеш خدود غائرة

чутаьIна меттиг منطقة غائرة

чутало {chutajo} يدس في ، يحشر في ، يضغط في

тIус шишанна чутало يدس السدادة في القارورة

чураш

чутело {chutejo} يدس في ، يحشر في (بشكل متكرر + فعل للجمع)

бедарш чантий чутело يدس الملابس في الحقيبة

чутоха {chutoxa} يَدُق في ، يُبطّن

хьостам пенах чутоха يدق مسماراً في الحائط

буьрка кех чутоха يضرب الكرة في المرمى

кIур чутухуш оза يُدخّن مع إرجاع الدخان إلى الداخل

чутта (ю) -наш ю {chutta}[-нан, -нна, -но] أقراص من دقيق الذرة محشوة بنبات القراص وألية الغنم

(оьр. лепёшки из кукурузной муки с начинкой крапивы и курдюка)

чутухург (ю) {chutuxurg} (оьр. подкладка) بطانة (ما يبطّن به الشيء)

чуха 1(ю) -наш ю {chuxa}[-нан, -нна, -но] سير قصير لربط الحيوانات

(оьр. короткий ремень для привязи животново)

чуха 2 (бу) чухий ду {chuxa} (цкъа а ларгаза Iахар бу) خروف لم يجزّ صوفه بعد

[чухин, чухина, чуханo]

чухаа {chuxaa} يجلس في ، يركب في (فعل للمفرد)

чухахка {chuxaxka} يهجم ، يقتحم ، يندفع إلى (شخص) معنّفاً

эскарша мостагIчунна чухаьхкира الجيوش اقتحمت صفوف العدو

чу ма ваггIара суна чухаьхкира цо اندفع إلي معنّفاً حال دخوله

чухила {chuxila} ينزاح إلى الداخل

чухило {chuxilo} يزيح إلى الداخل

чухоа {chuxoa} يَسَعُ

чухоам (бу) {chuxoam} (оьр. вместимость, ёмкость) السعة الداخلية ، سعة ، حجم سعته

чухта (ю) -наш ю {chuxta} (йоккхачу стеган коьртатуьллург) حلّة للرأس للنساء العجائز

[-нан, -нна, -но]

чухула {chuxula} عبر ، خلال



чухчари

нeI чIаьгIна ю чухула الباب مغلق من الداخل

хи чухула عبر الماء

чухула хьийза يدور أو يتسكّع في الداخل

чухула юху бедарш (хIуманаш) ملابس داخلية

чухуладаккха {chuxula dakkxa} يمرّر عبر أو خلال (فعل للمفرد)

чухулара {chuxulara} داخلي ، من الداخل

чухулара хеча السروال الداخلي

чухулара бедарш ملابس داخلية

чухуле (ю) {chuxule}[-нан, -нна, -но] السطح الداخلي ، الطبقة الداخلية

чухчари (ю) чухчареш ю {chuxchari}[-н, -на, -но, -га] (оьр. водопад) شلال

чухчахьер (ю) {chuxchaxher} (оьр. Малая Медведица) الدب الأصغر (فلك)

чухьада {chuxhada} يندفع إلى شخص أو شيء بشكل هجومي

суна чухьаьдира иза اندفع إلي مهاجماً

чухьаьдда хIуманаш оьцуш бара нах (بتهافت) كان الناس يشترون الأشياء باندفاع

чухьажа {chuxhazha} ينظر إلى داخل ، يلقي النظر داخلاً (فعل للمفرد)

чухьежа {chuxhezha} ينظر ملياً إلى الداخل ، يسترق النظر إلى الداخل (بشكل متكرر) (فعل للمفرد)

чухьийза {chuxheeza} يدور في الداخل ، يتردد أو يزور (بشكل متكرر)

* церан чу хIунда хьийза хьо? لماذا تتردد إلى بيتهم ؟

чухьийзо {chuxheezo} يجعله يجول أو يتردد إلى داخل (بشكل متكرر) يحركه بشكل لولبي إلى الداخِل ،

* и саннарг чухьийзо доккха хlума ду إنها لكبيرة أن تجعل شخصاً مثل هذا يجول في البيت

чухьовзо {chuxhawzo} لولب إلى الداخل ، يحركه بشكل لولبي أو دائري إلى الداخل

хирхьостам чухьовзо لولب البرغي إلى الداخل

чухlотта {chuhotta} يعرج على ، يزور زيارة خاطفة ، يقوم بالخدمة في (بيت ، دكان ، مزرعة)

доттarl волчу чухlотта يعرج على صديق

чухlотто {chuhotto} يضع في ، يَنصُب في ، يصفّ في ، يوظّف شخصاً ما للخدمة (بيت ، مزرعة)

чучакх (ю) -аш ю {chychakx}[-ан, -на, -о] مطرقة خاصة لنقر حجر الرحى

(оьр. молоточек для долбления мельничново камня)

чучал (ю) -ш ю {chychal}[-ан, -на, -о] حلقة معدنية لتثبيت فوهة البندقية على جذع البندقية

(тоьпан балл, хена тlе биргlа чlагlъен чlуг)

чучанча (ю) -ш ю {chuchancha} (оьр. чесуча) تيسور : قماش حريري

[чучанчин, чучанчина, чучанчо]

чуччa {chuchcha} بشكل متداخل ببعضه

* чуччa а дохуш дийца يتكلم بشكل منمق وجميل

чуччадаха {chuchcha daxa} يتداخل ببعض ، يتشابك

чуччадахийта {chuchcha daxeeta} يجعله يتداخل ببعض ، يجعله يتشابك

хьайн куьйгийн пlелгаш чуччадахийта ! شبك أصابع يديك

чуччамох (бу) {chuchcha mox} تيار هواء متداخل

чуэккха {chu ekkxa} يقفز في ، يعرج بشكل خاطف أو سريع إلى ، ينقضّ ، يدخل عنوة (فعل للمفرد)

хи чуэккха يقفز في الماء

цlа чу а иккхина вогlу со سأعرج بالبيت بسرعة وأعود

церан чу къу иккхина боху يقال أن لصاً انقض على منزلهم

чуэха {chu exa} يدخل أو يزور بشكل متكرر ، يتردد على ، يسيل في ، ينزّ في

чуlитта {chujitta} يغمس ، يغطّ ، يغطّس (بشكل متكرر)

чуlотта {chujotta} يغمس ، يغطّ ، يغطّس

пlелг хи чуlотта يغمس الإصبع في الماء

чуьйна (ду) {chiena}[-н, чуьйнна, чуьйно] 1- إسهال 2- حديد الزّهر



чуьйна кхета (чокачъяла) يصاب بالإسهال

чуьйна лало يصهر حديد الزّهر

чуьйнан экъа صاج من حديد الزهر

чуьйнан яй قدر مصنوع من حديد الزهر

чуьйраш (ю) {chierash} (оьр. кишечник) أمعاء ، أحشاء чуьппалгаш

чуьйрийн цамгар (ю) {chiereen camgar}(оьр. брюшной тиф) (чоьнан ун) تيفويد (مرض)

чуьппалг 1(ю) -аш ю {chueppalg}[-ан, -ана, -о] فشار : حب الذرة يشوى حتى يتفتق

чуьппалгаш яха يعمل فشاراً

чуьппалг 2 (ю) -аш ю {chueppalg}[-ан, -ана, -о] ورم أو انتفاخ في الرأس نتيجة ضربة

чуьппалг яла ينتفخ رأسه نتيجة ضربة

чуьра {chuera} داخلي ، من الداخل ، من داخل

чуьра неларш أبواب داخلية

пачхьалкхан чуьра гIуллакхаш الشؤون الداخلية للدولة

церан чуьра хьал وضعهم الداخلي ، وضع بيتهم

цIа чуьра من داخل البيت

чуьрадаккха {chuera dakkxa} يخلع ، يفك ، يُخرِج (فعل للمفرد)

чуьрадала {chuera dala} ينخلع ، ينفك . يثور ، يفقد أعصابه ، يخرج عن طوره (فعل للمفرد)



чуьрк

неIаран кIажа чуьрабаьлла انخلعت مفصلة الباب

беран хенан маьIиг чуьраяьлла انخلع مفصل الورك للطفل

белш чуьраялар خلع الكتف

чуьраваьлла луьйш вара иза كان يتكلم فاقداً أعصابه

чуьрадовла {chuera dawla} чуьрадала فعل للجمع مشتق من فعل

чуьрк (ю) -аш ю {chuerk}[-ан, -ана, -о] (оьр. комар) بعوضة

чуьрко къовзийна со لسعتني بعوضة

чуьхьа (ду) -наш ду {chuexha}[-нан, -нна, -но] (кIалдах, морзих кечбина берам) مصل الجبن

чуьхьа-берам السائل الذي يرشح عند تحضير الجبن



чхьаьвриг

чхар (бу) -аш ду {chxar}[-ан, -на, -о] (оьр. бут) دبش ، حجر

чхо (ю) -наш ю {chxo}[-нан, -нна, -но] مجرى ، مسيل

хин чхо (оьр. русло реки) مجرى النهر

чхьаьвриг (ю) -аш ю {chxha'wrig}[-ан, -на, -о] (оьр. таракан) صرصور

чхьовг (ю) -аш ю {chxhawg}[-ан, -ана, -о] شلجم (نوع نبات)


(оьр. сурепка) (аренан асаран буц)

чхьонкар (ю) -ш ю {chxhonkar}[-ан, -на, -о] (буьххьехь корта болу гIаж) هراوة

чхьор (ю) -аш ю {chxhor} (оьр. чёрный папоротник) من أنواع السرخس أو الخنشار (نبات)


чхьоч (ю) чхоьчнаш ю {chxhoch} أخرق ، ثقيل الحركة

[чхьоьчан, чхьоьчна, чхьоьчо] (каде я тIахъаьлла ца хилар) (партал 2)



чхьонкар

Чl (Ch')



Чlapa (Ch'ara)

чlаба (ю) -наш ю {ch'aba}[-ан, -нна, -но] (клажар) ضفيرة ، جديلة

кхаагонан чlаба جديلة من ثلاث خصل

чlагарш (ю) {ch'agarsh}[чlагарийн, -на, -а, -ка] حلق ، حلقات

чlагарш лело تلبس الحلق

чlагlа {ch'agha}[чlогly, чlегlира, чlаьгlна] يطبق



нel чlагlа يطبق الباب

чlагlам (бу) -аш бу {ch'agham}[-ан, -на, -о] (оьр. договор) اتفاقية ، معاهدة

чlагlам бан يعقد اتفاقية أو صلح

чlагlам бохо يخرق أو ينكث الاتفاقية

машаран чlагlам معاهدة الصلح

чlагlар (ду) {ch'aghar} إطباق (مصدر) чlагарш

чlагlдала {ch'aghdala} يتقوى ، يتحصن ، يشتد ، يتوطّد ، يتمكّن ، يتفاقم ، يستفحل

мох чlагlбелира اشتدت الرياح

цуьнан цамгар чlагlъелла تفاقم مرضه

чlагlдалар (ду) {ch'aghdalar} تَحصُّن ، توطُّد ، تفاقم ، استفحال (مصدر)

чlагlдан {ch'aghdan} يقوّي ، يعزّز ، يؤكّد ، يثبّت ، يمكّن ، يحصّن ، يَشُد ، يُحكِم ، يرسّخ ، يوثّق

керт къийлоршца чlагlъян يثبت السياج بالدعامات



низам чIагIдан يقوي النظام

бухка чlагlбан يشد حزام السرج

кхел чlагlъян يثبت الحكم

чlагlо 2

чlагlдар {ch'aghdar} تقوية ، تحصين ، تعزيز ، تأكيد ، توثيق ، تثبيت ، تمكين ، إحكام (مصدر)

чlагlдарш تأكيدات ، إثباتات

чlагlдаран хьаьрк (ду) {ch'aghdaran xha'rk} حركة تشديد (نحو)

чlагlо 1(ю) -наш ю {ch'agho}[-нан, -нна, -но] قسم ، عهد

чlагlо ян يقسم ، يعاهد

чlагlо 2 (ю) -наш ю {ch'agho} متراس ، استحكام

чlагlонна тlехьа lохку эскархой الجنود وراء الاستحكام

чlа̲гlо̲ 3 (ю) -наш ю {ch'a̲gho̲}[-нан, -нна, -но̲] (оьр. оплот) حصن

чlаж (ду) -аш ду {ch'azh}[-ан, -ана, -о̲] (готта lин) مضيق (يكون بين جبلين)

чlа̲ма (ю) -наш ю {ch'a̲ma} (чlа̲мара) حيوان ذو بقعة

чlа̲мара {ch'a̲mara} ذو بقعة بيضاء على الجبين

(хьаьжа тlехь кlайн таммагlа дерг)



чlамара говр حصان ذو بقعة بيضاء على جبينه

чlамара

чlам-чlим дан {ch'am-ch'im dan}(балдаш детта) يمطّق شفتيه (يصدر صوتاً) عند مضغ الطعام مثلاً

чlа̲на (ю) {ch'a̲na} (кхача, рицкъа, ялта) طعام ، رزق ، حبوب

чlа̲на даккха {ch'a̲na dakkha} (оьр. разорить) يفلس ، يجرده من كل ما لديه

чlа̲на даха {ch'a̲na daxa} يسافر لشراء المؤونة من مناطق السهول عند نقصها في الجبال

(оьр. отправиться в путь за продовольствием – горцы ежегодно ездили в плоскостную Чечню за хлебом, так как своего хлеба в горах не хватало)

чlа̲нахо̲ (ву) чlанахой бу {ch'a̲naxo̲}[-чун, -чунна, -чо] المسافر لشراء المؤونة

чlанг (ю) -аш ю {ch'ang} (оьр. подбородок) (чlенниг 1) ذقن

чlа̲но̲ (ю) -наш ю {ch'a̲no̲}[-нан, -нна, -но̲] محاصيل الحبوب ونحوه التي تورّد من السهول إلى الجبال

(шерачу аренашкара лаьмнашка дlакхоьхьу ялта я кхийолу сурсаташ)

чlа̲па {ch'a̲pa} (шера, нийса) منبسط ، مسطّح

чlапа ког قدم مبسطة

чlа̲паршне̲хьа {ch'a̲parshne̲xha} (лач) مفلطح ، منبسط ، بالورب

тур чlапаршнехьа (лач) тоха يضرب بالسيف بجنبه المفلطح

чlапдала {ch'apdala} (веддала) يتسطّح ، يتفلطح

чlапдан {ch'apdan} (оьр. плющить) (веддан) (чlапа дан) يفلطح ، يسطّح ، يجعله مسطّحاً

чlаплам (бу) {ch'aplam} (оьр. плоскогорье) (шера, нийса тlехуле йолу лам) هضبة

чlапморзах (бу) {ch'apmorzax} (оьр. плоскогубцы) زرادية

чlа̲ра (бу) чlе̲рий ду {ch'a̲ra}[чlе̲ран, чlе̲рана, чlе̲ро̲] سمكة

чlеран lов بيض السمك

чlеран даьтта زيت السمك

чlара лаца يصيد سمكة

чlеро муьрг етта السمكة تشد (تعض) الصنارة

коьртера бахкало чlара (مثل) تفسد السمكة من رأسها

чlерана нека ца lамадо (مثل) السمكة ليست بحاجة لأن تعلمها العوم



чlапморзах

чlарбал (бу) -ш бу {ch'arbal} حزام يستخدم لرفع ثقل ما على الظهر

(букъа тlе беза мохь дlабоьхку муш, я чуха, я аса ю)

чlарх-аьлла {ch'arx-a'lla} (гlарчl-аьлла) يُعتمدُّ عليه ، متين ، شديد للغاية

чlачкъа {ch'achqa}[чlечкъа, чlечкъира, чlечкъина] يتجهّم ، يعبس

чlачкъо̲ {ch'achqo̲}[чlачкъадо, чlачкъийра, чlачкъийна] عبّس ، قطّب (وجهه)

чlаьнкъа (ву,ю) -наш бу {ch'a'nqa} (оьр. метис) مهجّن ، هجين

(тайп-тайпанчу къаьмний̲н адамех дуьнен чу ваьлла стаг я зуда)

чIаьIа (ду) {ch'a'ja} مشروب مسكر وحامض جداً يصنع بطريقة بدائية من بعض المحاصيل مثل العنب أو من بعض الثمار أو الحبوب مثل الذرة

(оьр. хмельной напиток, изготовляемый кустарным сбособом из хлеба)

* чIаьIа санна муьста حامض جداً

чIебарло (ву,ю) {ch'ebarlo} أحد أفراد قبيلة تعيش جنوب شرق بلاد الشيشان ولهم لهجة خاصة بهم

чIевна (ю) -ш ю {ch'ewna} (оьр. щегол) طائر الحسّون

чIегIаг 1(ду) -аш ду {ch'eghag} عقعق : طائر من الفصيلة الغرابية ، وهو صخاب له ذنب طويل ومنقار طويل

(оьр. сорока) (суьйлакъийг, къорза къийг)

чIегIаг 2 (ю) -аш ю {ch'eghag} (хьаьжкIан гIад) جذع نبات الذرة منظّف من الأوراق

чIегIаг 3 (ю) -аш ю {ch'eghag} (чорхан гуй, толла) (оьр. челнок) مكوك ، وشيعة (في آلة الخياطة)

чIегIардиг (ду) -аш ду {ch'eghardig}[-ан, -на, -о] (оьр. ласточка) طائر السنونو

* чIегIардиг санна мотт бийца (كما يغرد طائر السنونو يتحدث بطلاقة



чIегIардигкIа (ду) {ch'eghardig k'a}(оьр. ландыш) سوسن الوادي أو الغابة

чIежаш (ю) {ch'ezhash} чIаж جمع لكلمة فجّة ، مضايق جمع لكلمة

чIениг 1(ю) -аш ю {ch'enig} (оьр. подбородок) (чIанг) ذقن

чIениг 2 (ю) -аш ю {ch'enig} (оьр. рочка – бот.) برعم خضري

чIениг хеца (زراعة) يطلق برعم خضري чIегIардиг

чIепалг (ду) -аш ду {ch'epalg}[-ан, -ана, -о] 1- أقراص من دقيق القمح محشوة بخثارة اللبن أو البطاطس المهروسة وتقلى بالسمن 2- خبز مشروح (كلمة محلية)

шурин чIепалгаш زلاّبية : عجينة خاصة من الطحين والحليب والبيض يشوى في مقلاة خاصة في شكل رقائق وتعمل منه لفائف محشوة بالقشطة والعسل

чIерг (бу) -аш ду {ch'erg} عارضة توضع بشكل عرضي على السقف وتشكل الدعامة الأساسية له

(тхов тIехь пурх диллина дукъо ду)



чIерий (ду) {ch'eree}[-н, чIерашна, чIераша, чIерашка] чIара أسماك جمع

чIерий лецар صيد الأسماك

чIерийдохург (ю) {ch'ereedoxurg}(оьр. аист) اللقلق : طائر كبير

чIерий кхабар {ch'eree kxabar} تربية الأسماك

чIерийлецархо (ву,ю) {ch'ereelecarxo}(чIерий лоьцу стаг) صياد سمك

чIерийлоьцург (ю) {ch'ereeloecurg} مالك الحزين (طائر مائي) чIерийлоьцург

(дуткъий, дехий когаш а, еха зIок а, деха лаг а долуш, чIерий лоьцу олхазар) (оьр. цапля)

чIечкъа {ch'echqa}[чIечкъа, чIичкъира, чIичкъина] يتجهّم ، يعبس

чIечкъо {ch'echqo}[чIечкъадо, чIечкъийра, чIечкъийна] عبّس ، قطّب (وجهه)

чIеш (ду) чIийш ду {ch'esh} نثار الخشب ، شظايا الخشب

чIийш даха شظّى ، شقّق

чIешалг (ю) -аш ю {ch'eshalg}[-ан, -ана, -о] شظايا خشب صغيرة

чIеIа 1(ду) -аш ду {ch'eja} (дукха велхарг) بكّاء

чIеIа 2 {ch'eja}[чIеIа, чIийIира, чIеIна] (соьцуш велха, цIийза) ينشج (يبكي بشكل متقطع)

бер чIеIа ينشج الطفل

чlелийта {ch'ejeeta}[чlоьуьйту, чlелийтира, чlелийтина] يجعله ينشج أو يبكي بشكل متقطع

чlиж (ду) -аш ду {ch'izh} تعويذة ، تميمة (كان تعلق في العنق لتقي صاحبها من الشرور والأمراض)
(цамгарна дуьхьал кочахь лело хlума) (оьр. амулет)

чlижаргlа (ю) -ш ю {ch'izhargha} بيلسان (شجيرة) . طويل القامة (مجازاً)
(оьр. бузина)



чlерийдохург


чlийla {ch'eeja} (чlela 2) ينشج (يبكي بشكل متقطع)

чlикъ баккха {ch'iq bakkxa} يصأصئ

цхьа чlикъ боккхур бац ахь إياك أن تتفوه بكلمة واحدة

чIикъ ала ца вахьа لا يجرؤ أن ينبس ولو بكلمة

чlим (бу) -аш бу {ch'im} (нехца) نبات بري يؤكل ساقه
(оьр. купырь лесной)



чlинг

чlинг (ю) -аш ю {ch'ing} (оьр. плотина) (сунт) سد ، حاجز ماء

чlинт (ю) -аш ю {ch'int} (оьр. кран) (хи арахоьцург) صنبور ، حنفية

чlинт дlакъовла يغلق الحنفية

чlинчlире {ch'inch'ire} (оьр. щепетильный)(чlиркъе) كثير الشكوك ، موسوس

чlир (ю) -аш ю {ch'ir}[-ан, -ана, -о] (оьр. кровная месть) (пхьа 1) ثأر الدم ، ثأر

чlир эца / екха يثأر

шен вешин чIир эца يثأر لأخيه

чlир лело يسعى إلى الثأر

* чlир кхаба يحد على الميت

шен веллачу ден чlир кхобуш ву иза هو حادّ على أبيه المتوفى

* чIир йита يترك المطالبة بدم القتيل أو المطالبة بالثأر

чlиран мостагlалла عداوة ثأر الدم



чlевна

чlиркъе {ch'irqe} (чlинчlире) كثير الشكوك ، موسوس

чlирхо (ву) чlирхой бу {ch'irxo} الذي يأخذ بالثأر ، المطالبُ بالثأر

чlиччlарш (ю) {ch'ichh'arsh} تَصعُّر ، تَصعير

юьхь (чlиччlаршка) чlиччlашка яхийта يُجعِّد وجهه

чlишталг (ю) -аш ю {ch'ishtalg} (оьр. щека) (бесни) وجنة

чlишталган даьlахк {ch'ishtalgan da'jaxk} (ю) (оьр. скуловая кость) العظم الوجني

чlоб (ду) чlоьбаш ду {ch'ob} الواق : طائر من فصيلة مالك الحزين
(оьр. выпь)(уьшалан олхазар ду)

чlогlа {ch'ogha} (онда) قوي ، شديد ، صلب ، منيع ، متين . مدوي ، عال ، للغاية ، جداً بقوة ، بشدة ، بصلابة ، بشكل متين

чlогlа латта أرض صلبة

чlогlа мох ريح شديدة (عاصفة)

чlогlа реза ву со أنا راض للغاية

чlогlа lа деана вайна حل علينا شتاء قارص

чlогlа тоха يضرب بقوة

радио чlогlа ю, гlелъе! المذياع صوته عال ، أخفضه



чlоб

чIогIа вистхила يتكلم بصوت عال

чlогlа хьаьрк (ду) {ch'ogha xha'rk} حرف الشدة (ъ)

чlогlалла (ю) {ch'oghalla} (ондалла) قوة ، شدة ، صلابة ، متانة

чlогlалле хьаьжжина حسب القوة

чlогlаллехь и ву чlогlа من ناحية القوة هو أقوى

чlода (ду) -анаш ду {ch'oda} (уьстагlий лоргу тукар) مقص لجزّ صوف الأغنام

чlож {ch'ozh} (чlаж) فجّة ، مضيق (يكون بين جبلين)

чlожхьовзо {ch'ozhxhawzo} (кан баккха) يسنبل (يخرج سنابل)

чlондаргlа (ду) {ch'ondargha} (lад 1) سيخ حديد على شكل قوس يستعمل لضرب الصوف لندفه

чlорах {ch'orax} (олхазаран цIе) خطّاف (طائر)

чlораш (ду) {ch'orash} чlу جمع لكلمة قضبان

чlоь (бу) -наш ду {ch'oe}(ялта чудухку до) صندوق يوضع فيه الحبوب



чlуг

чlоь-цIа بيت المؤن

чlоьндарг (бу) -аш ду {ch'oendarg} نوع آلة موسيقية قوسية

(оьр. чунгур)

чlу (бу) чlораш ду {ch'u} قضيب ، صنارة الحياكة ، مِدك أو قضيب تنظيف السلاح

чlуг (ю) чlагарш ю {ch'ug} قرط (أقراط) ، حلقة ، كلاّب أو مشبك الباب



лергах чlуг йолла تضع قرط في أذنها

лергех чlагарш йоххка تضع أقراط في أذنيها

нeларна чlуг йолла يغلق الباب بالمشبك



чlуг

чlу даьlахк (ю) {ch'u da'jaxk} عظم الزند (عظم الجزء الداخلي للزند)

(оьр. лучевая кость)

чlулдан {ch'uldan} (оьр. очищать зерно от шелухи) يقشّر الحبوب

хьаьаш чlулъян ينزع أوراق عرنوس الذرة

чlуноста (ю) {ch'unosta} عظم الشظية أو القصبة الصغرى : تقع في الجهة الوحشية أو الخارجية للساق

(оьр. малая берцовая кость) (буткъа чlу)



чlу-пхьарс {ch'u-pxhars} عظم الكُعبُرة : أحد عظمي الساعد الأقرب إلى الإبهام

(оьр. локтевая кость)

чlурам (бу) -аш ду {ch'uram} (оьр. шина) (зоьпар 1) جبيرة

чlурам (зоьпар) тоха يجبّر

чlурам-чиркх {ch'uram-chirkx}(оьр. свеча) (хьакхар-чиркх) شمعة

чlурам

чlурам-цамгар (ю) {ch'uram-camgar} (хитlехао цамгар) مرض الزهري (سفلس)

(оьр. сифилис)

чlуьжарг (ю) -аш ю {ch'uezharg} كوز أو إبريق فخاري بدون صنبور

(цIузам доцуш, кхийра я сацкъаран гlумгlа ю)

чlуьнжара хаа {ch'uenzhara xaa} يجلس القرفصاء

Ш (Sh)



Шун (Shun)

ша 1(бу) {sha}[шен, -на, -но] جليد ، قطعة ثلج

ша бан (ша хила) يتجمد

хина ша бина تجمد النهر

ша санна шийла (مثل الجليد) بارد جداً

ша тlехь шерша يتزحلق على الجليد

шен зама (оьр. ледниковыый период) العصر الجليدي

* ша санна шера хаа يعرف تماماً

* шал шера (زلق أكثر من الجليد نفسه) زلق جداً

* шал шийла (أبرد من الجليد نفسه) بارد جداً

ша 2 (ю) {sha} [шен, шена, шено] (нанапlелган, цlазапlелган юкъаметтиг) شبر (مقياس طولي)

цхьа ша хиллал еха гlаж عصا طولها شبر

ша {sha} نفسه ، نفسها ، ذاته ، بذاته ، وحده ، لوحده ، لوحدها (للمفرد)

со ша ву цlахь أنا وحدي في البيت

со ша веана حضرت وحدي

иза ша вехаш ву هو يعيش وحيداً

цо ша элира иза هو نفسه قال ذلك

иза ша-шех тера ву هو يشبه نفسه

иза ша ду هذا أمر آخر

воьхна ша хlун леладо ца хаьара цунна ارتبك فلم يع ما يفعله

ша-шах еллаелира нel فُتِح الباب تلقائياً

ша-шах дагар احتراق ذات

ша-шах лела сахьт ساعة أتوماتيكية

ша-шен везар حب الذات

ша-шен вен ينتحر

ша-шен вер انتحار

ша-шен вовза (ذاته) يعرف نفسه

суна со-сайн вевза (ذاتي) أنا أعرف نفسي

ша-шен ирхъолла يشنق نفسه

ша-шен хесто يمدح نفسه


ша-шена тапча тоьхна велла иза انتحر بالمسدس

ша-шена тalзар дан يعاقب نفسه

ша-шена lамо يعلّم نفسه

ша-шен lехо يخدع نفسه

* ша бен хIун ду бохуш معجب بنفسه ، مغرور



шад 1

ша вовзийта {sha wawzeeta} يعرّف بنفسه

ша даккха {sha dakkxa} يفرد ، يفصل عن (فعل للمفرد)

ша дала {sha dala} ينفرد ، ينفصل عن ، يختلي بنفسه (فعل للمفرد)

иза ша а волий, ойланаш йора كان يختلي بنفسه ويتأمل

